Daftar Isi

WULANGAN 1 :
NGUDI LESTARINING ALAM

Kompetensi Dasar dan Indikator

3.1 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis teks nonsastra (berita, artikel, laporan, dan lainnya) secara lisan dan tulis.
- 3.1.1 Menjelaskan struktur artikel.
- 3.1.2 Menjelaskan jenis artikel.
- 3.1.3 Menganalisis isi artikel.

4.1 Menginterpretasi, menanggapi dan mengekspresikan isi teks nonsastra secara lisan dan tulis.
- 4.1.1 Membaca ekspresif teks artikel.
- 4.1.2 Meringkas artikel
- 4.1.3 Menanggapi isi artikel.
- 4.1.4 Menulis artikel sederhana

Pasinaon iki ngrembug teks artikel. Ancase supaya para siswa bisa tambah kawruhe ing babagan lingkungan alam, trampil, kreatif lan bisa gawe sawijine artikel babagan lingkungan.

Mbabar Wawasan :

Bab Lingkungan Alam

Panjebluge Gunung Kelud

Racikane : Suwito Gondo Wardoyo-Kebumen

1. *Tahun Alib Bakda Mulud wulanipun,*
   Windu Sengara tinulis,
   Mbeneri mangsa kawolu,
   Jemuwah Wage kang ari,
   Tanggal rolas wus kelakon.

2. *Tabuh sewlas kaleres wanci dalu,*
   Jroning sasi Pebruari,
   Tanggal telulas puniku,
   Rong ewu patbelas warsi,
   Geger gunung Kelud mbledhos.
3. *Bingat-bingut pangamuke gunung Kelud,*
   Pindha gabah den interi,
   Padha bingung tanpa dunung,
   Polahe kawula cilik,
   Nandhang sedhih jroning batos.
4. *Sigra cancut tumandang paring pitulung,*
   Pangarsane praja sami,
   Mapanaken rakyatipun,
   Amrih rahayu basuki,
   Ninggal desane kang kothong.
5. *Wektu enjing udan awu mabul-mabul,*
   Sumebar ing ngendi-endi,
   Agawe susahing kalbu,
   Kekes giris sarwi nangis,
   Mung slamet kang den upados.
6. *Pra nayaka punggawa samya gumregut,*
   Ngopeni kawula alit,
   Darapon bisa rahayu,
   Lanang wadon padha ngungsi,
   Golek papan luwih adoh.
7. *Ngedohi papan dununge Gunung Kelud,*
   Kang mutahken watu krikil,
   Kilat kumlap mumbul dhuwur,
   Damel giris jroning ati,
   Madhangi jagad cumlorot.
8. *Wedi miris ningali urubing gunung,*
   Mangangah awujud geni,
   Pindha neraka andulu,
   Sasat arsa nglebur bumi,
   Lir kiyamat wus dumados.
9. *Tanpa kendhat dumadining kang dahuru,*
   Ana lindhu tuwin banjir,
   Lumaku ing saben taun,
   Angin gedhe nora keri,
   Wana gundhul tanah longsor.

Panjebar Semangat 11/15 Maret 2014 kaca 35

Sawise nyemak tembang mau, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1) Kapan Gunung Kelud njeblug?
2) Kapitunan apa wae kang dirasakake nalika Gunung Kelud njeblug?
3) Apa kang ditindakake pamarintah nalika Gunung Kelud njeblug?
4) Gunung Kelud iku manggon ing tlatah kabupaten endi?
5) Kajaba Gunung Kelud apa wae kang kok weruhi saka kabupaten kasebut?
6) *"Wedi miris ningali urubing gunung"*. Terangna tegese gatra kasebut ?
7) Kajaba gunung njeblug, bencana alam apa wae kang dumadi ing Indonesia?
8) Apa kang koktindakake, yen sing nandhang bencana alam iku awakmu?
9) Yen ana bencana alam ing sakupengmu, apa kang koktindakake?
10) Kepriye pangrasamu yen ndeleng para kurban bencana alam?

Gumelare jagad raya saisine cinipta dening Gusti Kang Akarya Jagad kanggo manungsa supaya dijaga kanthi becik. Manungsa ora oleh ngrusak alam saisine kang cinipta dening Gusti Allah, kayata negori wit-witan sakarepe dhewe kang bisa nyebabake ora imbange lingkungan. Ing alam donya, manungsa urip bebarengan karo makhuk liyane yaiku kewan, wit-witan, lan barang-barang liyane kaya langit, watu lan banyu. Jagad gumelar iki minangka srana kanggo golek kawruh. Ing pasinaon iki bakal disinaoni babagan artikel ngenani lingkungan alam.

Kanggo mbukak wawasanmu ngenani ngudi lestarine alam, bisa kokwangsuli pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi migunakake basa kang trep!

1) Kepriye kahanan lingkungan ing omahmu?
2) Jlentrehna apa wae kapitunan kang disebabake dening rusake alam!
3) Bencana apa wae kang disebabake saka kedadeyan alam?
4) Bencana banjir bisa njalari kapitunan apa?
5) Manut panemumu, apa sing bisa ditindakake kanggo nyegah banjir?

Pasinaon 1.
Modhel Teks Pinilih : Nyinau Teks Artikel

Kegiatan kapisan, para siswa diwenehi kalodhangan nyinaoni babagan artikel. Kanggo sarana sinau para siswa bakal kaajak mbedhah teks artikel kanthi irah-irahan "*Rusake Lingkungan Hidup"*

Garapan 1 : Nyemak Teks Artikel Bab Lingkungan Hidup

Semaken kanthi premati, teks artikel kang diwaca dening kancamu!

Rusake Lingkungan Hidup

Rusake lingkungan mujudake *deteorisasi lingkungan* kawistara saka ilange sumberdaya bumi, banyu, hawa/udara, curese kewan lan rusake *ekosistem*. Rusake lingkungan bisa mujudake salah sijine bebaya tumrap uriping manungsa. Bab iku wis nate dielingake dening *"High Level Threat Panel PBB".* Rusake lingkungan amarga saka maneka warna sebab, sing paling gedhe pangaribawane yaiku krana pokal gawene manungsa.



Lingkungan alam sing rusak bakal nduweni *efek* tumrap uripe manungsa lan nduweni *potensi* bakal kelakon anane bencana ing tembene. Rusake alam bisa disebabake dening *faktor* alam lan uga manungsa. Manungsa saya srakah lan ora *nggatekne* lingkungan. Kamangka menawa kita bisa njaga lingkungan, mesthi ora bakal gawe kapitunan tumrap awake dhewe lan *generasi* sabanjure. Kosok baline, yen kita bisa njaga, agawe kestarine alam, kaendahan lan mumpangate bisa kanggo anak putu.

Lingkungan alam kalebu lemah, banyu, alas, lan hawa perlu dijaga supaya sumberdaya alam tetep lestari lan ngasilake paedah kang *maksimal* kanggo karaharjane manungsa. Lingkungan kalebu lingkungan *biotik* lan *abiotik*. Yen lingkungan rusak, bab iki bisa anjalari *ekosistem* darat, segara lan kabeh makhluk kang ana ing jagad iki rusak uga. Alam sing rusak nyebabake panguripane bakal ngalami owah-owahan. Kewan-kewan bakal pindhah panggonan golek papan sing bisa nyukupi kabutuhane.

Karusakan alam sing paling gedhe disebabake dening manungsa katimbang *faktor* alam kang dumadine ora saben dina. Owahe iklim global ndadekake negara-negara maju nduweni kawigaten gedhe tumrap rusake Alam. Manawa iklim global owah, bab iki nyebabake munggahe suhu amarga akumulasi gas emisi ing atmosfer utawa uga bisa kaistilahake Global warming (pemanasan global). Indonesia minangka negara berkembang uga ngalami rusake alam kang nduweni dampak negatif tumrap karaharjane panguripan. Karusakan lingkungan amarga pokale manungsa nyebabake pageblug/penyakit, bencana lan kapitunan tumrap manungsa dhewe.



Rusake Lingkungan Saka Rubedaning Alam

Akeh dhahuru kang anjalari rusake lingkungan hidup, salah sijine amarga gunung njeblug. Gunung njeblug mujudake salah sawijine aktivitas vulkanisme lan dumadine gejala alam. Kahanan iki ora ana sing bisa nyegah panjebluge gunung mau. Akibat mbledhose/njebluge gunung bakal ngrusak lingkungan amarga gunung muntahake sawernane material padhet sing nibane sawah, omah, alas lan apa wae sing ana sakupenge. Saliyane iku lindhu lan *siklon* uga kalebu bencana alam sing ngrusak lingkungan.

Rusake Lingkungan Amarga Pokale Manungsa

Manungsa nduweni akal budi kanggo nyukupi kabutuhane. Nanging, sifat manungsa kang murka (srakah) njalari tumindake dhemen ngeksploitasi alam kanggo nggolek kauntungan tanpa winates, tanpa migatekake efek liyane. Maneka warna tuladha rusake alam amarga pokale manungsa yaiku banjir, longsor, *illegal loging*, alas gundhul, *penambangan liar*, *pencemaran udara*, *pencemaran air*, lan sapunanggalane. Yen manungsa isih tumindak kaya mangkono terus-terusan, mesti wae alam ora bakal bisa awet lan kapitunan bakal dirasakake manungsa dhewe.

Bausastra

1.	curese	= entek/ilange
2.	karaharjane	= keslametan, kebegjane
3.	dhahuru	= bencana, pageblug
4.	gunung njeblug	= gunung mbledhos
5.	illegal logging	= mbabat alas sembarangan
6.	kapitunan	= rugi


Sumber http://www.konsultankolesterol.com/kerusakan-lingkungan-hidup.html

Ing garapan 1 iki ana pitakon-pitakon kang gegayutan karo wacan. Pitakon iki wigati banget kanggo nyumurupi isine wacan " Rusake Lingkungan Hidup". Artikel kang kokwaca mau ana perangan-perangane yaiku pangiring (*pengantar*), isine masalah, dudutan. Peramhan-perarangan mau diarani perangan strukturing artikel. Kanggo njajagi kawruhmu ngenani wacan mau, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1) Apa kang bakal dumadi menawa lingkungan rusak?
2) Kepriye akibate manawa lingkungan kita rusak?
3) Apa mupangate yen alam dijaga kanthi becik?
4) Terangna apa wae kang njalari rusake lingkungan!
5) Geneya negara-negara maju nduweni kawigaten gedhe tumrap owahe iklim global?
6) Apa kang koktindakake nalika meruhi rusake lingkungan?

Garapan 2 : Medhar Strukture Artikel

Kaya kang diandharake mau, sawijine artikel nduweni struktur tartamtu. Ayo diudhal miturut strukture, teks artikel kanthi irah-irahan "Rusake Lingkungan Hidup" mau !
Wedharan bab artikel kasebut, maujud saka struktur panulisan artikel ngisor iki:



Bagan 1.1 struktur artikel

Cathetan :
Struktur teks artikel mujudake gegambaran kepriye artikel kasebut diwangun. Bisa kokjingglengi sawijine artikel kasusun kanthi struktur :
pambuka, isi, lan dudutan. Panulise artikel kudu migatekake isine gagasan utawa ide ilmiahe. Gagasan ilmiah iku bisa disumurupi saka *substansi* gagasane lan alur ilmiah ing artikel kasebut.

1. Sawise nyemak artikel "Rusake Lingkungan Hidup", aranana jinise teks arikel mau!
2. Udhalen perangan-perangane artikel!
3. Tulisen gagasan pokok sing koktemokake ing tabel ngisor iki!

Struktur Teks	Gagasan Pokok
Pambuka	
Isi	
Dudutan	

4. Kanggo mangerteni isine artikel, kudu dipahami isi paragraf, gatekna perangane artikel ing dhuwur! Banjur jinglengana tulisan kang kacithak miring minangka fakta.

Struktur Teks	Ukara
Pangiring/Pambuka	1. *Rusake lingkungan mujudake deteorisasi lingkungan kang ditandhani kanthi ilange sumberdaya bumi, banyu, hawa/udara, curese kewan lan rusake ekosistem.* Rusake lingkungan bisa mujudake salah sijine bebaya tumrap uriping manungsa. Bab iku wis nate dielingake dening *"High Level Threat Panel PBB".* Rusake lingkungan amarga saka maneka warna sebab,

Struktur Teks	Ukara
	sing paling gedhe pangaribawane yaiku krana pokal gawene manungsa.
Isi	1. *Lingkungan alam sing rusak bakal nduweni efek tumrap uriping manungsa lan anduweni potensi bakal dumadi bencana ing tembene.* Rusake alam bisa disebabake dening faktor alam lan uga manungsa. Manungsa saya serakah lan ora peduli karo lingkungan. Kamangka menawa kita bisa njaga lingkungan ora bakal gawe kapitunan tumrap awake dhewe lan generasi sabanjure. Suwalike yen kita bisa njaga, kaendahan lan mumpangate bisa kanggo anak putu. 2. *Lingkungan alam kalebu lemah, banyu, alas lan hawa perlu dijaga supaya sumberdaya alam tetep lestari lan ngasilake paedah kang maksimal kanggo karaharjane manungsa.* lingkungan kalebu lingkungan biotik lan abiotik. Yen lingkungan rusak, bab iki bisa anjalari ekosistem darat, segara lan kabeh makhluk kang ana ing jagad iki. Alam sing rusak nyebabake panguripane bakal ngalami owah-owahan. Kewan-kewan bakal pindah panggonan golek papan sing bisa nyukupi kabutuhane.
Dudutan	*Karusakan alam sing paling gedhe disebabake dening manungsa katimbang faktor alam kang dumadine ora saben dina.* Owahe iklim global dadekake Negara-negara maju duweni kawigaten gedhe tumrap rusake Alam. Manawa iklim global owah, bab iki nyebabake munggahe suhu amarga akumulasi gas emisi ing atmosfer utawa uga bisa kaistilahake Global warming (pemanasan global). Indonesia minangka negara berkembang uga ngalami rusake alam kang duweni dampak negatif tumrap karaharjane panguripan. Karusakan lingkungan amarga pokale manungsa nyebabake pageblug/penyakit, bencana lan kapitunan tumrap manungsa dhewe.

Garapan 3 : Niteni Jinise Artikel

Kanggo njembarke wawasanmu ngenani artikel kaya kang wis mboksinau mau, goleka lan kumpulna tuladha-tuladha artikel liyane. Banjur pilah-pilahen wujude artikel mau miturut jinise.

Miturut teorine, wewatakan lan pamangune sawijine artikel bisa njalari jinise artikel bisa kaperang dadi :

1. **Artikel Ekploratif**
   Artikel eksploratif yaiku artikel sing ngandharake kanyatan-kanyatan miturut panalare panulis. Jinis iki pas banget kanggo ngandharake temon-temon anyar. Tuladhane ana sawijine pawongan nemokake barang-barang antik.
2. **Artikel Eksplanatif**
   Eksplanatif tegese njelasake. Artikel eksplanatif yaiku artikel sing isine nerangake sawijine masalah sing bisa dipahami dening sing maca.
3. **Artikel Deskriptif**
   Deskriptif yaiku artikel sing ngandharake sawijine masalah kang dumadi ing masyarakat, sahingga bisa disumurupi apa sing satemene dumadi. Jinis iki memper kaya laporan utawa reportase, bedane yen laporan mung adhedhasar kasunyatan wae, yen artikel panulisane nerangake masalah kanthi gamblang bisa awujud opini
4. **Artikel Prediktif**
   Artikel prediktif yaiku artikel sing isine petungan utawa ramalan apa kang dumadi ing mangkone manut petungane panulise.
5. **Artikel Preskriptif**
   Artikel preskriptif yaiku artikel sing menehi tuntunan tumrap sing maca kanggo nindakake sawijine pakarya sahingga ora kliru utawa salah anggone nindakake

Garapan 4 : Nintingi Isine Artikel :
Ukara Lamba lan Ukara Camboran Sajrone Teks

Ing garapan 4 iki bakal koksinaoni babagan isine teks lan unsur kabasane teks artikel.

Teks artikel "**Bebayane Sampah Elektronik lan Pangolahe**" ing ngisor iki ngandhut ukara lamba lan ukara camboran.
Wacanen kanthi setiti lan temokna ukara-ukara lamba ing sajrone teks!

Bebayane Sampah Elektronik lan Pangolahe

Indonesia kawentar minangka bangsa kang masyarakate nyengkuyung budaya *konsumtif*, kalebu panggunane barang-barang *elektronik*, kayata: *ponsel*, *televisi*, *komputer*, *laptop*, lan liya-liyane. Saben dina ewon jenis barang *elektronik diproduksi* lan kaimpor.

Wondene kepriye nasibe barang-barang bekas *elektronik* sing wis ora digunakake, durung oleh kawigaten kang mirunggan. Banjur kepriye pangolahe sampah *elektronik* utawa *electronic waste* utawa *e-waste* ing Indonesia? Kamangka kita kabeh ngerteni, manawa salah pangolahe e-*waste* sing akeh bahan-bahan "*beracun*" lan mbebayani bakal njalari kapitunan tumrap manungsa.

Sampah *elektronik* kudu diolah kanthi bener lan pamilahe *komponen* kudu *selektif*, bener, lan pener. Ana zat-zat sing mbebayani ing sajrone komponen *elektronika* sing mbutuhake penanganan khusus lan ora bisa kacampur karo sampah liyane.

Sing sapisan plastik, mligine jenis PVC, mbebayani banget awit ngandhut unsur *klorin* sing kita mangerteni yen barang iku mujudake zat sing paling mbebayani kanggo kesehatan. Kejaba kuwi angel ajure ing sajrone lemah butuh waktu puluhan nganti atusan tahun..

Kapindho, timbal utawa *lead*. Komponen iki mbebayani banget. Kaya bahan bakar bensin kinandhut TEL (tetra ethyl lead) kanggo ngunggahake nilai oktan, ing komponene ana timbal kang mbebayani tumrap kesehatan manungsa.

TV lan layar komputer tipe CRT sing nggunakake tabung kanthi bahan timbal, saiki wis wiwit ganti modhel LCD. Ananging kang dadi masalah ganti tipe LCD iku uga mbebayani amarga tipe LCD ana kandhutan komponen merkuri. Ora mung kuwi wae, ing sajrone barang *elektronik* mau kinandhut *kadium, beryllium*, lan komponen liyane kaya BFR (brominated flame retardant)

Kadium digunakake kanggo nglapisi logam, utamane wesi, waja, lan tembaga. Bisa uga kanggo nggawe batu baterai lan plastik. *Resiko kadium* yen kasedhot nduweni sifat *iritatif*. Zat iki bisa njalari keracunan, gangguan ing *sistem organ* njero manungsa lan kewan.

Komponen-komponen mau yen dibuang menyang pawuhan bakal nuwuhake *pencemaran* lingkungan lan bisa gawe kapitunane manungsa. Awit saka iku, sampah elektronik kudu kaolah luwih dhisik kanggo ngurangi *efek negatif* saka zat-zat beracun lan mbebayani banget.

Cara pangolahan kanthi *metode recycling* utawa daur ulang, komponen-komponen logam bisa digawe komponen anyar. Plastik bisa *dikonversi* dadi bahan bakar cair kaya bensin lan solar.

Ukara Lamba

Miturut akeh sithike rerangkene tembung, ukara dibedakake dadi rong ukara yaiku ukara lamba lan ukara camboran.
Ukara lamba diarani uga ukara tunggal, yaiku ukara kang gagasane mung siji kang dumadi saka Jejer (J) lan Wasesa (W)

Tuladhane ukara lamba :

(1) <u>Komponen iki</u> <u>mbebayani banget</u>.
J W

(2) <u>Sampah elektronik</u> <u>kudu kaolah luwih dhisik.</u>
J W

Tulisen ukara lamba ing wacan mau!

No	Ukara Lamba
a.	
b.	
c.	
d.	
e.	
f.	
g.	
h.	
i.	
j.	

Ukara Camboran

Ukara camboran yaiku yaiku ukara kang gagasane luwih saka siji, Jejer (J), Wasesa (W), Lesan (L) utawa Katrangan (K) luwih saka siji.

Tuladha :

(3) Saben dina ewon jenis barang elektronik diproduksi lan kaimpor.
K.wektu J W1 W2

(4) Sampah *elektronik* kudu diolah kanthi bener lan pamilahe kudu *selektif.*
J1 W2 K.syarat J2 W2

Saka teks artikel ing dhuwur golekana sing wujud ukara camboran, 5 wae!

No	Ukara
1	
2.	
3.	
4.	
5.	

Pasinaon 2

Makarya Bebarengan : Mangun Teks Artikel

Wacan artikel sing koksinaoni ing kegiyatan 1 mau, ana gegayutane karo bencana alam, lan Sampah. Ing kegiyatan 2 iki sliramu bakal diajak nganalisis artikel ngenani lingkungan hidup. Para siswa kabeh disuwun bisa mahami bab-bab sing gegayutan karo lingkungan hidup.

Garapan iki kasusun kanggo nuntun anggonmu njlentrehake lan makarya bebarengan nggawe sawijine artikel. Gladhen bab struktur artikel lan titikane (*ciri-ciri*) kebasan iki bakal koktindakake lumantar kelompok-kelompok kang beda.

Garapan 1 : Nerangake Isine Artikel

Wacanen teks artikel ngisor iki kanthin titi permati!

Gegayutane Lingkungan Hidup karo Pembangunan

Saya akehe usaha mbangun gedhung, bakal nikelake panggunane sumber daya kanggo nyengkuyung, mujudake lan agawe muncule masalah-masalah ing lingkungane manungsa. Sajrone mbangun, sumber alam mujudake komponen sing paling penting amarga sumber alam bisa menehi panguripan. Panggunane sumber alam mau, kudu diimbangi karo *ekosistem* proyek pembangunan, yen ora imbang bisa mbebayani tumrape manungsa.

Kudu ana solusi supaya padha-padha untung ing antarane proses pembangunan, sumberdaya, lan masalah pangrusak utawa regeding lingkungane. Pancen biasane proses pembangunan nduweni akibat sing mutawatiri tumrap lingkungane manungsa, langsung utawa ora duwe akibat kurange sumber kaskayan alam sacara kuantitatif lan kualitatif, pancemaran biologis, pencemaran kimiawi, gangguan fisik lan gangguan sosial budaya

Kapitunan-kapitunan lan owah-owahan lingkungan perlu digatekake bab untung-rugine sawijine proyek pembangunan. Mula saka iku saben pangreka daya pambangunan,

sakehe prabeya sosial sesambungan karo lestarine lingkungan, perlu dipetung lewih dhisik. Pembangunan kudu maujud tanpa ndadekake warga kabotan minangka konsumene.

Ana bab-bab kang kudu dibobot-timbangake sajrone mutusake, ing antarane yaiku kualitas lan kuantitas sumber kaskayan alam sing disumurupi lan diperlokake; akibat-akibat saka sumber kaskayan alam kang dijupuki kalebu kaskayan hayati lan curese deposito kaskayan alam kasebut. Kepriye pangolahe apa kanthi cara tradisional utawa nganggo teknologi modern, kalebu prabeyane lan pengaruh proyek ing lingkungan tumrap lingkungan kang kurang becik sarta mandhege pangrusake lingkungan lan jumlah prabeya kang dibutuhake sarta alternatif liyane.

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi trep!

1) Saya akehe wewangunan anyar nyebabake apa?
2) Pembangunan kudu migatekake imbange ekosistem, menawa ora imbang bisa mbebayani tumrap karahajane manungsa, apa bebayane menawa ora imbang?
3) Kepriye panemumu supaya pembangunan imbang karo lingkungan?
4) Kapitunan-kapitunan apa wae kang bakal dialami dening manungsa....
5) Kepriye kahanan pembangunan ing negarane dhewe saiki?
6) Artikel ing dhuwur kalebu jenis artikel apa?

Garapan 2 : Nganalisis Isine Artikel

Paedahe Sampah ing Lingkungan

Ing panguripan, manungsa ora bisa owal saka sampah. Saben dina manungsa trus ngasilake uwuh utawa sampah sing saya suwe saya akeh gunggunge. Sampah ing kutha wis dadi masalah kang cukup rumit saengga angel diatasi. Uwuh utawa sampah mujudake tilase barang sing wis ora dianggo, sabanjure dibuang. Sampah ing negara kita gunggunge akeh banget lan nyebabake masalah ing pambuangane. Biyen tau ana kutha sing ngadhepi masalah ngenani sampah nganti ing saben pojok kutha ditemokake sampah sing sumebar lan numpuk kang anggawe kita gumun kanthi sampah sing ana. Wusana kutha kasebut nate diaarani kutha sampah. Bab iku kelakon jalaran winatese papan kanggo mbuwang sampah, kejaba kuwi ora ana alternatif liya kanggo manfaatake sampah sing ana. Sampah sing numpuk nyebabake ganda kang ora sedhep lan nuwuhake lara sing nular kang mbebayani tumrap manungsa. Ing panggonan liya akeh warga mbuwang sampah sakarepe dhewe ing got utawa kali, sing tundhane ndadekake (salah sijine) njalari banjir.

Sampah bisa kagolongake dadi 2 jinis yaiku sampah organik lan sampah an organik. Sampah organik yaiku sampah sing bisa diolah dene sampah anorganik yaiku sampah sing bisa kadaur ulang. Sampah organik bisa kaolah dadi pupuk lan sumber energi. Sampah paling akeh diasilake saka pomahan lan sampah organik (sampah teles) tuladha sampah saka pawon, sisa sayuran, kulit woh-wohan lan godhong. Dene sampah anorganik tuladha botol kaca, botol plastik, omplong lan dluwang.

Cacahe warga kang mludhak lan gaya hidup wargane, nduweni pangaribawa sing gedhe tumrap sampah sing diasilake. Yen bab iki ora cepet ditanggulangi bisa saya tambah masalah sing disebabake amarga sampah. Sampah mbutuhake kawigaten saka sakabehing pihak. Ora mung pamarintah wae kang nyunggi jejibahan mau, ananging kita kudu aktif ngrampungi masalah kasebut. Paling ora kita bisa manfaatake sampah asil rumah tangga kita dhewe.

Cara sing bisa dilakoni yaiku sadurunge mbuwang sampah pilah lan pilih luwih dhisik sampah organik lan sampah anorganik. Sampah anorganik bisa dimanfaatake kanthi cara ngumpulake sampah anorganik sabanjure diolah kanthi cara gawe kompos. Upaya pangolahan iki bakal ngasilake pupuk minangka panyubur lemah kanthi minggunakake aktivitas mikroorganisme, kayata bakteri, Jamur, nyamuk/serangga lan cacing. Yen kita nduweni lahan/tegalan sing amba sampah organik bisa kapendhem ing pekarangan utawa lahan kosong. Ananging yen lahan kita winates, lebokna sampah sisa rumah tangga arupa sisa sayuran utawa godhong-godhong ing sajrone kotak. Kotak iki bisa kita gawe kanthi ukuran 60 x 60 x 20 cm3. Banjur isi kotak karo godhong, sisa sayuran terus isi cacing abang/lemah sacukupe katambah lemah rong gegem. Tindakna iki saben dina, suwe-suwe sampah kasebut owah dadi kompos sing bisa digunakake kanggo nyuburake tanduran kita.

Sampah organik liya sing bisa dimanfaatake yaiku sampah organik kacampur banyu sabanjure dileboke ing panggonan kang kedhap udara lan dijarake sasuwene kurang luwih rong minggu sahingga dadi biogas. Biogas iki bisa dimanfaatake kanggo masak sing tingkat polusi luwih sithik.

Sampah anorganik arupa omplong bekas bisa dimanfaatake maneh tuladhane kanggo pot kembang utawa diwenehake marang pemulung kanggo diolah maneh ing Pabrik/industri daur ulang semono uga botol bekas omben. Kanggo sampah dluwang/koran bisa diproses dadi kertas daur ulang. Ancurna kertas karo banyu kanthi alat blendher sabanjure disaring terus dideleh ana cetakan kanggo digaringake. Produk kertas iki bisa digunakake kanggo maneka warna kerajinan tangan (*handycraft*)

Manawa kita gelem open ngolah sampah, bakal nduweni dhampak ing lingkunggan kita lan sing wigati kita wis melu nindakake ngirit, ngirit dhuwit lan ngirit energi. Sesambungan karo wacan mau, coba garapen gladhen ngisor iki kanggo nambahi wawasanmu ngenani isi lan wujude artikel!

1) Wacan artikel "Paedahe Sampah Ing Lingkungan" kalebu jinis artikel apa?
2) Wacanen sepisan maneh banjur tulisen (wujud laporan/makalah) apa kaluwihan lan kakurangane artikel ing dhuwur katitik saka:
   a. Basa kang digunakake
   b. Isi artikel yen digayutake karo kahanan saiki.
3) Sawise kokgawe laporan kaya pakon ing no 2 banjur kepriye panemumu ngenani artikel mau amrih warga luwih becik lan nindakake!

Tatacara nganalisis teks artikel bisa kanthi urutan kaya ing ngisor iki:

1. Irah-irahan artikel
2. Asmane penulis artikel
3. Media sing digunakake
4. Foto lan sumber
5. Papan panggonan dumadine
6. Ukara kasunyatan, aktual lan wis kedadeyan
7. Akibat sawise kedadeyan
8. Dina lan tanggale kedadeyan
9. Nara sumber
10. Asmane narasumber
11. Pawangsulane narasumber ngenani pitakon gegayutan sebab musababe prastawa
12. Pratelane narasumber
13. Panemune narasumber kanggo ngudhari masalah.

Pasinaon 3

Pakaryan mandhiri : Maca lan Ngrembug Sawijine Artikel

Ing pasinaon iki para siswa diajab bisa nggawe artikel kang becik, sawise bebarengan maca, ngerteni, lan kasil ngringkes sawijine artikel.

Garapan 1 : Maca Ekspresif Teks Artikel

Para siswa kabeh, kaya kang wis mbok ngerteni, tembung *ekspresi* tegese pamedharing pamikir lan rasa-pangrasane manungsa, nalika dheweke sesambungan karo kahanane jagad sakupenge. Lumantar ekspresine, saben manungsa bisa ngatonake apa sing sejatine dipikir lan dirasa nalika nemoni sawijine prakara.

Pamacan ekpresif tegese pamacan utawa carane maca sawijine teks tartamtu, sing njalari wong sing maca nduweni pamikir lan rasa-pangrasa khusus ngenani isi lan wewatakane teks mau. Mula saka iku, pamacan ekspresif ngudokake wong sing maca mau nggambarake gregete rasa nalika sesambungan karo isining teks.

Coba sliramu kabeh nuduhake ekspresimu kang laras karo watak lan isine teks ngisor iki nalika maca kanthi bener lan pener manut apa karepe.

Paedahe Sampah ing Lingkungan

Ing panguripan, manungsa ora bisa owal saka sampah. Saben **dino** manungsa trus ngasilake sampah sing saya suwe saya akeh gunggunge. Sampah ing **kuta** wis dadi masalah kang cukup rumit sahingga angel **diatasi**. Sampah yaiku sisa-sisa barang sing wis ora dianggo sabanjure dibuwang. Sampah ing negara kita gunggunge akeh banget lan nyebabake masalah ing pambuangane. Biyen **tau** ana **kuta** sing **ngadepi** masalah ngenani sampah nganti ing saben pojok **kuta** ditemokake sampah sing sumebar lan numpuk kang anggawe kita gumun kanthi sampah sing ana. Sahingga **kuta** kasebut sempat dijuluki kutha sampah. Bab iku dumadi amarga winatese papan kanggo mbuwang sampah lan ora ana alternatif liya kanggo manfaatake sampah **seng** ana. Sampah sing numpuk nyebabake ganda kang ora sedhep lan nuwuhake lara sing nular kang mbebayani tumrap manungsa. ing panggonan liya pawongan mbuwang sampah sakarepe dhewe ing got utawa kali sing tundane dadekake salah sijine dumadi banjir.

Sampah bisa kagolongake dadi 2 jinis yaiku sampah organik lan sampah an organik. Sampah organik yaiku sampah **seng** bisa diolah dene sampah anorganik yaiku sampah sing bisa kadhaur ulang. Sampah organik bisa kaolah dadi pupuk lan sumber energi. Sampah paling akeh diasilake saka **paomahan** lan sampah organik (sampah teles) tuladha sampah saka pawon, sisa sayuran, **kulet** woh-wohan lan godhong. Dene sampah anorganik tuladha botol kaca, botol plastik, omplong lan dluwang.

Jumlah warga kang mludhak lan gaya hidup wargane duweni pengaruh gedhe tumrap sampah **seng** diasilake. Yen bab iki ora cepet ditanggulangi bisa saya tambah masalah sing disebabake amarga sampah. Sampah mbutuhake penanganan saka sakabehe pihak ora mung pamarintah wae ananging kita kudu aktif nangani masalah kasebut. Paling ora kita bisa manfaatake sampah asil rumah tangga kita dhewe.

Cara sing bisa dilakoni yaiku sadurunge mbuwang sampah pilah lan pilih luwih dhisik sampah organik lan sampah anorganik. Sampah anorganik bisa dimanfaatake kanthi cara ngumpulake sampah anorganik sabanjure diolah kanthi cara gawe kompos. Upaya pangolahan iki bakal ngasilake pupuk minangka panyubur lemah kanthi minggunakake

aktivitas mikroorganisme, kayata bakteri, Jamur, nyamuk/serangga lan cacing. Yen kita nduweni lahan/tegalan sing amba sampah organik bisa **kapendem** ing pekarangan utawa lahan kosong. Ananging yen lahan kita winates, lebokna sampah sisa rumah tangga arupa sisa sayuran utawa godhong-godhong ing sajrone kotak. Kotak iki bisa kita gawe kanthi ukuran 60 x 60 x 20 cm3. Banjur isi kotak karo godhong, sisa sayuran terus isi cacing abang/lemah sacukupe katambah lemah rong gegem. Tindakna iki saben dina, suwe-suwe sampah kasebut owah dadi kompos sing bisa digunakake kanggo nyuburake tanduran kita.

Sampah organik liya sing bisa dimanfaatake yaiku sampah organik kacampur banyu sabanjure dileboke ing panggonan kang kedap udara lan dijarake sasuwene kurang luwih rong minggu sahingga dadi biogas. Biogas iki bisa dimanfaatake kanggo masak sing tingkat polusi luwih sithik.

Sampah anorganik arupa omplong bekas bisa dimanfaatake maneh **tuladhone** kanggo pot kembang utawa diwenehake marang pemulung kanggo diolah maneh ing Pabrik/industri daur ulang semono uga botol bekas omben. Kanggo sampah dluwang/koran bisa diproses dadi kertas daur ulang. Ancurna kertas karo banyu kanthi alat blender sabanjure disaring terus dideleh ana cetakan kanggo digaringake. Produk kertas iki bisa digunakake kanggo maneka warna kerajinan tangan (handycraft)

Manawa kita aktif ngerteni lan nikelake manfaate sampah, ora sethithik kang bisa kita rasakake pigunane tilas sampah mau, lan wusanane nduweni dampak positif ing lingkunggan kita Sing uga wigati, kita wis ngirit, ngirit dhuwit yan ngirit energi

http://green.kompasiana.com/penghijauan/2013/12/13/artikel-lingkungan-hidup-618054.htmlb

Ing teks artikel kasebut, akeh tinemu tembung-tembung kang kacithak kandel. Panulise tembung-tembung mau ora cocok karo kaidah penulise tembung mawa Aksara Latin sing bener. Mula saka iku benerna!

Kanggo nambah kawruhmu bab artikel, goleka teks artikel ing internet, koran utawa majalah. Yen wis kasil, wacanen kanthi setiti. Yen ana sing kurang bener miturut paugerane, benerna laras karo tata panulisan kang trep! Gladhinen kawasisanmu *nyunting* supaya dadi penulis kang gamben?

Garapan 2 : Ngringkes Sawijine Artikel

Wacan Artikel kanthi irah-irahan "Paedahe Sampah ing Lingkungan" bisa karingkes. Carane mung nulis ukara baku ing saben paragraf. Umpamane: Sampah bisa kagolongake dadi 2 jinis yaiku sampah organik lan sampah anorganik.

Saiki wis kokngerteni carane nggawe ringkesan. Isi ringkesan kudu pada karo isi wacan kang diringkes. Olehmu ngringkes, uga bisa manfaatake struktur teks iku kanggo pathokan. Bandhingna ringkesanmu karo garapane kancamu. Apa pancen isine padha persis antarane ringkesan lan wacan "Paedahe Sampah ing Lingkungan" yen durung, balenana lan benerna maneh nganti kasil! Cara ngringkes kaya mangkono mau bisa kok trapake kanggo luwih mangerteni wacan liyane. Kegiyatan iki bakal krasa luwih gampang lan nyenengake yen sering kok lakoni.

Garapen gladhen ngisor iki laras karo pituduhe!

1) Wacanen teks wacan "Lingkungan resik, Urip sehat" kanthi permati!
2) Banjur ringkesen wacan kasebut!
3) Tulisen panemumu ngenani wacan kasebut laras karo kahanan ing sakiwa tengenmu!

4) Ijolna garapanmu karo kancamu, banjur tulisen panemumu ngenani garapane kancamu!

Wacan

Lingkungan Resik, Uripe Sehat

Lingkungan resik urip sehat nduweni teges lingkungan sing adoh saka kondisi kang nyebabake lelara. Lingkungan sing resik bisa ndadekake urip sehat. Tegese saka lingkungan resik urip sehat yaiku urip lingkungan sing kita panggone nduweni kesan becik kanggo sesawangan lan menehi sehat.

Lingkungan sing kita panggoni bisa ndhukung lan nduweni pengaruh tumrap panguripane manungsa dhewe. Yen lingkungan kita, wargane duweni pakulinan urip sehat, mesthine iki bakal nuwuhake kesan luwih becik tumrap pribadi lan masyarakat. Ananging suwalike yen kita manggon ing warga kang nduweni pakulinan kemroh lan seneng omben-omben bab iki bakal nduweni pengaruh *psikis* lan *mental* kita. Kahanan iki bisa diselaki yen wis mbangun bale wisma amarga lingkungan kaya mau bisa nduweni pengaruh tumrap sesrawungan putra-putri kita.

Ndadekake Lingkungan resik lan sehat

Akeh bab sing bisa kita tindakake sajrone urip sehat, ing ngisor iki bakal diandharake cara mujudake Lingkungan resik lan sehat.

1. Lingkungan ing Omah
   Lingkungan sehat diawiti saka awake dhewe lan lingkungan ing kanan kiringe awake dhewe. Kasarasan uga kanggo awake dhewe, mula saka iku ayo dijaga kasarasane lan njaga lingkungan supaya tetep resik. Sumadyane papan mbuwang sampah ing saben ruangan, biasane ana pawon, jedhing/kamar mandi lan ing plataran ngomah. Luwih becik kita nduweni rong panggonan mbuwang sampah, kanggo sampah teles lan sampah garing. Yen sampah mau kacampurake bakan ndadekake ganda kang kurang enak. Lan gunane yen kita misahake sampah teles lan garing yaiku kita bisa ngolah sampah mau dadi barang sing migunani maneh. Buwange sampah sing wis numpuk utawa papan mbuwang sampah mau meh kebak. Aja nunggu sampah mau kebak amarga bisa nuwuhake ganda kang kurang enak lan bisa diparani laler utawa coro.

   Trapna uga prinsip 3 R (*Reuse, Recycle, Reduce*) sing tegese *Reuse* = Gunakna maneh, Recycle =nggolah maneh/daur Ulang, lan Reduce = nyuda. Nyepakna panggonan kanggo nyimpen sampah organik ing plataran oman amarga sampah organik bisa dimanfaatake kanggo pupuk kompos

2. Sregepa Reresik Jogan
   Diwiwiti kanthi nyapu lan ngepel nggunake cairan antikuman kanggo ngresiki jogan. Jogan mujudake perangan omah sing langsung ngenani kulit.Yen jogan kita reged mesthine kuman sing ana bakal nemplek ing kulit lan nyebabake lelara. Yen jogan ngomah resik lan ngganda arum mesthine nduweni kesan sing becik lan mesthi kasarasan uga becik.
3. Aja ana Banyu Mambeg

Aja nganti ana banyu mambeg bisa nuwuhake nyamuk *aedes aegepty*/ nyamuk DB. Banyu mambeg aja nganti dumadi lan obonge sampah sing ana ing plataran.

4. Gawea Ventilasi lan sinar sing cukup

   Gawea ventilasi lan cahya sing cukup nyebabake hawa seger tansah mlebu ing sajrone ngomah. Wenehana ruang kanggo sinar mlebu ngomah madhangi ruangan. Bab iki bakal gawe omah ora pengap, lan seger. Sirkulasi hawa sing becik bakal ndayani kualitas omah. Hawa sing reged ing omah gampang banget gumantine menyang hawa kang resik.

5. Tindakna kerja bakti (gotong royong)
6. Nandur wit-witan

   Pekarangan kang kebak wit-witan bisa gawe omah katon arsi lan seger. Hawa reged kanthi cepet gumanti hawa resik lan seger.

Garapan 3 : Nanggapi Isine Artikel

Wacanen teks sing gegayutan karo rusake lingkungan kanggo nambah kawruhmu! Cetha banget anane dampak negatif saka rusake alam. Rusake alam disebebabake saka alam dhewe lan saka tumindake manungsa. Bab iki nduweni dampak kanggo panguripan lan alam. Gegayutan karo babagan kasebut coba gatekna ing lingkunganmu.

Garapan 4 : Nggawe Artikel

1) Gawenen artikel ngenani dampak lan penangangane. Supaya artikelmu apik lan pantes, awakmu golek informasi lan wawan rembug karo warga kang ngrasakake akibate rusake alam mau.
2) Artikel sing wis kokgawe mau uga perlu dimangerteni dening wong liya. Coba unggahen artikelmu ana ing internet (bisa via Bloggre, facebook, utawa twiter)

GLADHEN WULANGAN 1

Wacan Artikel

Lingkungan Resik, Uripe Sehat

Lingkungan resik urip sehat duweni teges lingkungan sing adoh saka kondisi kang nyebabake lelara. Lingkungan sing resik bisa ndadekake urip sehat. Tegese saka lingkungan resik urip sehat yaiku urip lingkungan sing kita panggone nduweni kesan becik kanggo sesawangan lan menehi sehat.

Lingkungan sing kita panggone bisa ndukung lan nduweni pengaruh tumrah panguripane manungsa dhewe. Yen lingkungan kita, wargane duweni pakulinan urip sehat, mesthine iki bakal nuwuhake kesan luwih becik tumrap pribadi lan masyarakat. Ananging suwalike yen kita manggon ing warga kang duweni pakulinan kemroh lan seneng omben-omben bab iki bakal duweni pengaruh psikis lan mental kita. Kahanan iki bisa diselaki yen wis mbangun bale wisma amarga lingkungan kaya mau bisa nduweni pengaruh tumrah sesrawungan putra-putri kita.

I. Wangsulana pitakonanan-pitakonan ing ngisor iki kanthi trep!

1. Kena apa lingkungan sing kudu resik?
   a. Amarga panggonan sehat bisa dukung panguripane manungsa
   b. Amarga saka lingkungan resik bisa ndadekan urip sehat.
   c. Amarga wargane nduweni kebiyasaan becik
   d. Amarga kahanan iki bisa nuwuhake sesawangan kang asri.
   e. Amarga wargane supaya ora kemroh
2. Kepriye carane mujudake lingkungan omah supaya resik?
   a. Mbuwang sampah ing panggonan.
   b. Njaga lingkungan tetep teles lan garing.
   c. Tansah reresik omah, mbuwang sampah ing panggonan kang wis disiapake.
   d. Sampah dijarake numpuk lan kebak ing panggonane.
   e. Sampah nuwuhake ganda kang kurang enak lan diparani laler utawa coro.
3. Ukara kang nuduhake sifat ora resikan yaiku....
   a. Lingkungan sing kita panggoni bisa ndhukung lan nduweni pengaruh tumrap panguripane manungsa dhewe.
   b. wargane nduweni pakulinan urip sehat, mesthine iki bakal nuwuhake kesan luwih becik tumrap pribadi lan masyarakat.
   c. Kahanan iki bisa diselaki yen wis mbangun bale wisma amarga lingkungan kaya mau bisa nduweni pengaruh tumrah sesrawungan putra-putri kita.
   d. Lingkungan resik urip sehat nduweni teges lingkungan sing adoh saka kondisi kang nyebabake lelara. Lingkungan sing resik bisa ndadekake urip sehat
   e. kita manggon ing warga kang nduweni pakulinan kemroh lan seneng omben-omben bab iki bakal nduweni pengaruh psikis lan mental kita..
4. Pekarangan kang kebak wit-witan bisa gawe omah katon arsi lan seger.
   Yen dideleng perangane,Ukara ing dhuwur kalebu ukara....
   a. Ukara lamba
   b. Ukara camboran sajajar
   c. Ukara camboran rapatan
   d. Ukara camboran sungsun
   e. Wangsulan a, b, c. lan d salah

5. Ing ngisor iki kang kalebu Ukara sing kalebu ukara lamba yaiku ....
   a. Rusake alam bisa disebabake dening faktor alam.
   b. Lingkungan alam sing rusak bakal nduweni efek tumrap uriping manungsa lan anduweni potensi bakal dumadi bencana ing tembene.
   c. Lingkungan alam kalebu lemah, banyu, alas lan hawa perlu dijaga supaya sumberdaya alam tetep lestari lan ngasilake paedah kang maksimal kanggo karaharjane manungsa.
   d. Karusakan alam sing paling gedhe disebabake dening manungsa katimbang faktor alam kang dumadine ora saben dina.
   e. .Karusakan lingkungan amarga pokale manungsa nyebabake pageblug/penyakit, bencana lan kapitunan tumrap manungsa dhewe.
6. Manungsa nduweni akal budi kanggo nyukupi kabutuhane.
   Yen diudhal ukara ing dhuwur pada karo ing ukara ngisor yaiku
   a. Gunung jeblug mujudake salah sawijine aktivitas vulkanisme lan dumadine gejala alam.
   b. Karusakan alam sing paling gedhe disebabake dening manungsa katimbang faktor alam kang dumadine ora saben dina.
   c. Indonesia minangka negara berkembang uga ngalami rusake alam kang duweni dampak negatif tumrap karaharjane panguripan.
   d. Akeh dahuru kang anjalari rusake lingkungan hidup, salah sijine amarga gunung jeblug.
   e. Kewan-kewan alas anjalari tumrap isen-isening alam
7. Panulise artikel manawa kaudhal manut Strukture yaiku ....
   a. Isi masalah, dudutan
   b. Dudutan, isi lan masalah
   c. Pambuka, dudutan lan masalah
   d. Pambuka, isi lan dudutan
   e. Pambuka, isi lan masalah
8. Sampah elektronik kudu diolah kanthi bener lan pamisahane komponen kudu diselektif kanthi bener. Amarga ana zat-zat sing mbebayani ing sajrone komponen elektronika sing mbutuhaken penanganan khusus lan ora bisa kacampur karo sampah liyane.
   Ukara ing dhuwur cuplikan saka ..
   a. pambuka
   b. dudutan
   c. isi
   d. pambuka lan dudutan
   e. deskripsi
9. Artikel sing ngandharake sawijine masalah kang dumadi ing masyarakat, sahingga bisa disumurupi apa sing satemene dumadi. Jinis iki memper kaya laporan utawa reportase, bedane yen laporan mung adhedhasar kasunyatan wae, yen artikel panulisane nerangake masalah kanthi gamblang bisa awujud opini iki diarani jinis artikel ....
   a. Ekploratif
   b. Eksplanatif
   c. Deskriptif
   d. Prediktif
   e. Preskriptif
10. Panulise artikel manawa kaudhal manut strukture yaiku ....
   a. Isi masalah, dudutan
   b. Dudutan, isi lan masalah
   c. Pambuka, dudutan lan masalah

d. Pambuka, isi lan dudutan
e. Pambuka, isi lan masalah

11 Artikel sing ngandharake sawijine masalah kang dumadi ing masyarakat, sahingga bisa disumurupi apa sing satemene dumadi. Jinis iki memper kaya laporan utawa reportase, bedane yen laporan mung adhedhasar kasunyatan wae, yen artikel panulisane nerangake masalah kanthi gamblang bisa awujud opini iki diarani jinis artikel ....
   a. Ekploratif
   b. Eksplanatif
   c. Deskriptif
   d. Prediktif
   e. Preskriptif

12. Karusakan alam sing paling gedhe disebabake dening manungsa katimbang faktor alam kang dumadine ora saben dina. Owahe iklim global dadekake Negara-negara maju duweni kawigaten gedhe tumrap rusake Alam. Manawa iklim global owah, bab iki nyebabake munggahe suhu amarga akumulasi gas emisi ing atmosfer utawa uga bisa kaistilahake Global warming (pemanasan global). Indonesia minangka negara berkembang uga ngalami rusake alam kang duweni dampak negatif tumrap karaharjane panguripan. Karusakan lingkungan amarga pokale manungsa nyebabake pageblug/penyakit, bencana lan kapitunan tumrap manungsa dhewe.
    Gagasan pokok ing cuplikan wacan mau yaiku
   a. Karusakan lingkungan amarga pokale manungsa nyebabake pageblug/penyakit, bencana lan kapitunan tumrap manungsa dhewe.
   b. Karusakan alam sing paling gedhe disebabake dening manungsa katimbang faktor alam kang dumadine ora saben dina.
   c. Manawa iklim global owah, bab iki nyebabake munggahe suhu amarga akumulasi gas emisi ing atmosfer utawa uga bisa kaistilahake Global warming (pemanasan global).
   d. Indonesia minangka negara berkembang uga ngalami rusake alam kang duweni dampak negatif tumrap karaharjane panguripan.
   e. Owahe iklim global dadekake Negara-negara maju duweni kawigaten gedhe tumrap rusake Alam

II. Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi bener lan pener!

1. Apa bedane ukara lamba lan ukara camboran!
2. Gaweya tuladha ukara camboran sajajar 5 wae!
3. Apa kang diarani artikel?
4. Miturut jinise artikel kaperang dadi pira lan jlentrehna!
5. Goleka ana ing kalawarti artikel sing gegayutan karo lingkungan, banjur analisise artikel mau!

WULANGAN 2 :
WAYANG SAJRONE BEBRAYAN JAWA

Kompetensi Dasar dan Indikator

3.2 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis unsur intrinsik maupun ekstrinsik teks sastra klasik dan modern secara lisan dan tulis.

- 3.2.1 Menganalisis unsur intrinsik cerita wayang
- 3.2.2 Menganalisis unsur ekstrinsik cerita wayang
- 3.2.3 Menganalisis relevansi isi cerita wayang dengan zaman sekarang

4.2 Menginterpretasi, menanggapi dan mengekspresikan teks sastra modern dan klasik (*wayang*) sesuai isi secara lisan dan tulis.

- 4.2.1 Menceritakan isi cerita wayang
- 4.2.2 Menanggapi isi cerita wayang
- 4.2.3 Membaca indah teks dhialog cerita wayang

Sakwise ngerteni lan kasil rampung anggone nyinau wulangan 2 iki, para siswa kabeh diajab bisa meruhi lan ngonceki sakehe titikan (*ciri-ciri*) struktur, panggunane basa sakjerone *teks cerita wayang purwa*. Para siswa diajab uga bisa trampil sajrone maknani lan nggunakake kawruh basa, bisa ngowahi wujude teks naratif dadi teks pacelathon (dhialog), lan pungkasane bisa maca teks mau kanthi rasa pangrasa kang laras, bener, lan pener.

Mbabar Wawasan

Bab Carita Wayang Purwa

Pasinaon wulangan kaloro iki sesambungan karo piwulang kabudayan. Piwulang, aji, utawa “nilai” mau kadhapuk sajrone pasinaon tumrap teks carita wayang, mligine wayang purwa. Pasinaon iki kaleksanan kanggo nepungake para siswa karo perangane kabudayan Jawa, kang urip lan diuri-uri dening bebrayan Jawa panyengkuyunge. Tundhane, para siswa diajak ngonceki ajining kabudayan Jawa kang nyengkuyung mawujude piwulang budi pakarti utawa sarana panggulawenthah tumrap para siswa kabeh.

Lumantar pasinaon iki, siswa kabeh diajab bisa nggayutake lide carita wayang kalawan panguripan saben dinane. Kejaba kuwi, para siswa bisa nuduhake lan nindakake tumindak sing becik, utama, ngedohi tumindak asor utawa nistha. Kanthi mangkono, para siswa kewih gampang anggone manembah marang Gusti Kang Mahaasih. sarta ndarbeni sakehe panuwun awit saka sih marmane Pengeran, kang wis nyawiji karo wujud adiluhunge budaya.



Gb. 2.1 Pagelaran wayang purwa (sumber Koleksi)

Para siswa mesthi wis ngerti, apa kang diarani wayang satengahe kabudayan Jawa. Sadurunge nyinau bab teks wayang, ayo bebarengan migatekake cuplikan teks kakawin (*puisi Jawa kuna*) ing ngisor iki lan uga ngenani katrangan kang gumathok.

"Hanânonton ringgit manangis asêkêl mudha hidêpan,
huwus wruh towin yan walulang inukir molah angucap,
hatur ning wwang trêsneng wisaya malaha ta wihikana,
ri tatwa nyan maya sahana-hana ning bhawa siluman"

Tegese kira-kira:

'Ana wong kang nonton wayang, lha kok nangis, sedhih, ora karu-karuwan rasane atine. Kamangka dheweke wis weruh, yen kang mobah mosik lan cecaturan mau, mung dhapur kulit kang sinungging. Mangkono mau wong-wong kang banget kaiket pancandriyane, padha ndlongop, nganti ora ngerti apa-apa. Sejatine mono,kabeh mau mung dhapur wewayangan, sulapan kewala'.

(AW. Pupuh V. Sikharini: 9)

Anak-anakku kabeh, saka cuplikan mau, kita bisa meruhi yen: *kapisan*, seni pagelaran wayang (kulit) wis tuwuh lan ngrembaka nalika abad XI; taun nalika kakawin Arjuna Wiwaha mau kaanggit. *Kapindho*, kawasisane Ki Dhalang nalika ngurip-uripi wayang bisa ndadekake *penontone* kepencut marang lumakune pagelaran, saengga bisa njalari sumedhot rasane, bisa nangis ngguguk kagawa swasana jrone carita wayang; lan *katelu*, wayang dipercaya nduweni piguna, banget narik kawigaten, mbuh critane, juru carita utawa dhalange, utawa malah wayange mau, kang daya-dayane bisa urip lumantar kaprigelane Ki Dhalang.

Nganti tumeka saiki, abad XXI kang katelah jaman *globalisasi*, pagelaran lan carita wayang isih lestari anane. Wewujudane wayang ing saben jamane, tansah manut jaman kelakone. Terus ngrembaka laras karo *dinamika*-ne bebrayan panyengkuyunge. Wayang tansah bisa laras karo jagad sakupenge. Carita wayang nduweni watak *komunikatif*, tegese tansah nyambung lan bisa ngladeni bebrayan kang bisa nampa anane.

Miturut sejarahe, wayang purwa mujudake reriptane para Wali nalika ngrembakakake piwulang agama Islam ing tanah Jawa. Panggunane wayang minangka sarana dakwah Islam, kaleksanan saka kawicaksanane para Wali, kang bisa nggayutake tradisi Hindu-Buddha kalawan kapitayan anyar kang asipat Islami.Wayang mujudake asiling kabudayan kang tuwuh lan tinampa bebrayan penyengkuyunge. Kanthi crita *epik* utawa wira carita maneka warna, terus ngrembaka. Sumbering crita, akeh-akehe saka manca, kayata: epos *Ramayana* utawa *Maha Bharãta* saka tanah Indu**.** Ing tembe buri, sumber crita saya ngrembaka, kaya ta: Critane *Wong Agung Menak* (saka Arab lan Persia), crita Panji apadene Damar Wulan (epos lokal), crita mawa sumber mitos agama, kaya ta critane para Nabi lan Rasul saka kitab suci Injil), caritane Para Wali lan paraga Mitos Islami liyane (saka tanah Jawa), carita dongeng (kancil, lsp), lan paraga lumrah ing jaman saiki.

Senajan watake kabeh lakon wayang meh padha utawa ana empere, saben teks carita wayang uga ana sambung rapete karo jinise wayang mau. Maneka warna jinise wayang, ana sesambungane karo sumbere teks caritane. Sumber crita mau banjur mbedakake jinise wayang, siji lan sijine. Ing kene jinis lan sumbere carita wayang bisa kaprinci kaya ing ngisor iki:

No	Jinising Wayang	Sumbere Carita	Katrangan
1.	Wayang Purwa	Epos Ramayana / Maha Bharata (India)	Wujud boneka - kulit
2.	Wayang Madya	Epos Maha Bharata (Jawa)	Wujud boneka - kulit
3.	Wayang Golek	Epos Ramayana / Maha Bharata (India)	Wujud boneka - kayu
4.		Epos Arab/Persia (Islam)	Wujud boneka - kayu
5.	Wayang Gedhog	Epos Maha Bharata (Jawa)	Wujud boneka - kulit
6.	Wayang Krucil	Epos Damar Wulan	Wujud boneka kayu
7.	Wayang Beber	Epos Panji	Wujud boneka – kulit
8.	Wayang Sadat	Mitos Para Wali (Islam)	Wujud boneka – kulit
9.	Wayang Wahyu	Mitos Nabi/ Santa (Kristen)	Wujud boneka – kulit
10.	Wayang Kancil	Dongeng / fabel (Jawa)	Wujud boneka – kulit
11.	Wayang Pembangunan	Indonesia Pos-Kolonial	Wujud boneka - kulit
12.	Wayang Wong	Epos Ramayana / Maha Bharata (India)	Wujud wong
13.	Wayang Topeng	Epos Maha Bharata (India)	Wujud wong mawa topeng



Gb. 2.2 Wayang Suluh, wayang pembangunan (sumber : Blog Wayang Jawa)

Amrih pitepungane para siswa kabeh luwih jero lan jembar kalawan jagade pawayangan, coba wangsulana pitakon-pitakon kang gegayutan karo cuplikan mau.

1) Apa kang diarani wayang sajrone kabudayan Jawa?
2) Saka ngendi sumbere carita wayang ana ing bebrayan Jawa?
3) Kanggo apa kita perlu nyinau carita lan pagelaran wayang purwa?
4) Cuplikan bab wayang sajrone teks *kakawin Arjuna Wiwaha* mau, ngenani bab apa?
5) Sapa kang katelah "dhalang" ana sak madyane bebrayan Jawa?
6) Sabenere sapa kang digambarake lumantar paraga punakawan sajrone carita wayang?
7) Kepriye kalungguhane paraga panakawan sajrone jagad pawayangan Jawa?
8) Piwulang utawa 'nile-nile' apa kang bisa dijupuk saka jerone carita wayang?
9) Terangana pigunane carita lan pagelaran wayang tumrap bebrayan Jawa!
10) Sebutna salah sijine carita wayang!

Pasinaon 1 :

Modhel teks pinilih : Nyinau Teks Wayang Purwa

Ing kalodhangan iki para siswa bakal dijak nyinau wulangan kang sesambungan karo piwulang kabudayan. Piwulang mau kadhapuk sajrone pasinaon tumrap teks carita wayang purwa. Ing kene, kalebu perangan intrinsik kang mangun carita mau, perangan ekstrinsik sakjabane, sarta sesambungane woding carita karo uripe bebrayan saben dinane.

Garapan 1 : Nyemak Teks "Petruk Madeg Pandhita"

Kocap kacarita, praja Ngamarta minangka punjere nagarane Para Pandhawa, dumadakan *konclang* kaya katerak *dahuru*. Wis ana pirang-pirang wektu, negara Amarta kena *pageblug*, katekan lelara nggegirisi. Akeh para nayakane praja, sentana, dalah kawula kang *nandhang cintraka*. Kahanan mau kawiwitan saka *murcane* kabeh *piyandele* Kadang Pandawa, arupa sawernaning sanjata sekti. Para kadang Kurawa saka Ngastina, babar pisan ora duwe krenteg menehi pambiyantu marang para Pandhawa kang nandhang coba.



Gb. 2.3 Wayang uwong (sumber Wayang Blog.Net)

"Adhuh ketiwasan, Rama...! Mangkono panjelihe Petruk, salah sijine paraga punakawan marang Kyai Semar, bapake. Kala semana Ki Lurah Semar lagi sapejagong karo anak-anake, ya anake sing mbarep, Nala Gareng, lan si wuragil, Bagong.

"Welhadalah, ana apa, Le, kok mlayu-mlayu adus kringet karo bengak-bengok...??" pitakone Lurah Semar marang Petruk, anake sing nembe teka. Ambegane sajak ngaya.

"Kang Petruk lagi kumat, Ma. Biasa, nek tanggal tuwa ngene edane kumat. Iya ta Kang Gareng?" Celathune Bagong karo mesam-mesem.

"Hus, ngawur kowe Gong. Aja sembrana! Deloken kakangmu siji kuwi, kaya ora sabaene..."

"Lha witikna piye, Kang Gareng, awan-awan panas ngene bengak-bengok karo mlayu beyayakan. Mangka awak dhewe lagi kajibah nunggoni nDara Arjuna kang lagi semadi neng papan kana...!

"Iya bener kandhamu, Gong, ning sajake pancen ana sing wigati banget"

"Wis,.wis. aja malah padha regejegan. Rungokna apa jalarane sedulurmu iki mlayu-mlayu sajak kesusu.!

"Kaya wong dioyak macan ...." selane Gareng.

"Ora, Kang, dioyak Yu Limbuk, Kulon Pasar kae. Witikna bar mangan, ra gelem bayar.....!

"Wis dha menenga! Kowe kabeh wis tuwa, ning pancet wae kalakuwane! Swarane Lurah Semar santak, sajak murina.

"Wah katiwasan tenan, Rama" Kandhane Petruk karo ngos-ngosan, ambegane kaya wong kang lara napas kumat asmane. "Kae lho Ma, ... karo kowe kabeh Kang Gareng apa dene Bagos..."

"Den Mas Bagong, Truk! Kok saenake dhewe, Bagong kok dadi Bagos! Nek bagus, iya....!

"Lha witikne kowe kuwi, lho Gong! Ana wong bingung, malah dikira edaan!

"Wis Truk, rasah dipaelu, adhimu siji kuwi. Cene rada kurang ganep, kok...." celathune Gareng.

"Tobat tenan kowe kabeh, Gareng, Petruk, Bagong! Aja malah dha guyon, ora prayoga. Kae lho Bendaramu bisa kaganggu olehe lagi nandhang prihatin! Wis ta Le, Petruk, caritakna, kenangapa kok teka mlayu kaya ana sing wigati banget!"

Petruk, ya Ki Lurah kanthong Bolong, banjur carita, sakwise ngunjal napas sauntara. Mangkene critane:

Saka pratikele Patih Sengkuni lan didhombani dening Pandhita Durna, Kurawa malah duwe panganggep yen kahanane praja Ngamarta iki mujudake sawijine kalodhangan kanggo nyirnakake para Pandhawa. Sadurunge kasil gawe cilakane kadang Pandhawa, para Kurawa satus lan Narpati Basukarna kasoran ing jurit, lan kaperjaya dening Sang Nagarangsang, ula naga saka kraton Cundharante kang gedhene tanpa upama(,).

Kala semana, Raden Arjuna nembe mangun semedi saperlu nuwun sih-kanugrahaning Jawata, awujud usada tumrap pageblug ana ing Praja Ngamarta, sarta baline kabeh pusaka kang ilang tanpa lari. Ing kono Raden Janaka banjur midhanget pisambate Patih Sengkuni dalah Pandhita Durna kang nembe ginawa mlayu dening Jim sakembaran. Kanthi migunakake minyak Jayengkaton, Raden Arjuna bisa ngonangi playune Jim Pesatnyawa dalah Sambernyawa. Raden Arjuna enggal methuki Jim sakembaran, lan njaluk supaya Priyagung Ngastina lelorone dibebaskе.Sulayane rembug, dadi perang. Eman Raden Arjuna asor yudane, lan gugur ana pabaratan.

Bareng nguningani bendarane nemoni tiwas, Petruk, ya Ki Lurah Kanthongbolong sigra cancut taliwanda. Senajan tata laire arupa batur utawa punakawan tumrap para kadang Pandawa, Ki Lurah Petruk mono sejatine sawijine gandarwa saka nagara ing dhasare samudra. Kanthi sangu pusaka sekti Kembang Candra Urawan, duweke Ratune Gandarwa,Petruk namur laku lan ngedegne pratapan anyar ana tepis wiringe Praja Ngamarta. Ki Lurah Petruk madeg dadi pendhita. Dheweke banjur sesilih Ajar Panyukilan. Kejaba ulah tapa, Ajar Panyukilan kang awatak loman, dhemen aweh usada tumrap kawula kang nandhang lelara.

Dene Ki Lurah Semar, Gareng dan Bagong kang bingung awit Raden Arjuna nemoni tiwas, enggal-enggal sowan marang Praja Ngamarta nyuwun pambiyantune putra Pandhawa. Bareng nguningani yen Raden Arjuna nemoni tiwas, para satriya mau banjur ngamuk punggung ana praja Cundharante. Sakawit bisa unggul yudane, nanging bareng dipapagake Sang Nagarangsang, Raden Wrekudara, Raden Gatutkaca, Raden Antareja, Raden Setyaki, sarta para satriya liyane, kasoran lan tiwas ana madyane paprangan.

Sabanjure saka dhawuhe Prabu Kresna, Raden Abimanyu minta sraya marang Ajar Panyukilan, saka patapan Karangsinamur. Kadang Pandhawa lan kabeh para putra kang nemahi tiwas, diusadani dening Sang Ajar. Kabeh waluya temahe jati. Semono uga Adipati Karna kang nandhang wuta, bisa saras maneh. Pungkasane, Ajar Panyukilan uga pininta sraya dadi senapatine prang saka praja Ngamarta, saperlu ngadani paprangan lumawan praja Cundharante.

Kabeh tetungguling praja Cundharante bisa kasor yudane dening Ajar Panyukilan. Ewa semono, bareng kena upase Nagarangsang, Ajar Panyukilan badhar dadi Ki Lurah Petruk. Ki Lurah Petruk murina, banjur namakake pusaka Kembang Candra Urawan marang Nagarangsang sak wadyabalane. Nagarangsang badhar dadi pusaka Dwarawati, pusakane Prabu Kresna awujud sanjata Cakra Baskara. Jim sakembaran badhar dadi Raden Antasena dalah Raden Irawan. Semono uga para Kadang Satriya Kajiman saka Cudharante kabeh malih rupa, bali wujud pusaka piyandele kadang Pandhawa. Ratune kajiman kang bela pati kataman Kembang Candra Urawan badhar dadi Raden Sadewa, dene kembang Candra Urawan malih dadi cangkok Wijaya Kusuma, piyandele Prabu Kresna.

Gancare carita, Praja Ngamarta lan Dwarawati bali marang kahanan sakawit, gemah ripah loh jinawi, tata titi tentrem karta raharja.

(Dening Purnama Kahar, kaadhaptasi saka *Giyaran Ringgit Purwa*, Dening Ki Dhalang Hadi Sugita)

Sajrone teks crita mau ana tembung-tembung Kawi sawetra sing perlu ditegesi. Tembung-tembung mau, kaya kang kacathet ing Bausastra ngisor iki.

Bausastra

a) Negesi tembung

konclang	:	kabuncang mumbul
dahuru	:	musibah
pageblug	:	wabah, lelara
murcane	:	ilange
piyandele	:	pusakane, senjata sekti
didhombani	:	disengkuyung
pabaratan	:	paprangan
namur laku	:	memba-memba, nyamar
sesilih	:	jejuluk, sebutan, jeneng
usada	:	jampi, obat
nguningani	:	meruhi
pinta sraya	:	jaluk bantuwan
murina	:	nesu
badhar	:	bali wujud asale
belapati	:	melu sengsara, labuh mati

b) Maknani unen-unen :

nandhang cintraka	:	nampa kasusahan
mangun semedi	:	atapa, meditasi
kasoran ing jurit	:	kalah perang
ilang tanpa lari	:	angel golek-golekane
cancut taliwanda	:	samapta, siyap-siyap
waluya temahing jati	:	rahayu, slamet

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanggo ngerteni kawruhmu ngenani isine teks carita wayang kanthi irah-irahan "Petruk madeg pandhita" mau.

1) Irah-irahane carita wayang, sesambungan karo paraga sapa?
2) Sapa wae paraga liyane kang utama sajrone teks carita "Petruk Madeg Pandhita" mau?
3) Ing ngendi wae papan dumadine carita?
4) Apa kang dadi underane perkara sajrone teks carita wayang "Petruk Madeg Pandhita" kasebut?
5) Kepriye panemumu ngenani *struktur logis* utawa urut-urutan dumadine carita?
6) Golekana saripatine (*ide pokok*) crita kang kawedhar dening pangripta carita *Petruk Madeg Pandhita* mau!
7) Miturut panemumu, kepriye perangane teks carita wayang minangka pambukane carita!
8) Apa wae kang dadi jalaran dumadine pasulayan ing antarane para paraga sajrone carita!
9) Mitirut panemumu, kepriye carane pangriptane carita wayang ngrampungi sakehing dredah (*konflik*) sajrone carita?
10) Kepriye amanah utawa piwulang moral kang diandarake pangripta lumantar carita wayang anggitane!

Garapan 2 : Niteni Struktur Teks



Gb. 2.4 Panakawan pamomong para satriya

Para siswa kabeh, perlu kaweruhi yen paraga punakawan jrone pawayangan Jawa, mesthi didhapuk dadi perangan kang wigati lan mesthi anane. Punakawan duwe jejibahan ngampingi paraga satriya, utawa danawa. Miturut critane, punakawan mujudake paraga kang kadhapuk dadi pangiring sarta pandhereke para satriya utawa danawa mau. Tata lair, punakawan padha karo batur tumrap satriya bendarane. Sejatine, punakawan uga dadi pamomong lan "guru" tumrap para satriya kang dieloni. Kejaba dadi abdi, pamomong, juru panglipur utawa tukang banyol, panakawan uga kadhapuk dadi pangiket antarane pagelaran wayang kalawan para pamiyarsane. Lumantar punakawan, pamiyarsa utawa penonton bisa ngerteni pesen-pesen moral utawa kautaman kang sumirat sajrone pagelaran, kanthi basa kang wanthah. Lumantar punakawan, ajine teks carita wayang bisa luwih gampang dingerteni lan digayutake karo kanyatane urip saben dinane.

Lakoning crita sajerone wayang, bisa dingerteni lumantar lakoning paraga, pamaragan, utawa sesambungane *personase*, patrap lan pocape paraga. Sajerone lakon wayang, bab mau maujud lumantar *aktivitas* lan *makna kang kohesif* utawa trep. Sesambungan mau mangun sawijine *struktur reriptan naratif.* Jrone reriptan fiksi Jawa kang jangkep, sesambungan mau arupa *struktur tematik* (underane prakara), *struktur ruwang* (papan tumindake lakon), *struktur waktu* (titi wancine sawijine lelakon kaleksanan), lan *struktur wewatakan* (*naratif*). Kejaba iku, peprincene struktur karya, kawawas saka *struktur generike*, uga bisa kawancah dadi papat; yaiku: *orientasi, komplikasi, resolusi,* dan *koda* (*coda*).

Kanggo niti *struktur* utawa wangunane teks wayang, para siswa migatekake urut-urutan critane. Banjur perangane teks wayang kang kowaca, pilah-pilahna adhedhasar perangan *struktur generik* urut-urutane caritane, kaya ta: 1) pambuka (*orientasi*), arupa perangan pambukane carita. Perangan iki kawedhar kanggo nepungake para paragane, swasana kang dumadi, lan pamurwane lelakon, tumuju carita sabanjure. 2) pasulayan utawa konflik (*komplikasi*), arupa perangan teks kang isine bab ngrembakane sakehe perkara. Perkara-perkara kang diadhepi dening para paragane carita wayang mau, lan, perangan 3) pangudhare (resolusi), kabeh prakara kang dumadi mau. Perangan iki arupa

pamungkasane pasulayan utawa dredah jrone carita, sarta 4) panutup (*coda*), arupa panintinge dudutan dening para pamaca atau pamiyarsa .

No	Perangan struktur	Cuplikan Saripatine Carita
1.	Pambuka (*orientasi*)	Praja Ngamarta nagarane Para Pandhawa, konclang kaya katerak dahuru. Wis ana pirang-pirang wektu, negara Amarta kena pageblug, katekan lelara nggegirisi. Akeh para nayakane praja, sentana, dalah kawula kang nandhang cintraka. Kahanan mau kawiwitan saka murcane kabeh piyandele kadang Pandawa, arupa sawernane sanjata sekti.
2.	Pasulayan (*komplikasi*)	1. Saka pratikele Patih Sengkuni Kurawa nganggep yen kahanane iki mujudake sawijine kalodhangan kanggo nyirnakake para Pandhawa. 2. para Kurawa satus lan Narpati Basukarna kaperjaya dening Sang Nagarangsang, 3. Raden Arjuna nembe mangun semedi 4. Raden Janaka banjur midhanget pisambate Patih Sengkuni dalah Pandhita Durna kang nembe ginawa mlayu dening Jim sakembaran. 5. Kanthi migunakake minyak Jayengkaton, Raden Arjuna bisa ngonangi playune Jim Pesatnyawa dalah Sambernyawa, perang nanging Raden Arjuna asor yudane, lan gugur ana pabaratan. 6. Petruk, ya Ki Lurah Kanthongbolong punakawan para kadang Pandawa, sejatine sawijine gandarwa saka nagara ing dhasare samudra. 7. Petruk namur laku lan ngedegne pratapan madeg dadi pendhita, sesilih Ajar Panyukilan. 8. Kejaba ulah tapa, Ajar Panyukilan kang awatak loman, dhemen aweh usada tumrap kawula kang nandhang lelara. 9. Dene Ki Lurah Semar, Gareng dan Bagong sowan marang Praja Ngamarta nyuwun pambiyantune putra Pandhawa. 10. para satriya mau banjur ngamuk punggung ana praja Cundharante. dipapagake Sang Nagarangsang, Raden Wrekudara, Raden Gatutkaca, Raden Antareja, Raden Setyaki, sarta para satriya liyane, kasoran lan tiwas ana madyane paprangan.
3.	Pangudharing prakara (*resolusi*)	1. Raden Abimanyu minta sraya marang Ajar Panyukilan, 2. Kadang Pandhawa lan para putra kang nemahi tiwas, diusadani denging Sang Ajar, waluya temahe jati. 3. Adipati Karna kang nandhang wuta, bisa saras maneh. 4. Ajar Panyukilan uga pininta sraya dadi Senapatine prang lumawan Praja Cundharante. 5. Kabeh tetunggule praja Cundharante bisa kasor yudane dening Ajar Panyukilan 6. kena upase Nagarangsang, Ajar panyukilan badhar dadi Ki

No	Perangan struktur	Cuplikan Saripatine Carita
		Lurah Petruk. 7. Ki Lurah Petruk namakake pusaka Kembang Candra Urawan marang Nagarangsang sak wadyabalane. Nagarangsang badhar dadi pusaka Dwarawati, pusakane Prabu Kresna awujud sanjata Cakra Baskara. Jim sakembaran badhar dadi Raden Antasena dalah Raden Irawan. 8. Kadang Satriya Kajiman saka Cudharante malih rupa, bali wujud pusaka piyandele kadang Pandhawa. 9. Ratune kajiman kang bela pati kataman Kembang Candra Urawan badhar dadi Raden Sadewa, dene kembang Candra Urawan malih dadi cangkok Wijaya Kusuma, piyandele Prabu Kresna.
4.	Panutup, dudutan (*Coda*)	Gancaring carita, Praja Ngamarta lan Dwarawati bali marang kahanan sakawit, gemah ripah loh jinawi, tata titi tentrem karta raharja. Kabeh bisa rumangsa, "suradira jayaningrat, lebur dening pangastuti", Sapa salah bakal seleh,

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanggo njembarake kawruhmu ngenani urut-urutaning struktur teks carita wayang kanthi irah-irahan "Petruk madeg pandhita" mau.

1) Ing perangan pambuka, teks carita 'Petruk Madeg Pandhita" kawiwitan swasana apa?
2) Kepriye pamawasmu yen swasanane carita diowahi, beda karo lakon carita mau?
3) Kepriye yen pambukane lakon carita wayang kawiwitan kanthi sawijine konflik utawa pasulayan?
4) Apa saben pasulayan utawa konflik kudu dirampungi kanthi resulusi utawa pangudharing prakara?
5) Saupama ana sawijine lakon utawa carita wayang kang ora nduweni pangudhare prakara, caritane bisa luwih apik apa malah dadi ala?
6) Terangna pigunane perangan dudutan utawa coda sajerone teks lakon carita wayang!

Garapan 3 : Kawruh Basa lan Kasusastran

Para siswa kabeh wis mangerteni yen pasinaon bab teks carita wayang, kalebu pasinaon bab kasusastran. Teks carita wayang kang wis kita sinaoni mau, kalebu jinise teks sastra kang awujud gancaran. Kejaba awujud gancaran, ana teks carita wayang kang awujud tembang macapat, kaya kang katulis sajrone naskah lawas. Kejaba kuwi, uga ana maneh teks kang isine uga sesambungan karo carita wayang, nanging beda wujud lan jinise sastrane. Teks mau awujud balungane carita utawa pakem wayang. Teks pakem

ngono kuwi, gunane kanggo modhel utawa cengkorongan tumrap para Dhalang, nalika makarya sajerone pagelaran wayang.

Kabeh jinising teks carita wayang kaya kang kasebut mau, akeh-akehe mesthi nggunakake tembung-tembung Kawi utawa lelewaning basa minangka rerenggane basa pawayangan. Coba kanggo luwih ngerteni panggunane tembung kawi apa dene lelewane basa, tuladha ing dhuwur mau, tulisen tembung-tembung mau sajrone ukara kang prasaja. Garapen gladhen iki kaya tuladhane!

No	Tembung kawi / unen-unen:	Tegese	Ukarane :
(*)	murcane	Ilange	*Murcane* Sang Prabu agawe bingunge wong sanagara.
1.	sesilih	arane, ajejuluk	1.
2.	piyandele	pusakane,	2.
3.	namur laku	memba-memba,	3.
4.	usada	jampi, obat	4.
5.	nguningani	Meruhi	5.
(*)	nandhang cintraka	nampa kasusahan	Tekamu dadi jejampi tumrapku kang lagi *nadhang cintraka*
6.	mangun samadi	meditasi, tapa	6.
7.	kasoran ing jurit	kalah perang	7.
8.	ilang tanpa lari	angel golekane	8.
9.	cancut taliwanda	samapta, siyap-siyap	9.
10.	waluya temahe jati	rahayu, slamet, waras	10.

Pasinaon 2 :
Makarya Bebarengan: Mangun Teks Carita Wayang

Sawise para siswa kasil ngerteni apa lan maknane struktur sawijine teks crita wayang purwa, sabanjure ana ing pasinaon iki para siswa kabeh bakal dijak ngrembug lan nintingi utawa nganalisis sawijine teks wayang bebarengan.Teks wayang kang bakal dirembug mau bisa digoleki saka buku-buku wayang, majalah-majalah Jawa, utawa saka sumber-sumber liyane kalebu saka internet.

Garapan 1 : Nganalisis Unsur Instrinsik Teks Wayang Purwa

Pakaryan nggawe sawijine tintingan utawa analisis teks kawiwitan saka ngolah reringkesane carita, banjur merang sari-patine carita adhedhasar struktur generike.

1) Para siswa bebarengan ngringkes sawijine teks carita wayang kang wis kawaca, miturut basamu dhewe. Banjur bareng-bareng pilahen urut-urutan critane, susunen peranganing teks mau adhedhasar struktur generik carita.
2) Yen wis kasil, banjur lebokna perang-perangan mau marang bagan ing ing ngisor iki!

No	Perangan struktur	Cuplikan Saripatine Carita
1.	Irah-irahaning Teks Carita	".."
2.	Pambuka (*orientasi*)	1. 2. 3.
3.	Pasulayan (*komplikasi*)	1. 2. . 3. 4. 5. 6. 7. 8.
4.	Pangudhare prakara (*resolusi*)	1. 2. 3. 4. 5.
5.	Panutup, dudutan (*Coda*)	1. 2. 3.

Garapan 2 :   Nganalisis Unsur Ekstrinsik Teks Wayang Purwa

Para siswa sajerone kalodhangan iki dijak kanthi *kritis* lan *kreatif* nganalisis unsur ekstrinsik carita wayang. Wondene sing dikarepake unsur ekstrinsike carita wayang, yaiku sakehe unsur utawa perangan kang gegayutan karo *faktor-faktor* sosial-ekonomi, *faktor* kabudayan, *faktor* sosio-politik, agama, lan pranata kang diugemi sajrone bebrayan utawa masyarakat. Ana kene siswa kabeh dijak nganganlisis utawa ninthingi perangan utawa unsur ekstrinsik kang sesambungan karo sawenehing faktor mau. Tuladane ing ngisor iki:

No	Perangan struktur	Cuplikan Saripatine Carita	Unsur Ekstrinsik
1.	Pambuka (*orientasi*)	Praja Ngamarta konclang kaya katerak dahuru. Wis ana pirang-pirang wektu, negara iki kena pageblug, katekan lelara nggegirisi. Akeh para nayakane praja, sentana, dalah kawula kang nandhang cintraka. Kahanan mau kawiwitan saka murcane kabeh piyandele kadang Pandawa, arupa sawernane sanjata sekti.	1) Kahanane negara, pamarentahan, utawa bebrayan nalika katekan *musibah* utawa ketaman perkara kang ndrawasi. 2) Kahanan *chaos*, mbebayani, merga pacobaning Pangeran, lan saka salah lupute manungsa dhewe.
2.	Pasulayan (*komplikasi*)	Saka pratikele Patih Sengkuni Kurawa nganggep yen kahanane iki mujudake sawijine kalodhangan kanggo nyirnakake para Pandhawa. Para Kurawa satus lan Narpati Basukarna kaperjaya dening Sang Nagarangsang, Raden Arjuna nembe mangun semedi midhanget pisambate Patih Sengkuni dalah Pandhita Durna kang nembe ginawa mlayu dening Jim sakembaran. Kanthi migunakake minyak Jayengkaton, Raden Arjuna bisa ngonangi playune Jim Pesatnyawa dalah Sambernyawa, perang, Raden Arjuna asor yudane	1) Akeh manungsa utawa golongan sing migunakake kasengsarane liyan kanggo butuhe dhewe, ambisi politike golongane 2) Tetep ana manungsa utawa golongane manungsa sing isih eling lan waspadha, nuhoni darmane titah minangka wakiling Gusti Kang Akarya Jagad. 3) Rakyat utawa golongane wong cilik tetep nyengkuyung tumindak kang laras karo bebener, kang ditindakake paraga utawa golongan tartamtu
3.	Pangudharing prakara (*resolusi*)	....	....
4.	Panutup, dudutan	....	....

No	Perangan struktur	Cuplikan Saripatine Carita	Unsur Ekstrinsik
	(*Coda*)		....

Garapan 3 : Nganalisis Relevansine Crita Wayang

Para siswa sajerone kalodhangan iki dijak kanthi kritis lan kreatif nganalisis kepriye lan kaya ngapa sesambungan (*relevansi*) utawa gegayutane isining carita wayang karo kanyatan urip saben dinane. Analisis mau karembug sajrone teks pacelathon utawa dhialog, kang wujude:

1) asipat bebas, kanthi ngowahi wujude teks naratif arupa crita wayang kang wis kasil mbok susun mau, dadi pacelathon, utawa dhialog bebas. Isine sesambungan karo crita wayang.
2) teks pacelathon ngenani carita wayang mau, kasusun kanthi niti perangane *basa* (laras karo *undha-usuking basa*).

Tuladhane:

No	Teks Sumber : "Petruk Madeg Pandhita"
	Teks Pacelathon / Dhialog

Nonton Wayang Kulit

Dina Minggu kepungkur, aku sowan daleme Pak Dhe Sastro, bebarengan karo kancaku, Dhimas, Arif, lan Endah. Perlune, arep nyuwun pirsa bab pagelaran wayang sing nembe kaleksanan ana Bale Desa Purwantoro, dina Jumat sadurunge. Kejaba pancen kepengin sowan menyang daleme Pak Dhe, sowanku pancen ana perlu. Aku sakanca kepengin nyuwun pirsa bab wayang. Pak Dhe Sastro kuwi kamase Ibu kang mbarep, kang pidalem ana Desa Purwantoro. Nalika timure,

Pak Dhe ngasta ana DKA, ringkesan saka Djawatan Kereta Api, saiki PT Kereta Api, perangan saka Kementrian Perhubungan. Ing sela-selane nindakake pakaryane kang utama, Pak Dhe sastra uga prigel nDhalang, lan pancene Panjenengane luwih kawentar minangka Dhalang kondang. Dina Minggu iku, aku sakanca marem banget, jalaran nampa katrangan lan crita wayang kang maneka warna, lan banget negsemake. Mangkene pangandikane Pak Dhe marang aku sakanca.

....

Pak Dhe : Dadi tekamu mrene kabeh iki karepe arep nanggap critane Pak Dhe, ngono? Lha jarene sing arep mrene kancamu sak kelas, kok

iki mung bocah papat?

Aku : Inggih, Pak Dhe. (Aku mangsuli karo rada kecipuhan)
Kados ingkang sampun kula aturaken kala emben, kula sakanca kepengin sanget sinau bab ringgit kaliyan Pak Dhe. Mumpung taksih libur.
Bab sagedipun lare sekawan ingkang sowan, Arif ingkang ngertos.

Pak Dhe : Oo Nak Arif iki ta putrane Pak Marwan sing nembe kondur Haji? Piye kabar kasugengan lan tindake neng Mekah?

Arif : Pangestunipun Panjenengan, Bapak pinaringan sugeng sakonduripun saking Mekah. Mung radi gerah watuk sawatawis, mila dereng saged sowan mriki. Bab kanca-kanca sanesipun, pancen meh sedaya kepengin sowan mriki, eman sedaya sampun pikantuk jejibahan piyambak-piyambak saking sekolahan.

Pak Dhe : Kanggo pentas akhir taun kuwi, ta. Ya wis ora papa.

Arif : Inggih, eman sanget, ning kanca-kanca sami sagah sowan mriki, sanes wekdal. Kula kanca sekawan menika, pancen ingkang kajibah dados Panitia ngrangkep pemain wonten pentas nggelaraken drama wayang wulan ngajeng.

Pak Dhe : Lha dobel-dobel pakaryane, apa ora kaboten?

Endah : Lha nggih menika, Pak Dhe, Arif kaliyan Wisnu, aggenipun saged "mlokotho" kanca!

Aku : Mlokotho piye, ta nDah, wong kowe dhewe sing njaluk ngurusi apa-apa, kamangka kudu latiyan pentas barang.

Dhimas : Lha iya, Endah ki ya aneh-aneh wae, wong criwis ngono kok njaluk dadi Sembadra barang. Apa mengko ora kudu ngempet .....

Endah : He,....... ngempet apa hayoo! Karo maneh sing ndhapuk aku dadi Sembadra, sapa?
Apa pantese aku dadi Sri Kandhi ngono kae, apa dadi Banowati?

Dhimas : Dadi Sarpakenaka, ya pantes, kok En......!

Endah : Apa?! Sarpakenaka? Sakarepmu, wis. Trima mulih, aku...!

Arif : Wis, wis ah! Malah padha regejegan. Saru lho! Kok dha ora nJawani blas !!

Pak Dhe (Gumujeng, banjur ngendika)
: Ya wis, tak wiwiti wae critane. Kowe kabeh ngerti ta, pagelaran wingi bengi rak njupuk lakon "Petruk Madeg Pandhita".

Endah : Lho, sanes Petruk dadi Ratu, ta Pak Dhe ??

Dhimas : Wis ta, En. Aja nyela-nyelani wae. Lehmu criwis mbok disimpen dhisik.....

Endah (Endah mendelik, ning semu mbrabak. Dhimas klecam-klecem. Pak Dhe gumujeng)

Pak Dhe : Dudu. Petruk ora dadi Ratu, ning malah dadi Pandhita. Pada paragane, beda kalungguhan lan "peran'-e.

Endah : Tamtu langkung sae, nggih Pak Dhe....

Aku : Bab apik endi, miturut aku, mesthi padha apike. Rak inggih, Pak Dhe? Sing penting rak Dhalange. Kepriye wasis lan prigele anggone crita lan ngurip-uripi lakon wayange.

Pak Dhe : Iya, Wisnu ana benere. Dhalang banget olehe nemtokake kasil orane pagelaran wayang. Kaprigelan lan kawasisane dhalang pancen njalari pagelaran dadi lewih urip lan dhuwur pangajine. Kowe kabeh mesthi ngerti, pagelaran wayang ora mung tontonan, ning uga tuntunan.......

Arif : Kula mireng, dhalang menika pasemon saking Pengeran, inggih Pak? Ringgitipun pasemon tumrap titahipun.

Pak Dhe : Iya akeh sing ngarani mangkono. Ning sing bener, dhalang dudu Pangeran, ning mung utusan-Ne. Mung caritane dawa, kapan-kapan wae crita bab kuwi. Saiki crita wa, Petruk madeg Pandhita.

Endah : Lajeng bentenipun paraga Petruk nalika dados ratu kaliyan nalika madeg pandhita, kados pundi?

Pak Dhe : Sing genah, gandheng kalungguhane beda, mesthi beda bobote tanggung jawab lan tumindake.

Dhimas : Menawi makaten, pandhita langkung utami tinimbang ratu, inggih Pak?

Pak Dhe : Ya ora kudu utawa ora mesthi mangkono. Boboting tumindak, kaukur karo kaya ngapa utawa apa kekarepane.

Arif : "*Inna ma yakmalu bin niyah*, nggih Pak? Satuhune kabeh tumindak kudu kawiwitan saka niyat sing becik....

Endah : Wallahh kok kumeruh barang, kowe Rif!

Pak Dhe : Iya pancen Arif bener. Ning karepku ana kene, tumindake Petruk nalika dadi ratu, ya Prabu Wel Gedhuwel Beh, beda karo nalika dheweke madeg pandhita kang asesilih Ajar Panyukilan.

Endah : Adhuh, nuwun sewu Pak Dhe.... Lajeng bentenipun kados pundi?

Pak Dhe : Nalika madeg ratu dadi Sang Prabu Wel Gedhuwel Beh, Petruk nduweni kekarepan males ukum marang bendarane kang wis lali marang darmaning satriya. Bendarane, mligine Raden Janaka wis tumindak cumantaka, degsiya marang abdine. Kejaba kuwi, Ki Lurah Petruk pancen rumangsa beja bisa nggawa mlayu jimat Kalimusada, Banjur dheweke nggunakake pusaka mau kanggo sarana madeg ratu ana ing praja Loji Tengara.

Arif : Mendhet kalodhangan dados ratu, menika kalebet ambisius, inggih Pak?

Pak Dhe : Bener, bisa mangkono, senajan ora mesthi. Sing cetha, gegambaran mau laras banget karo tumindak lan kahanane urip kita saben dinane. Ana gegambaran nafsu utawa pepenginan kang tanpa ukuran, tembunge nggugoni watak durangkara, ana kang

dhemen njejegne adil, ana sing seneng gawe perkara utawa dadakan,......

Dhimas : Lajeng nalika Petruk madeg pandhita?

Endah : Pun Pak Dhe, boten usah diwangsuli. Lha neke wau midhangetaken pangandikan panjenengan, rak mesthi ngertos kekajengane Petruk nalika dados pandhita..........

....

.... (siswa kabeh bebarengan nganalisis gayutan utawa relevansine carita karo kanyatan saben dinane. Garapan iki dilarasake karo sumbere crita, lan dhapukane pacelathon sajrone tuladha mau)

Garapan 4 : Kawruh Basa lan Kasusastran

Para siswa kabeh, yen kita titi kanthi taliti, tuladha *teks dhialog* utawa pacelathon ing dhuwur mau mujudake teks kanthi trap-trapan utawa tatarane basa kang beda-beda. Basa kang digunakake paraga aku lan kanca-kancane nalika wawan gunem, dhialog karo Pak Dhe Sastro, beda karo basa kang digunakake paraga mau marang kanca-kancane. Ing kene, Bedane basa, diarani *ragam basa* arupa undha-usuke basa. Dene jinise ragam mau sajrone teks pacelathon mau ana loro, yaiku ragam ngoko lan ragam krama. Panggunane undha-usuke basa mau kudu laras karo pangetrape unggah-ungguhe basa Jawa.

Undha-usuke *basa* dhewe, tegese tatarane basa Jawa manut penganggone. Banjur kang diarani unggah-ungguhe basa iku panatane basa Jawa miturut lungguhe tatakrama. Sejatine pangetrape unggah-ungguh basa mau kanggo ngluhake awake dhewe lan ngajeni wong-wong sing dijak guneman, sing pancen kudu diajeni.

Saka owah gingsire jaman, luwih-luwih kanggo nggampangake para siswa anggone nyinaoni basa Jawa, pranatan undha-usuke basa Jawa saiki cukup kaperang dadi 2 (loro), yaiku siji,

Basa ngoko, wujude arupa ngoko lugu lan ngoko alus kaloro, tataran basa krama, dumadi saka basa krama lugu lan krama alus (inggil). Titikane saben-saben ragam basa mau, kaya ing ngisor iki.

Ngoko Lugu, wujud basane kanthi tembung-tembung ngoko kabeh, ora kacampuran tetembungan krama. Penganggone beda-beda, ing kene tumrap: 1) Kanca padha kanca sing wis akrab. 2) tumrap wong sing kalungguhane luwih dhuwur nalika sesambungan karo wong kang wong sing drajad utawa kalungguhane luwih endhek. Banjur 3) Kanggo situwasi resmi (formal) sing pancen perlu nggunakake ragam lan tembung-tembung ngoko (umpamane tulisan ing majalah utawa buku).

Tuladha panganggone ragam basa ngoko mau:

a. Dhimas weruh ora ya, yen mengko sida gladhen tari lan wayangan?
b. Kowe iku yen dijak dolan kok mesthi ora gelem, kenang apa ta?
c. Aku arep lunga menyang perpustakaan, golek buku drama tradisional.

Ngoko Alus kang wujude kanthi nggunakake tembung-tembung basa ngoko, dicampuri tetembungan krama inggil sawatara. Tembung-tembung krama sing ana, digunakake kanggo aweh pakurmatan marang mitra wicara. Dene tembung sing perlu dikramake yaiku wonge, tumindake, lan barang kang dadi duweke.

Penganggone basa Ngoko Alus tumrap: siji, antarane kanca raket nanging padha dene olehe ngajeni (umpamane wong kang padha-padha nduweni kalungguhan utawa pangkat). Loro, wong tuwa utawa wing sing luwih dhuwur drajate, marang wong enom, nanging wis akrab banget. Telu, nalika lagi ngrembug wong liya sing diajeni banget. Papat, Wanita marang sisihan (bojo)-ne, yen dheweke nggunakake basa ngoko. Lima, digunakake kanggo ngarang sawijine *karangan* ing majalah kanggo ngajeni wong sing maca.

Tuladhane:

a. Sepedha montore sida diagem ora, mas Budi?
b. *Panjenengan* wingi *diaturi pinarak* kok ora *kersa*, geneya ta?
c. Pak Dhe Sastro isih durung bisa *rawuh* saiki jalaran isih *tindak* rapat ana Kabupaten.
d. Panjenengan kok ora ndhang *siram* dhisik ta Pak, saiki wis awan lho!
e. Matur nuwun marang sapa wae sing wis *kersa paring* panyaruwe.

Krama Lugu*,* wujude tetembungan arupa tembung-tembung krama lugu, ora dicampuri krama inggil apadene ngoko*.* Basa krama lugu nduweni watak ngajeni marang sing diajak guneman nanging kurang utawa ora nemen bab aluse. Ing kene, tambahan ater-ater lan panambang nalika ndhapuk tembung. kudu dikramakake.

Penganggone yaiku: Sepisan, tumrap wong sing sadrajad nanging padha dene ngajeni. Loro, digunakake dening wong biasa sing durung nate tepung utawa durung akrab. Katelu, digunakake saben-saben paraga, sajerone swasana resmi (upamane lagi macakake rantaman adicara).

Tuladhane:

a*. Man* Bilung, Bagong taken: 'Sampeyan sampun *mbeta napa* kemawon?
b. Kula pireng, *Sampeyan* malah sampun *angsal* dhawuh, sinten ingkang *sanjang*?
c. Kula nuwun, adicara *salajengipun* inggih *punika* pagelaran ringgit wacucal.

Krama Alus*.* Perangan basa Jawa iki nggunakake basa sing luwih alus lan ngajeni banget, wujude basa krama kacampuran tembung krama inggil*.* Dene tembung sing perlu dikramakake, yaiku: wonge, tumindake, lan barang kang dadi duweke. Ana kene, awake dhewe (pamicara) ora kena dikramakake inggil.

Wondene penganggone yaiku: Kapisan, digunakake dening wong sing sadrajad utawa padha pangkate, kang padha ajen-ingajenan banget, antarane siji lan sijine. Kaloro, digunakakr marang wong sing luwih dhuwur drajade (kayata, anak marang wong tuwa, murid marang guru, abdi marang bendarane lan sapanunggalane). Kaping telu, digunakake dening wong luhur kang durung nate tepung lan durung akrab.

Tuladhane:

a. Kakang mas, menapa Panjenengan mangke estu tindak dhateng Kediri?

b. Bilih wonten dhangane penggalih Panjenengan kula aturi rawuh!

c. Nuwun sewu, menapa Panjenengan ta ingkang asma Ki Dhalang Murwa Kandha, punika?

Para siswa kabeh, coba andharan bab unggah-ungguh mau sinaunen kanthi becik, gawenen tuladha liyane saben-saben jinise. Yen wis rampung, wacanen kanthi titi swara lan rasa pangrasa sing bener lan trep.

Pasinaon 3 :

Pakaryan Mandhiri : Ngonceki Teks Crita Wayang

Teks wayang kang bakal dirembug mau bisa digoleki saka buku-buku wayang, majalah-majalah Jawa, utawa saka sumber-sumber liyane kalebu saka internet.

Garapan 1 : Nyritakake Isi lan Karepe Crita Wayang

Ana kene para siswa bakal diajak nggoleki lan banjur nyaritakake teks carita wayang kang ngandhut tema panggulawenthahe budi pakarti sajrone bebrayan

Minangka tumindak sabanjure sajrone nyinau lan ngonceki sawernane piwulang kautaman (moral) lumantar teks carita wayang, saben-saben siswa, perlu nggoleki, ngumpulake utawa *nginfentarisasi* crita wayang kang sumebar ing sumber-sumber wacan tartamtu. Teks-teks kang wis kasil dikumpulake, banjur dipilah lan dipilih miturut jinise wayang tartamtu.

Kaya andharan sadurunge, jinise wayang ing madyane kabudayan Jawa bisa kawawas saka bakale wayang (kayu, kulit, lsp), utawa bisa uga saka wernane carita kang diandharake (*Ramayana, Maha Bharata, Menak, Panji*, caritane para Nabi ing kitab suci, utawa para Wali ing tanah Jawa).

Garapan 2 : Ndhudhah lan Nanggapi Isine Teks Crita Wayang

Sajeroning kalodhangan iki, para siswa kabeh bakal dijak ngonceki piwulang kautaman sajrone lakon carita wayang lan pangetrape ing madyaning bebrayan agung.

Perlu dingerteni, saripatine panggulawenthahe budi pekerti utawa pendhidhikan moral, kang bisa dijupuk saka teks lakon carita wayang umume, biasane sesambungan karo:

1) Bebener lan tumindak adil (*kebenaran dan keadilan*) mesthi bakal ngasorake kadurjanan. Bab mau laras karo unen-unen "suradira jayaningrat lebur dening pangastuti"
2) Arepa ditutup-tutupi, sawijine tumindak ala, durjana, ing tembe mesthi bakal kaweleh, bakal konangan. Iki laras karo unine unen-unen: becik ketitik, ala ketara
3) Sakabehing tumindake manungsa, bakal ngasilake sawijine kahanan utawa akibat tartamtu. Bab iki laras karo unen-unen:ngundhuh wohing pakarti
4) Tresna kang satuhu, utawa gegayuhan luhur, mesthi mbutuhake pangurbanan tartamtu. Ana unen-unen kang laras karo bab iki, yaiku: "Jer basuki mawa beya"
5) Kabisan ngasorake diri sak tengahe bebrayan, ora ngegungake kaluwihane dhewe ana sakehe lelakon, biasane malah bisa nekakake kabegjan ing tembe burine. Unen-unene muni: "wani ngalah, luhur wekasane"



Gb. 2.5 Wayang lan lakon Carita kotemporer

Coba gawenen sawijine crita sing sumbere saka bebrayan nyata sakupengmu. Bisa uga siswa kabeh golek crita nyata utawa fiksi umum kang dumadi ing bebrayan utawa masyarakat modern jaman saiki, kanthi tema kang laras karo piwulang ndhuwur mau.

No.	Tema	Sumber carita	Isining carita
1.	"Sing salah, bakal seleh"	Teks carita lakon Brajadenta mbalela	Kamurkane Raden Brajadenta saka praja Pringgandani, kang kepengin madeg ratu, kasil kapenggak lan kasoran yudane dening raden Gatutkaca. Kuwi mau bisa kelakon saka manunggale sih-tresnane keng paman, Sang Brajamusthi saadhi-adhine para kadang Braja. Wusanane sing ngganteni ratu, Dewi Arimbi kanjeng ibune Raden Gathutkaca. Ing tembe, putrane Raden Werkudara iku mau kang ngganteni jumeneng ratu ing praja Pringgadani.
2.	"becik ketitik, ala ketara"		

3.	"ngundhuh wohe pakarti"		
4.	"Jer basuki mawa beya"		
5.	"wani ngalah, luhur wekasane"		
6.	.... Lsp		

Garapan 3 : Maca Endah Teks Crita Wayang

Para siswa kabeh, coba andharan bab unggah-ungguh mau sinaunen kanthi becik, gawenen tuladha liyane saben-saben jinise. Yen wis rampung, wacanen sawijine teks carita wayang arupa *dhialog* (pacelathon) kanthi titi swara lan rasa pangrasa sing bener lan trep. Teks mau tuladhane, kaya ta:

"*O, kaki Prabu! Menawa Arjuna wis mĕnthang langkape Gandhiwa, lĕpasing panahe kaya tumuruning banyu udan ing mangsa rĕndhĕng. Ora ana mungsuh kang ora kĕtaman ing warastrane. Nadyan kang padha sĕsingidan, mĕsthi iya kĕpandhukan. Endhonge ora bisa kĕntekan panah, kaya samodra kang cinidhuk banyune. Nadyan sepira bae panyidhuke, ora bakal bisa asat........*"

(*Mahabharata Kawedhar* – R.M. Soetarto Hardjowahono)

Sapa sing wani urip ing kene, nantang srengenge ing puthuk ngenthak-enthak. Bayi sing metu saka kuping kae gumlethak. Tinandu alang-alang, kabeh kala tinantang. Aku basukarna! Anake ibu Kunthi Nalibrata, sing ditemu kusir Adirata! apa isih kurang anggonmu munasika?

(*Meditasi Alang-alang*: Widodo Basuki, 2004)

GLADHEN WULANGAN 2

I. Pilihen wangsulan sing bener!

1. Miturut sejarahe, wayang kang asale saka negara manca iku, dianggit maneh lan bisa luwih ngrembaka lumantar kaprigelan lan kawicaksanane ....
   a. para Wali kang nyebarake kabudayan lan agama
   b. para orientalis walanda wiwit abad 19 lan abad 20
   c. para sarjana kesenian lan kabudayan kang kreatif
   d. para sutrsna kabudayan Jawa kareben lestari
   e. para Dhalang minangka sarana golek pangupa jiwa
2. Asile kabudayan, ora mung agawe para sutresnane rumangsa marem, seneng, merga nduweni tetilaran utawa warisan saka leluhur, nanging:
   a. ngundhakake asiling devisa saka manca negara
   b. ngundhakake martabat minangka bangsa berbudaya
   c. ngundhakake rasa percaya dhiri, dudu bangsa biadab
   d. ngundhakake kagunan praktis lan wawasan sing jembar
   e. ngundhakake kawruh lan filsafat hidup
3. Pagelaran lakon wayang, bisa dadi salah sawijine sarana panggulawenthah ing babagan moral lan kautaman. Jalaran ….
   a. pagelaran wayang ora mung asipat tontonan, ning uga tuntunan tumrap penontone.
   b. pagelaran wayang mujudake sarana nikelake devisa negara
   c. pagelaran wayang purwa mujudake piwulang agama kang laras karo dhasare nagara.
   d. pagelaran wayang kang maneka warna jinise, bisa nambahi ilmu lan kawruh tumrap para mudha.
   e. pagelaran wayang mujudake sarana dramatrisasi teks carita wayang saka negara manca.
4. Miturut pangandikane para sarjana sujana, ya sing asale saka manca, mligine kaum Orientalis Kulonan (Barat), apa dene para budayawan pribumi, durung dianggep ngerteni wong Jawa, yen durung tepung wayang purwa. Jalaran ....
   a. wong jawa padha tuwane dibandhing karo wayang
   b. wong Jawa biyen sing kawitane duwe wayang
   c. wayang mujudake alam pikir-pangrasane wong Jawa
   d. wayang narik kawigatene wong manca
   e. wayang jinise akeh, kabeh asil karyane wong Jawa
5. Miturut teori struktur generik, sawijing teks carita Wayang, bisa kapilah dari perangan-peranganing teks mau, kaya dene sakehing crita tradisi liyane. Perangan mau dumadi saka:
   a. orientasi - koda - resolusi - komplikasi
   b. komplikasi - resolusi - koda – revolusi
   c. resolusi – orientasi – koda – resolusi
   d. orientasi – komplikasi - resolusi - koda
   e. revolusi - komplikasi – koda – orientasi
6. Lakon wayang utawa teks carita wayang kang kagelar kanthi njupuk sumbering carita saka tanah Indu, kasebut jinis wayang ....
   a. wayang golek menak
   b. wayang purwa lan madya

c. wayang beber lan Panji
d. wayang suluh utawa pembangunan
e. wayang sadat lan wahyu

7. Perangan wiwitane carita kanggo nepungake tokoh/paraga, swasana, lan bibit kawittumuju carita sabanjure, ing struktur teks lakon diarani ….
   a. orientasi
   b. komplikasi
   c. resolusi
   d. koda
   e. revolusi
8. Dumadine perkara kang kudu diadhepi dening para tokoh/paraga, ing struktur generik teks carita wayang, diarani ….
   a. orientasi
   b. komplikasi
   c. resolusi
   d. koda
   e. revolusi
9. Cuplikan teks carita wayang kang sumbere kakawin Arjuna Wiwaha, nuduhake yen pagelaran wayang kuwi wis kaleksanan kawitan jaman Kadhiri. Ana kono uga diandharake anane paraga ....
   a. punakawan Semar, Gareng, Petruk, Bagong
   b. punakawan Togog lan Bilung
   c. punakawan Punta, Prasanta
   d. punakawan Dayun, Menak Jingga
   e. punakawan
10. Unen-unen: *ngundhuh wohing pakarti* sing biasa dadi perangan tema panulise teks carita wayang, tegese:
   a. tumindake manungsa, bakal ngasilake sawijine kahanan utawa akibat tartamtu.
   b. teks carita wayang umume sesambungan karo jagading tetanen woh-wohan
   c. ana sajrone teks carita wayang, para siswa dikenalake karo jagading tetanen
   d. para dhalang kang bakal nggunakake teks carita wayang, tedhak turune wong tani
   e. para panulise teks carita wayang percaya yen karangane bisa ngasilake dana dasih
11. Kejaba niti struktur generik, pamacane teks carita wayang bisa kaleksanan lumantar tinthingan struktur naratif, kaya ta:
   a. gambaran ngenani para paragane carita wayang, wewatakan, lakuning crita kang ngandut perangan kausalitas, kelire carita, lan pesen kautaman jroning carita.
   b. gambaran ngenani para paragane kang bisa didadekake tuladha para siswa saben dinane.
   c. gambaran ngenani para paragane, basa kang digunakake sajerone teks carita, carane nyinau basa, lan sapanunggalane.
   d. gambaran ngenani crita wayang mau, piwulang moral kang dijlentrehake sajrone pacelathon para paragane.
   e. gambaran ngenani crita wayang mau, kang laras karo kahanan jaman saiki kang bisa dadi piwulang praktis kanggo para siswa.
12. Pasinaon basa Jawa lumantar pamacane teks carita wayang, nengenake sawernane bab utama, kayata:
   a. isine teks carita wayang ngandut piwulang kabudayan Jawa kang adiluhung
   b. isine teks carita wayang ngandut piwulang kautaman, basane prasaja, critane narik kawigatene siswa

c. isine teks carita wayang migunani tumrap pangrembakaning kabudayan, menehi piwulang carane ndhalang
d. isine teks carita wayang wis tau diweruhi para siswa lumantar giyaran filem utawa sinetron Maha Bharata
e. isine teks carita wayang bisa ditulis maneh minangka pakem pedhalangan tumrap siswa kabeh.

13. Teks carita wayang sing digelar sajrone pentas pewayangan, bisa dadi sarana pasinaon basa, jalaran ....
    a. antawacanane dhalang bisa kaprungu endhek-dhuwure dening para siswa sajerone
    b. nyinau nyimak basa Jawa
    c. undha-usuke basa kang diandharake para paraga sajrone wayang, bisa didadekake tuladha panggunaning basa kang laras karo unggah-ungguh
    d. paraga Dhalang nalika ngurip-uripi wayange, bisa sinambi mulang basa Jawa
    e. basaning teks carita wayang biasane laras karo basa sing digunakake para siswa saben dinane.
14. Anane naskah pakem pedhalangan sesambungane karo teks lakon wayang, gunane kanggo ….
    a. nuntun para dhalang supaya bisa mahami urutane crita wayang sawutuhe
    b. nuntun para dhalang supaya asil pagelarane bisa luwih apik lan temata
    c. nuntun para dhalang supaya bisa ngurip-uripi lakon wayang kanthi gampang
    d. nuntun para penonton supaya bisa mahami apa kekarepane dhalang
    e. nuntun para penonton supaya bisa krasan nonton pagelaran wayang
15. Miturut kakawin *Arjuna Wiwaha*, kang ndadekake *penontone* kepencut marang lumakuning pagelaran wayang, saengga bisa njalari sumedhot rasane, yaiku ....
    a. swasana kang ngrembaka sajrone carita wayang;
    b. wayange mau, kang bisa urip saka kaprigelane dhalang
    c. wayang dipercaya nduweni piguna kang asipat magis,
    d. teks carita wayange mau, kang dayane mikat penonton
    e. kapitayane penonton marang barang gaib

II. Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi bener lan pener!

1. Apa kang diarani wayang sajrone kabudayan Jawa?
2. Kanggo apa kita perlu nyinau carita lan pagelaran wayang purwa?
3. Apa saben pasulayan utawa konflik sajerone teks carita wayang kudu dirampungi kanthi resolusi utawa pangudharing prakara?
4. Terangna pigunane perangan dudutan utawa *coda* sajeroning teks lakon carita wayang!
5. Tandhingake bedane nulis teks carita wayang, teks dhialog ngenani wayang, lan lakon pagelaran wayang purwa! Miturut pamawasmu, endi sing luwih gampang? Terangna wangsulanmu!

WULANGAN 3
WEWARAH SAJRONE LAKON

Kompetensi Dasar dan Indikator:

3.3. Memahami karakteristik bahasa lisan dalam kegiatan bermain peran, dhialog, dan berdiskusi sesuai dengan tatakrama.
- 3.3.1. Mengidentifikasi ciri ragam bahasa lisan dalam teks bermain peran.
- 3.3.2. Menganalisis karakteristik bahasa lisan dalam bermain peran.

4.3. Bermain peran, berdhialog, atau berdiskusi sesuai tatakrama.
- 4.3.1. Membaca naskah sesuai dengan peran dalam teks.
- 4.3.2. Memperagakan peran sesuai karakter tokoh dalam teks.
- 4.3.3. Menyusun teks drama sederhana.

Rampung nyinau wulangan 3 iki, para siswa kabeh diajab bisa meruhi lan ngonceki sakehe titikan (*ciri-ciri*) struktur, panggunane basa sakjerone *teks lakon* utawa drama. Para siswa diajab uga bisa trampil maknani lan nggunakake kawruh basa, bisa ngowahi wujude teks naratif dadi teks dramatik, banjur wujudake sawijine pentas drama utawa lakon.

Mbabar Wawasan

Bab Teks Lakon Abasa Jawa



Gb. 3.1 Salah sawijing adhegan ing pagelaran lakon "Kukut" sing digelar Teater Pelajar SMA Batik 1 Solo ing Taman Budaya Jawa Tengah (TBJT), Minggu (17/11/2013. (Sumber Foto: Mahardini Nur Afifah/JIBI/Solopos)

Yen nonton polatan lan sandhang panganggone, pawongan kang ana ing gambar ndhuwur nuduhake pawongan kang wis tuwa lagi nandang kasusahan. Ananging yen ditaliti kanthi nastiti, pawongan kang ana ing gambar mau pranyata isih enom. Mula gambar mangkana iku bisa nuwuhake pitakon kang maneka warna.

1) Gambar iku mujudake kadadeyan kang nyata apa karekayasa?
2) Yen iku mujudake kedadeyan kang karekayasa, kedadeyan iku dumadi ing adicara apa?
3) Apa ancase ngrekayasa kedadeyan iku?
4) Apa gunane ngrekayasa kedadeyan iku?
5) Sapa wae pawongan kang kasangkut melu ngrekayasa kedadeyan ing gambar?

Ewa semana, sawise maca katerangan gambar ing ngisore foto, kita bakal nemokake yen maneka warna pitakon iku wangsulane mung siji, yaiku: gambar mau mujudake foto pagelaran lakon. Apik lan elok ta? Yen para siswa kepengin bisa maragakake lakon kaya gambar, tindakna sakabehe garapan lan pakaryan ing wulangan 3 iki kanthi greget lan tanggung jawab!

Bab wigati sabanjure, coba andharan ngisor iki wacanen kanthi setiti.

Percaya apa ora yen ana wong kang sekolahe mung tamat SD, nduweni *moral* ngungkuli wong kang sekolahe luwih dhuwur? Pancen wewarah bab *moral* iku ora mung bisa digoleki ing bangku pamulangan utawa sekolahan wae, jalaran sumbere ilmu iku akeh cacahe. Saka kesenian, kita ora mung bisa seneng-seneng ngrasakake endahe asil karyane para seniman, ananging kita uga bisa ngundhakake ilmu lan kaweruh. Saka nonton lan maragakake lakon utawa sosiodrama, kita bisa antuk pitutur luhur werna-werna kang sok ora tinemu ing sekolahan lan bebrayan.

Pitutur luhur kang awujud wewarah iku pungkasane bisa nuwuh lan ngrembakakake *moral* kang migunani ing alam bebrayan. Manungsa iku diajeni ing bebrayan, ora jalaran saka akehe gelar, drajat, lan pangkate, ananging jalaran saka *moral* e kang becik.

Tembung *moral* asale saka basa Laten *mores* kang tegese: kasusilan, tabiat, utawa solah bawa. Sabanjure, *moral* nduweni teges: tuntunan-tuntunan, wejangan-wejangan, pranatan lisan utawa tinulis bab kepriye manungsa kudu urip lan tumindak.

Pagelaran lakon, bisa dadi salah sawijine sarana nggegulang *moral* kang cocok lan trep. Amarga, tuntunan lan wulangan ing pagelaran lakon ora nduweni sifat *doktriner* kang meksa, ananging kanthi lumantar nonton, ngrungokake lan ngrasakake, wewarah bab *moral* bisa rumesep lan kajiwaraga. Pagelaran lakon kang sumbere saka kedadeyan-kedadeyan kang ana ing masyarakat, nduweni nile-nile kang endah, unik lan adi luhung. Paraga utawa tokoh-tokoh ing lakon kang nduweni watak becik, bisa dadi conto lan tuladha. Apa maneh yen pagelaran lakon iku migunakake basa Jawa, mesthine luwih akeh maneh wewarah kang bisa didudut, awit ing basa Jawa ana unggah-ungguh kang nuntun manungsa supaya tumindak netepi tata krama. Mula saka iku kita wajib nelakake rasa syukur ing ngarsane Gusti Kang Maha Welas, awit wis kanugraha basa kang edi peni lan murakabi.

Pasinaon 1

Modhel teks pinilih : Nyinau Teks Lakon (Drama)

Sajrone pasinaon 1 para siswa bakal sinau babagan teks lakon utawa sosiodrama. Kanggo sarana sinau, para siswa kaajak mbedhah teks lakon kanthi irah-irahan "Nulung Menthung".

Garapan 1 : Nyemak Teks Lakon "Nulung Menthung"

Sadurunge maca teks lakon kanthi irah-irahan "Nulung Menthung", wangsulana pitakon-pitakon iki!

1) Apa awakmu wis tau nonton lakon?
2) Apa gunane nonton lakon?
3) Apa sing kok weruhi ngenani lakon?
4) Kepriye carane supaya lakon bisa nuwuh lan ngrembakakake piwulang bab *moral* 'kasusilan'?
5) Kepriye basa sing digunakake sajerone lakon?

Kanggo narik kawigaten ing sajrone adicara penyuluhan utawa sosialisasi, biasane panitia utawa penyaji materi nyuguhake drama cekak kang awujud lakon utawa sosiodrama. Drama cekak kasebut digelar sadurunge penyuluhan utawa ceramah, sabanjure para rawuh kaajak diskusi ngenani tema utawa isine drama kagathukake karo kasunyatan lan pranatan sing lumaku.

Lakon utawa sosiodrama (yen ing televisi asring kasebut fragmen), yaiku teks cerita naratif sing kagelar kanthi wujud drama prasaja (tanpa rerenggan tata artistik) sing nduweni ancas kanggo sesuluh ngenani bab-bab kang magepokan karo *fenomena sosial*, tuladhane: kenakalan remaja, narkoba, gambaran kaluarga sing *otoriter*, lan liya-liyane. Amarga sipate sing prasaja, lakon uga asring kagelar ing adicara pahargyan ing sekolahan, bale desa, plataran mushola lan papan liyane kagandheng karo kesenian lan adicara liyane.

Lumantar lakon kita bisa: a) ngatonake lan ngetokake rasa pangrasa, b) antuk wawasan anyar bab paugeran lan pranatan sing gumathok, c) ngundhakake kaweruh bab tatacara ngudhari reruwet lan perkara kanthi maneka cara.

Supaya awakmu luwih paham ngenani bab teks lakon, ing ngisor iki kababar sawijine teks kanthi irah-irahan "Nulung Menthung".

Naskah Lakon

"Nulung Menthung"

Dening: Auliya Akbar

Swasana ***: Ing bale (ruang tamu), Liesmina mbagekake rawuhe Pak Warta kang lagi dolan tilik putu.***

Antawacana :

Pak Warta : Assalamualaikum
Liesmina : Waalaikum Salam, mangga-mangga, Ibu kok boten ndherek?
Pak Warta : Ora, iki mau aku lagi bar njupuk pensiun saka kantor Pos Caruban. Aku ruh bocah mulih sekolah dhampyak-dhampyak, aku kelingan karo Budi

putuku, aku njur numpak ojek mrene!

Liesmina : Ibu mangke napa boten madosi?

Pak Warta : Ibu mu lagi rewang ing daleme Bu Lina kidul omah, lan ya wis tak SMS. Hla awakmu kok ya kadingaren ana ngomah?

Liesmina : Niki wau bakda kerja bakti penghijauan massal, kangge ngirangi pangaribawaning pemanasan global. Mila kalih Kepala kantor dipunidini mantuk enjing. Najan kraos kesel nanging remen.

Pak Warta : (*clingukan*) Budi ing ngendi kok ora katon, apa wis bubuk…apa ngaji ing TPA? Iki dakgawakake jajan pasar. (*maringaken Jajan*)

Liesmina : Inggih matur nuwun, mangga lenggah (*nampa jajan karo nyumanggakake lenggah, ulate sing maune sumringah owah dadi peteng*)! Budi kok bubuk siyang utawi ngaji, lare niku duka pripun? mbandhel, luput suwuk Pak!

Pak Warta : Luput suwuk piye? Apa malih nakal? Apa males sinau?

Liesmina : Boten namung mekaten. (*karo lungguh madhep Pak Warta*) Saben wangsul sekolah, boten nate langsung mantuk teng nggriya, nanging langsung teng warnet…main *game online*… napa *play station*.

Pak Warta : Ing ngendi olehe dolanan?

Liesmina : Ing warnet sakilenipun pratigan nika. Malah kala wingi sonten kula purugi, kula malah diamuk, kula ditundhung ken wangsul. Mila lajeng kula ajar teng enggen. Rebo…wingi malah kula ditimbali teng sekolahanipun, awit Budi asring nyuwuni arta kancane…istilah mriki malak utawi mreman ngoten.

Pak Warta : (*Ambegan landhung*) Sing dakkuwatirake dhek biyen pranyata wis kelakon. Bapak wis nate ngelingake, nalika bojomu metu saka pabrik gula lan nggunakake pesangon saka pabrik minangka modhal dadi rentenir, bapak wis meling, "Aja, aja nganakake dhuwit"! Jalaran wong nganakake dhuwit iku dadi larangan negara lan agama.

Liesmina : Lajeng menapa gegayutanipun kalih Budi yoga kula?

Pak Warta : Wong sing mangan dhuwit anakan iku kena diparibasakake "mangan getihe liyan", jalaran wong sing nyaur utang iku mesthi ora ikhlas. Apa sing dipangan lan diombe anakmu iku dadi daging, balung, getih, tenaga, pikiran, lan tingkah polah. Yen barang sing dipangan asale ora bener, budi pekertine anakmu ya mesthi keblinger.

Anggada : Hlo…Bapak! Kula kinten Pak Widodo nasabah kula saking Njiwan. Sampun dangu Pak? (*mlebu salaman karo ngambung astane Pak Warta, banjur melu lungguh*)

Liesmina : Bapak rawuh menika wau dereng dangu, ngendikane kapang kalih Budi. Nanging Budi dereng mantuk, lajeng kula aturi yen Budi sak menika tambah nakal.

Anggada : Inggih Pak! Kados pundi menika? Kamangka sampun kula *kursus*-aken, sampun kula *les*-aken teng Bimbingan Belajar ingkang kondhang, larene kok pancet goblok mawon. Raport-e jiiian, ngisin-ngisini!!!

Pak Warta : Hla awakmu ya tau ngancani Budi sinau?

Anggada : Ahh… boten sempat Pak, boten wonten wekdal. Yen pinuju tanggal nem, sok-sok kula nagih ngantos dalu, awit nasabah kula sakniki sampun sumebar wiwit Madiun ngantos Ngawi.

Pak Warta : Yen ngono saiki aku wis ngerti. Budi dadi nakal lan bijine elek, iku sababe ana ing wong tuwane sakloron. Sing sepisan, Budi iku kurang

kasih sayang, kekurangan rasa welas asih.

Liesmina : Ah…rumaos kula kok boten Pak. Budi niku sangune, yen ditandhing kalih kanca-kancane malah paling kathah. Sandhang panganggone, nggih kula tumbasaken ingkang paling modhis. HP-ne paling canggih, inggih paling awis. Dados bab kasih sayang, Budi mboten kekirangan.

Pak Warta : Awakmu iku gagal mahami kasih sayang utawa welas asih. Donya brana sing mbok grojogake marang Budi iku mung mujudake saperangan cilik saka rasa welas asih. Budi nduweni tingkah polah sing kaya mangkono iku, sejatine mung golek kawigaten.

Anggada : Nanging kula merdamel ngantos "suku kula damel sirah, sirah kula damel suku", menika mangkene rak inggih kangge Budi.

Pak Warta : Mosok nyempatna wektu sedhela wae ora bisa, mumpung durung kebacut. Yen nganti kasep, mengko sida ana "anak polah bapa kepradah". Yen iku sing dumadi, ndonya sak isine ora bisa kanggo nuku rasa isin lan getunmu.

Liesmina : Inggih, mangke badhe kula cobi nata jadwal merdamel kula.

Pak Warta : Sing angka loro (*nyawang Anggodo*), supaya anakmu bisa pinter uteke lan bener tumindake…gatekna apa sing dipangan!

Anggada : Ooo…yen bab pangan…gizi…Budi mboten kirang. Pancen leres, kompor ing griya niki mboten nate ngebul. Jalaran, ing zaman ingkang sarwa instan menika…kanthi gampil kula kantun nilpun…nengga sekedhap… masakan saking restoran siap saji sampun dugi. Kantun nedha, raosipun sarwa mirasa.

Pak Warta : Sing dakkarepake iku dudu wujude panganan, nanging asal-usule dhuwit sing mbok blanjakake kanggo kulawargamu. Ringkese, lerenana anggonmu dadi rentenir!

Anggada : Hla…kenging menapa kula kedah kendel? Wong pakaryan kula mboten ngrugekaken tiyang, kula malah nulung tiyang ingkang nandang kesusahan.

Pak Warta : Katone pakaryanmu iku nulung, ning sejatine menthung!

Anggada : Kok ngaten?

Pak Warta : Saiki coba delengen! (*mandheg sedhela*) Kepriye nasibe wong-wong sing jaremu mbok tulung, tambah untung apa tambah buntung?

Anggada : Inggih pancet mawon. (*matur alus*) Malah Pak Brodin kidul lepen nika minggu wingi badhe utang malih, kamangka cicilanipun tasik kathah. Mila mboten kula sukani malih, nanging wusananipun malah utang tiyang sanes. Kula ngertos, lajeng kula tagih peksa…sepedhane kula sita, kula sade.

Liesmina : Kamangka…niku sepedha sing dienggo sekolah putrane.

Pak Warta : Wusanane… Pak Brodin saanak bojone mesthi gething lan muring. Sabanjure mesthi ndonga ala tumrap awakmu sakulawargamu. Ya iki sing njalari memala tumrap bale somahmu.

Liesmina : Inggih Mas Anggodo, dhawuhe bapak miturut kula… leres. Wiwit sakniki, mangga dipunkendeli pakaryan Panjenengan.

Anggada : Banjur aku mergawe apa?

Pak Warta : Hla wong omah pinggir dalan gedhe kok bingung, ya adeg toko pakaian apa mracang rak bisa.

Anggada : Inggih kula nurut, kula ndherek dhawuhe Bapak.

Kanggo njajagi jerone pangertenmu ing babagan isining teks lakon kanthi irah-irahan "Nulung Menthung" kasebut, awakmu bisa mangsuli pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi jangkep lan bener.

1) Sapa wae tokoh ing teks lakon kanthi irah-irahan "Nulung Menthung"?
2) Ing endi papan dumadining crita?
3) Apa perkara kang muncul ing teks lakon kasebut?
4) Kepriye urutan kedadeyane crita?
5) Apa kang dirasakake dening para tokoh ing teks lakon kasebut?
6) Tulisen bakune rembug utawa ide pokok kang dadi punjere crita!
7) Tulis perangan teks kang mujudake pambukaning crita!
8) Tuduhake perangan teks kang mujudake intine crita, yaiku perangan kang nggambarake dumadine dredah utawa pasulayan!
9) Pasulayan ing crita kasebut karampungi kanthi cara kepriye?
10) Pesen utawa wejangan apa kang pengin diandharake dening panulis?

Garapan 2 : Nemokake Struktur Teks Lakon

Minangka teks crita naratif, teks lakon nduweni *struktur* utawa wangunan kang dumadi saka: a) ***jejer*** (orientasi), yaiku perangan wiwitane crita kanggo nepungake tokoh/paraga, swasana, lan bibit kawit tumuju crita sabanjure, b) ***pasulayan*** (komplikasi), yaiku dumadine perkara kang kudu diadhepi dening para tokoh/paraga, lan c) ***pangudhare prakara*** (resolusi), yaiku pungkasan karampungane pasulayan utawa dredah.

Sawise maca kanthi titi teks lakon kanthi irah-irahan "Nulung Menthung" kasebut tindakna pakaryan-pakaryan ing ngisor iki:

a. Gatekna tabel struktur teks iki!

No	Stuktur Teks	Kutipan Teks
1	Jejer	Pak Warta : Assalamualaikum Liesmina : Waalaikum Salam, mangga-mangga, Ibu kok mboten ndherek? Pak Warta : Ora, iki mau aku lagi bar njupuk pensiun saka kantor Pos Caruban. Aku ruh bocah mulih sekolah dhampyak-dhampyak, aku kelingan karo Budi putuku, aku njur numpak ojek mrene! Liesmina : Ibu mangke napa mboten madosi? Pak Warta : Ibu mu lagi rewang ing daleme Bu Lina kidul omah, lan ya wis tak SMS. Hla awakmu kok ya kadungaren ana ngomah? Liesmina : Niki wau bakda kerja bakti penghijauan massal, kangge ngirangi pangaribawaning *pemanasan global*. Mila kalih Kepala kantor dipunidini mantuk enjing. Najan kraos kesel nanging remen. Pak Warta : (*clingukan*) Budi ing ngendi kok ora katon, apa

No	Stuktur Teks	Kutipan Teks
		wis bubuk...apa ngaji ing TPA? Iki dak gawakake jajan pasar. (*maringaken Jajan*)
2	Pasulayan	Liesmina : Inggih matur nuwun, mangga lenggah (*nampa jajan karo nyumanggakake lenggah, ulate sing maune sumringah owah dadi peteng*)! Budi kok bubuk siyang utawi ngaji, lare niku duka pripun? mbandhel, luput suwuk Pak! Pak Warta : Luput suwuk piye? Apa malih nakal? Apa males sinau? Liesmina : mboten namung mekaten. (*karo lungguh madhep Pak Warta*) Saben wangsul sekolah, boten nate langsung mantuk teng nggriya, nanging langsung teng warnet...main game online... napa playstation. Pak Warta : Ing ngendi olehe dolanan? Liesmina : Ing warnet sa kilenipun pratigan nika. Malah kala wingi sonten kula purugi, kula malah diamuk, kula ditundhung ken wangsul. Mila lajeng kula ajar teng enggen. Rebo...wingi malah kula ditimbali teng sekolahanipun, awit Budi asring nyuwuni arta kancane...istilah mriki malak utawi mreman ngoten. Pak Warta : (*Ambegan landhung*) Sing dakkuwatirake dhek biyen pranyata wis kelakon. Bapak wis nate ngelingake, nalika bojomu metu saka pabrik gula lan nggunakake pesangon saka pabrik minangka modhal dadi rentenir, bapak wis meling, "Aja, aja nganakake dhuwit"! Jalaran wong nganakake dhuwit iku dadi larangan negara lan agama. Liesmina : Lajeng menapa gegayutanipun kalih Budi yoga kula? Pak Warta : Wong sing mangan dhuwit anakan iku kena diparibasakake "mangan getihe liyan", jalaran wong sing nyaur utang iku mesthi ora ikhlas. Apa sing dipangan lan diombe anakmu iku dadi daging, balung, getih, tenaga, pikiran, lan tingkah polah. Yen barang sing dipangan asale ora bener, budi pekertine anakmu ya mesthi keblinger. Anggada : Hlo...Bapak! Kula kinten Pak Widodo nasabah kula saking Njiwan. Sampun dangu Pak? (*mlebu salaman karo ngambung astane Pak Warta, banjur melu lungguh*) Liesmina : Bapak rawuh menika wau dereng dangu, ngendikane kapang kalih Budi. Nanging Budi dereng mantuk, lajeng kula aturi yen Budi sak

No	Stuktur Teks	Kutipan Teks
		menika tambah nakal. Anggada : Inggih Pak! Kados pundi menika? Kamangka sampun kula *kursus*-aken, sampun kula *les*-aken teng Bimbingan Belajar ingkang kondhang, larene kok pancet goblok mawon. Raport-e jiiian, ngisin-ngisini!!! Pak Warta : Hla awakmu ya tau ngancani Budi sinau? Anggada : Ahh… boten sempat Pak, boten wonten wekdal. Yen pinuju tanggal nem, sok-sok kula nagih ngantos dalu, awit nasabah kula sak niki sampun sumebar wiwit Madiun ngantos Ngawi. Pak Warta : Yen ngono saiki aku wis ngerti. Budi dadi nakal lan bijine elek, iku sababe ana ing wong tuwane sakloron. Sing sepisan, Budi iku kurang kasih sayang, kekurangan rasa welas asih. Liesmina : Ah…rumaos kula kok mboten Pak. Budi niku sangune, yen ditandhing kalih kanca-kancane malah paling kathah. Sandhang panganggone, nggih kula tumbasaken ingkang paling modhis. HP-ne paling canggih, inggih paling awis. Dados bab kasih sayang, Budi mboten kekirangan. Pak Warta : Awakmu iku gagal mahami kasih sayang utawa welas asih. Donya brana sing mbok grojogake marang Budi iku mung mujudake saperangan cilik saka rasa welas asih. Budi nduweni tingkah polah sing kaya mangkono iku, sejatine mung golek kawigaten. Anggada : Nanging kula merdamel ngantos "suku kula damel sirah, sirah kula damel suku", menika mangkene rak inggih kangge Budi. Pak Warta : Mosok nyempatna wektu sedhela wae ora bisa, mumpung durung kebacut. Yen nganti kasep, mengko sida ana "anak polah bapa kepradah". Yen iku sing dumadi, ndonya saisine ora bisa kanggo nuku rasa isin lan getunmu. Liesmina : Inggih, mangke badhe kula cobi nata jadwal merdamel kula. Pak Warta : Sing angka loro (*nyawang Anggodo*), supaya anakmu bisa pinter uteke lan bener tumindake… gatekna apa sing dipangan! Anggada : Ooo…yen bab pangan…gizi…Budi mboten kirang. Pancen leres, kompor ing griya niki mboten nate ngebul. Jalaran, ing zaman ingkang sarwa instan menika…kanthi gampil kula kantun nilpun…nengga sekedhap…

No	Stuktur Teks	Kutipan Teks
		masakan saking restoran siap saji sampun dugi. Kantun nedha, raosipun sarwa mirasa.
3	Pangudhare Prakara	Pak Warta : Sing dak karepake iku dudu wujude panganan, nanging asal-usule dhuwit sing mbok blanjakake kanggo kulawargamu. Ringkese, lerenana anggonmu dadi rentenir! Anggada : Hla...kenging menapa kula kedah kendel? Wong pakaryan kula boten ngrugekaken tiyang, kula malah nulung tiyang ingkang nandang kesusahan. Pak Warta : Katone pakaryanmu iku nulung, ning sejatine menthung! Anggada : Kok ngaten? Pak Warta : Saiki coba delengen! (*mandheg sedhela*) Kepriye nasibe wong-wong sing jaremu mbok tulung, tambah untung apa tambah buntung? Anggada : Inggih pancet mawon. (*matur alus*) Malah Pak Brodin kidul lepen nika minggu wingi badhe utang malih, kamangka cicilanipun tasik kathah.Mila mboten kula sukani malih, nanging wusananipun malah utang tiyang sanes. Kula ngertos, lajeng kula tagih peksa...sepedhane kula sita, kula sade. Liesmina : Kamangka...niku sepedha sing dienggo sekolah putrane. Pak Warta : Wusanane... Pak Brodin saanak bojone mesthi gething lan muring. Sabanjure mesthi ndonga ala tumrap awakmu sakulawargamu. Ya iki sing njalari memala tumrap bale somahmu. Liesmina : Inggih Mas Anggodo, dhawuhe bapak miturut kula... leres. Wiwit sakniki, mangga dipun kendeli pakaryan Panjenengan. Anggada : Banjur aku mergawe apa? Pak Warta : Hla wong omah pinggir dalan gedhe kok bingung, ya adeg toko pakaian apa mracang rak bisa. Anggada : Inggih kula nurut, kula ndherek dhawuhe Bapak.

b. Sawise nggatekna tabel *struktur* teks lakon ing dhuwur, saiki coba talitinen apa kutipan teks ing dhuwur wis trep karo struktur teks kang ana?
   Yen kaanggep wis trep, apa sebabe?
c. Yen kaanggep durung trep, apa alasane? Perangan endi saka kutipan teks kang kaanggep kurang utawa luwih?

Garapan 3 : Ngidhentifikasi Titikane Basa Lisan ing Teks Lakon



Gb. 3.2 Salah sawijing adegan ing pagelaran lakon "Kukut" sing digelar Teater Pelajar SMA Batik 1 Solo ing Taman Budaya Jawa Tengah (TBJT), Minggu (17/11/2013.
Sumber Gambar: Mahardini Nur Afifah/JIBI/Solopos

Bab pokok kang mbedakake antarane teks lakon karo teks *prosa* 'gancaran' liyane yaiku anane antawacana sajrone teks lakon. Antawacana (*dhialog* 'guneman'), yaiku caturane para tokoh utawa paraga sajerone adhegan.

Amarga antawacana ing teks lakon iku mujudake teks tulis kang arep diucapake kanthi lisan, mula titikane antawacana uga padha karo *titikane basa lisan*.
Gatekna tabel analisis titikane basa lisan ing teks lakon "Nulung Menthung" saka perangan **jejer** ing ngisor iki!

No.	Titikane Basa Lisan	Tuladha Kutipan Teks	Analisis
1	Ana kang guneman utawa caturan kanthi adu arep.	Pak Warta : Assalamualaikum Liesmina : Waalaikum Salam, mangga- mangga, Ibu kok mboten ndherek?	Pak Warta guneman utawa caturan kanthi adu arep karo Liesmina.
2	Unsur gramatikal (pandhapuking ukara) ora kapratelakake kanthi jangkep.	Pak Warta : Ora, iki mau aku <u>bar</u> njupuk pensiun saka kantor Pos Caruban. Aku <u>ruh</u> bocah mulih sekolah dhampyak-dhampyak, aku kelingan karo Budi putuku, aku <u>njur</u> numpak ojek mrene!	Tembung sing digaris ing ngisore iku, miturut tata gramatikal sing bener mesthine dadi <u>bubar</u>, <u>weruh</u>, lan <u>banjur</u>.
3	Kaiket dening panggonan lan wektu	Pak Warta : Assalamualaikum Liesmina : Waalaikum Salam, mangga- mangga, Ibu	Guneman antarane Pak Warta karo Liesmina dumadi ing

No.	Titikane Basa Lisan	Tuladha Kutipan Teks	Analisis
		kok boten ndherek?	panggonan lan wektu kang siji.
4	Pangetrapane kasengkuyung intonasi, praupan, lan swasana.	Pak Warta : (*clingukan*) Budi ing ngendi kok ora katon, apa wis bubuk…apa ngaji ing TPA? Iki dak gawakake jajan pasar (*maringaken jajan*)	Anggone ngucapake guneman kacundhukake karo intonasi, praupan, lan swasana kang ana, yaiku *clingukan lan maringaken jajan*.

a. Jangkepana tabel analisis titikane basa lisan ing teks lakon "Nulung Menthung" saka perangan **pasulayan** ing ngisor iki!

No.	Titikane Basa Lisan	Tuladha Kutipan Teks	Analisis
1	Ana sing guneman utawa caturan kanthi adu arep.		
2	Unsur gramatikal (pandhapuke ukara) ora kapratelakake kanthi jangkep.		
3	Kaiket dening panggonan lan wektu		
4	Pangetrapane kasengkuyung intonasi, praupan, lan swasana.		

b. Jangkepana tabel analisis titikane basa lisan ing teks lakon "Nulung Menthung" saka perangan **pangudhare prakara** ing ngisor iki!

No.	Titikane Basa Lisan	Tuladha Kutipan Teks	Analisis
1	Ana sing guneman utawa caturan kanthi adu arep.		

No.	Titikane Basa Lisan	Tuladha Kutipan Teks	Analisis
2	Unsur gramatikal (pandhapuke ukara) ora kapratelakake kanthi jangkep.		
3	Kaiket dening panggonan lan wektu		
4	Pangetrapane kasengkuyung intonasi, praupan, lan swasana.		

Garapan 4 : Nganalisis Titikane Basa Lisan ing Teks Lakon

Sawise para siswa kabeh kasil niteni titiksnr basa lisan sajrone teks lakon kaya kang wis kawedhar sadurunge, para siswa kabeh uga wis dijak ngidentifikasi titikane basa lisan mau kanthi bukti nyata saka jerone teks lakon "*Nulung Methung*, ing kalodhangan iki para siswa dijaluk nggoleki tuladha teks lakon liyane, banjur golekanana titikaning basa lisan kaya kang wis boktindakake mau.

Pasinaon 2 :

Makarya Bebarengan : Mangun Sawijine Teks Lakon

Sawise mbedhah sawijine teks lakon, ana ing kagiyatan 2 para siswa bakal kaadhepake karo pakaryan kang luwih praktis, yaiku mujudake sawijine pagelaran drama adhedhasar teks lakon. Para siswa kaajab kanthi greget, *disiplin*, lan percaya marang kabisane pribadi, makarya bebarengan karo kanca ing kelompok mentasake tontonan lakon.

Garapan 1 : Maca Teks Lakon Laras karo Teknik Pamaragan

Pamacane teks lakon beda karo pamacane teks sastra liyane, kaya teks guritan, cerkak, utawa gancaran liyane. Anggon kita maca lan ngerteni teks lakon utawa drama uga beda. Para siswa kabeh wis ngerti yen reriptan guritan katulis kanthi bleger baris lan pada, cerkak lan gancaran liyane katulis kanthi bleger paragraf.

Teks lakon katulis kanthi bleger kang dumadi saka katrangan bab: a) tokoh (pawongan sing kagambarake watak lan lakune), b) antawacana (gunemane para takoh), c) swasana (latar, busana, paes), lan d) pituduh laku (tingkah sing kudu ditindakake paraga).

Mula saka iku, pamacane teks lakon kajumbuhake karo watak paraga sajerone lakon. Para siswa kudu gladhen gladhen mujudake peran lan wewatakane paraga jroning lakon.

Para siswa diajal nirokake karaktere paraga, gladhen maca nganti apal antawacana lan perangan naskah sing dadi tanggung jawabe.

Coba teks lakon kang wis disinau struktur lan isine mau, diwaca kanthi nggatekake pranatane teks lakon kaya pranatane.

Garapan 2 : Ndhudhah Ajine Moral Sajrone Teks Lakon

Kaya dene teks asil cipta sastra liyane, teks lakon "Nulung Menthung" uga nduweni tuntunan-tuntunan utawa wejangan-wejangan kang pengin diandharake dening panulis kang awujud piwulang babagan *moral* utawa budi pekerti.

Piwulang *moral* ing teks asil cipta sastra kagolong dadi papat, yaiku: 1) moral marang Gusti Kang Maha Kawasa, 2) moral marang sapadha-padha manungsa, 3) moral marang dhiri pribadi, lan 4) moral marang alam lingkungan.

Supaya bisa nemokake ajine moral ing teks lakon"Nulung Menthung", jangkepana tabel ing ngisor iki:

No.	Piwulang Moral	Kutipan Teks
1	Moral sesambungan karo Gusti Kang Maha Kawasa	
2	Moral sesambungan karo sapadha-padha manungsa	
3	Moral sesambungan karo dhiri pribadi	
4	Moral sesambungan karo alam lingkungan	

Garapan 3 : Ngayahi Pamaragane Teks Lakon

Supaya anggone mentasake lakon ora nguciwani, sadurunge mentasake lakon perlu nindakake ayahan-ayahan iki:

a. Netepake tema utawa irah-irahan lakon kang arep kagelar.

Minangka sarana Garapan, para siswa bisa milih teks lakon "Nulung Menthung" utawa teks lakon liyane. Yen para siswa netepake teks lakon "Nulung Menthung" minangka teks kang arep kapentasake, cacahe anggota kelompok dumadi saka 3 siswa cundhuk karo cacahe tokoh kang ana ing teks. Semono uga yen milih teks lakon liyane, cacahe angggota kelompok uga kudu padha karo cacahe tokoh kang arep kaparagani ing teks kang kapilih, supaya kabeh anggota kelompok bisa kebageyan peran.

b. Andum gawe, yaiku netepake dhalang lan para paraga.
   Sawise netepake irah-irahan lakon kang arep kagelar lan gawe kelompok, saiki bisa katerusake ing tataran andum gawe. Sepisanan sing kudu katetepake, yaiku dhalang utawa sutradhara. Jalaran dhalang minangka pawongan kang nduweni wenang milih lan ngatur samubarang wiwit sadurunge nganti sarampunge pagelaran. Dhalang sabanjure milih para paraga utawa actor kacundhukake karo wewatake tokoh ing sajeroning teks.
c. Ndhudhah scenario (naskah/teks).
   Teks lakon yaiku karangan kang awujud scenario jangkep, sekabehane kaandharake kanthi rinci dening panulis naskah, kalebu pirantine pagelaran (perabotan, busana, lan paes) kang kudu dicepakake. Sadurunge lakon kagelar, scenario kudu didhudhah lan dibabar supaya gambaran kasar ngenani swasana lakon sajerone naskah kasebut bisa kabayangake.
d. Gladhen maca lan tingkah
   Wiwitane, dhalang njlentrehake kanthi cekak aos bakuning crita lan menehi tuladha pamacane naskah kajumbuhake karo watak tokoh sajerone lakon, banjur para paraga gladhen nirokake. Ing papan lan wektu liya, kanthi mandhiri para paraga gladhen maca nganti apal antawacana lan perangan naskah sing dadi tanggung jawabe, kalebu gladhen tingkah polah lan polatan kajumbuhake karo panjaluke naskah.

Garapan 4 : Maragakake Teks Lakon Sajrone Pagelaran



Gb. 3.3 Happy Salma lagi maragani lakon
Sumber Gambar: ANTARA/Teresia May

Saiki wektune para siswa mamerake kawasisane kanthi ngetog sakabehe karosan, lan kaprigelan kang wis kasiapake kanthi jlimet, titi, lan tutug. Dhalang lan para paraga ing pagelaran kanthi saiyeg saeka kapti makarya bebarengan nggelar lakon kanthi bombong lan bungah.

Pagelaran lakon bisa lumaku kanthi lancar lan apik, yen sekabehe pawongan kang kasangkut ing sajerone pagelaran bisa makarya bebarengan kanthi linambaran rasa seneng lan tanggung jawab.

Nalika salah sawijine kelompok lagi oleh giliran nggelar lakon, kelompok liyane kanthi tinarbuka lan jujur menehi pambiji, panemu, lan panyaruwe. Bab kang perlu oleh kawigaten yaiku:

a. Suara
   Sajerone pagelaran lakon, paraga kudu bisa ngatur suara supaya antawacanane bisa kaprungu kanthi jelas dening pamiarsa ing sajerone gedhung utawa panggung. Paraga lakon kudu bisa ngatur: 1) *intensitas* (kekuatan/seru-lirihe suara), 2) *intonasi* (nadha/endhek-dhuwure suara), lan 3) *artikulasi* (kedal/obah lan menga-mingkeme tutuk).

b. Polatan
   Paraga lakon kudu bisa mitontonake polatan (*ekspresi wajah*) sedhih, gething, srengen, seneng, wedi, bingung, sombong, ngantuk, lan utawa jumbuh karo panjaluke naskah.
c. Polah Tingkah
   Sakabehe polah tingkah paraga lakon kudu mujudake obah mosik sing kaseja. Polah tingkah iku kudu laras, imbang, lan wajar kaya panjaluke naskah.

Pambiji, panemu, lan panyaruwe saka para siswa, bisa digunakake tabel ing ngisor iki:

No.	Kelompok	Swara	Polatan	Tingkah Polah	Katrangan
1					
2					
3					
4					
5					
6					
...					

Pasinaon 3 :
Pakaryan Mandhiri : Mangun Sawijine Teks Lakon

Makarya kanthi bebarengan pranyata bisa nuwuhake swasana guyub rukun. Saiki kanggo nuwuh lan ngrembakakake jiwa mandhiri lan daya cipta para siswa, ana ing kagiyatan 3 para siswa bakal kaadhepake karo pakaryan mandhiri. Para siswa kaajab kanthi mandhiri, tanpa arep-arep pitulungane liyan bisa nulis teks lakon sing apik lan bener.

Garapan : Nulis Teks Lakon

Teks lakon beda karo teks guritan, cerkak, utawa gancaran liyane. Yen guritan katulis kanthi bleger baris lan pada, cerkak lan gancaran liyane katulis kanthi bleger paragraf. Ananging teks lakon katulis kanthi bleger kang dumadi saka: a) tokoh (pawongan sing kagambarake watak lan lakune), b) antawacana (gunemane para takoh), c) swasana (latar, busana, paes), lan d) pituduh laku (tingkah sing kudu ditindakake paraga).
Cengkorongan teks lakon, yaiku babon ringkes cerita lakon kang gunane kanggo nuntun panulis supaya asil ciptane bisa luwih apik lan temata urut-urutane. Senajan wujude ringkes, ananging pawongan kang maca cengkorongan iki kanthi gampang mahami urutane crita kang sawutuhe.

Supaya para siswa luwih paham babagan cengkorongan teks lakon, gatekna tuladha ing ngisor iki!

Cengkorongan Teks Lakon (Ctl)

"GARA-GARA GENG MOTOR"

Paraga:

1. Rama Gong Suwukan
2. Ibu Saron
3. Nini Peking
4. Bapak Bonang Barong
5. Ibu Siter
6. Kethuk Kenong
7. Polisi Kendhang Kempul

Panggonan: Ruang tamu omahe Gong Suwukan kang prasaja, mung ana meja kursi sasetel, jam lan kalender ing dhindhing.

Pacelathon:

Rama Gong Suwukan ngendika marang Ibu Saron (garwane) lan Nini Peking (putrane), yen arep ana Bapak Bonang Barong sing sugih nglamar Nini Peking arep dijodhokake karo putra tunggale yaiku Kethuk Kenong.

Ibu Saron ora sarujuk, awit ngerti yen: 1) Kethuk Kenong iku bocah ugal-ugalan, lan seneng mabuk-mabukan, 2) perkawinan iku mengko nglanggar Undhang-Undhang, awit Nini Peking lagi umur 15 tahun.

Rama Gong Suwukan tetep meksa, Nini Peking diajar awit ora manut. Ibu Saron lan Nini Peking nangis.

Bapak Bonang Barong, Ibu Siter, lan Kethuk Kenong rawuh. Amarga panglamare ditampa, Kethuk Kenong seneng banget, banjur budhal pesta bareng geng motor.

Rama Gong suwukan lan Bapak Bonang Barong banjur ngrembug dina pahargyan temanten. Dumadakan ketungka rawuhe Polisi Kendhang Kempul, ngabarake yen Kethuk Kenong mabuk nunggang sepedha motor, mati nabrak wit asem.

Bapak Bonang Barong sedhih, Ibu Siter nangis. Polisi nglipur supaya kabeh padha sabar. Bonang Barong cerita, manawa Kethuk Kenong iku putra tunggale lan arep dinikahake karo Nini Peking.

Polisi Kendhang Kempul dhawuh, kanggo gantine Kethuk Kenong, Nini Peking bisa kaangkat putra. Bonang Barong sarujuk, malah nduwe tekad Nini Peking arep disekolahake nganti dadi sarjana.

Kanthi pawitan sakabehing kaweruh sing wis kok tampa, saiki para siswa kajaluk ngowahi cengkorongan teks lakon “Gara-gara Geng Motor” ing dhuwur dadi teks lakon kang jangkep, apik, lan bener. Asil pakaryan para siswa bakal kakumpulake minangka portofolio.

Gladhen
Wulangan 3

I. Pilihen wangsulan sing paling bener!

1. Manungsa iku diajeni ing bebrayan, jalaran nduweni … sing becik.
   a. gelar
   b. drajat
   c. pangkat
   d. moral
   e. martabat

2. Saka kesenian, kita ora mung bisa seneng-seneng ngrasakake endahing asil karyaning para seniman, ananging kita uga bisa ….
   a. ngundhakake drajat lan pangkat
   b. ngundhakake gelar lan martabat
   c. ngundhakake gengsi lan prestisi
   d. ngundhakake pangkat lan jabatan
   e. ngundhakake ilmu lan kaweruh

3. Pagelaran lakon, bisa dadi salah sawijine sarana nggegulang *moral* sing cocok lan trep. Jalaran ….
   a. tuntunan lan wulangan ing pagelaran lakon nduweni sifat *doktriner* kang meksa.
   b. tuntunan lan wulangan ing pagelaran lakon ora nduweni sifat *doktriner* kang meksa
   c. kanthi lumantar nonton, ngrungokake lan ngrasakake pagelaran lakon, wewarah bab *moral* ora bisa rumesep lan kajiwaraga
   d. kanthi lumantar nonton, ngrungokake lan ngrasakake pagelaran lakon, wewarah bab *moral* nduweni sifat *doktriner* kang meksa
   e. kanthi lumantar nonton, ngrungokake lan ngrasakake pagelaran lakon, wewarah bab *moral* bisa meksa rumesep lan kajiwa raga
   f.

4. Ing sajerone adicara penyuluhan utawa sosialisasi, biasane panitia utawa penyaji materi nyuguhake drama cekak kang awujud lakon utawa sosiodrama. Ancase kanggo ….
   a. ngenteni adicara sabanjure
   b. ngenteni adicara inti
   c. menehi pakaryan paraga lakon
   d. minangka adicara inti
   e. narik kawigaten
   f.

5. Lakon kagelar kanthi wujud drama prasaja. Kaarani prasaja jalaran ….
   a. mung nduweni ancas kanggo sesuluh
   b. mung magepokan karo *fenomena sosial*
   c. tanpa rerenggan tata artistic
   d. tanpa ngetokake prabeya akeh
   e. isine ora goroh utawa mbujuk

6. Perangan wiwitane crita kanggo nepungake tokoh/paraga, swasana, lan bibit kawit tumuju crita sabanjure, ing struktur teks lakon diarani ….
   a. jejer (orientasi)
   b. pasulayan (komplikasi)
   c. pangudhare prakara (resolusi)
   d. pungkasaning crita (koda)
   e. owahing crita (revolusi)

7. Dumadine perkara kang kudu diadhepi dening para tokoh/paraga, ing struktur teks lakon diarani ….
   a. jejer (orientasi)
   b. pasulayan (komplikasi)
   c. pangudhare prakara (resolusi)
   d. pungkasaning crita (koda)
   e. owahing crita (revolusi)

8. Pungkasan karampungane pasulayan utawa dredah, ing struktur teks lakon diarani ….
   a. jejer (orientasi)
   b. pasulayan (komplikasi)
   c. pangudhare prakara (resolusi)
   d. pungkasaning crita (koda)
   e. owahing crita (revolusi)

9. Bab pokok sing mbedakaken antarane teks lakon karo teks *prosa* 'gancaran' liyane yaiku anane … ing teks lakon.
   a. urutan crita
   b. tema
   c. wewarah
   d. antawacana
   e. irah-irahan
   f.

10. Ing tataran andum gawe, ayahan sepisanan sing kudu katindakake yaiku ….
   a. milih irah-irahan lakon
   b. netepake dhalang utawa sutradhara
   c. netepake jadwal Gladhen
   d. netepake paraga
   e. netepake pananggap
   f.

11. Sadurunge lakon kagelar, scenario kudu didhudhah lan dibabar supaya ….
   a. gambaran kasar ngenani swasana lakon sajerone naskah kasebut bisa kabayangake
   b. dhalang bisa milih lan ngatur samubarang wiwit sadurunge nganti sarampunge pagelaran
   c. dhalang bisa milih para paraga kacundhukake karo wewatake tokoh ing sajeroning teks
   d. dhalang bisa milih pirantining pagelaran (perabotan, busana, lan paes) sing kudu dicepakake
   e. dhalang bisa milih lan netepake irah-irahan lakon sing arep kagelar lan bisa andum gawe
   f.

12. Pagelaran lakon bisa lumaku kanthi lancar lan apik, yen ….
   a. sekabehe pawongan kasangkut ing pagelaran kanthi linambaran rasa seneng
   b. sekabehe pawongan melu ngatur pakaryan kanthi linambaran rasa seneng

c. sekabehe pawongan makarya kanthi linambaran rasa seneng lan tanggung jawab
d. sekabehe pawongan melu netepake pakaryan kanthi linambaran rasa seneng
e. sekabehe pawongan melu milih pakaryan kanthi linambaran rasa seneng

13. Sajerone pagelaran lakon, paraga kudu bisa ngatur suara, supaya….
    a. antawacanane bisa kaprungu endhek-dhuwur dening pamiarsa ing sajerone gedhung utawa panggung
    b. antawacanane bisa kaprungu kanthi jelas dening pamiarsa ing sajerone gedhung utawa panggung
    c. paraga lakon bisa ngatur intensitas (kekuatan/seru-lirihe suara) ing sajerone gedhung utawa panggung
    d. paraga lakon bisa ngatur intonasi (nada/endhek-dhuwure suara) ing sajerone gedhung utawa panggung
    e. paraga lakon bisa ngatur artikulasi (kedal/obah lan menga-mingkeme tutuk) ing sajerone gedhung utawa panggung

14. Cengkorongan (asring kasebut synopsis) teks lakon, yaiku babon ringkes cerita lakon sing gunane kanggo ….
    a. nuntun panulis supaya bisa mahami urutane crita sing sawutuhe
    b. nuntun panulis supaya asil ciptane bisa luwih apik lan temata urut-urutane
    c. nuntun panulis supaya bisa maca cengkorongan kanthi gampang
    d. nuntun dhalang supaya bisa mahami urutane crita sing sawutuhe
    e. nuntun dhalang supaya bisa maca cengkorongan kanthi gampang

15. Teks lakon katulis kanthi bleger kang dumadi saka…
    a. bait, baris, paragraf, lan antawacana
    b.paragraf,antawacana,swasana, lan pituduh laku
    c. tokoh,bait, baris ,swasana, lan pituduh laku
    d. tokoh,paragraf,swasana, lan pituduh laku
    e. tokoh,antawacana,swasana, lan pituduh laku

II. Wangsulana kanthi patitis!

1. Apa gunane nonton lakon utawa sosiodrama?
2. Apa jalarane yen pagelaran lakon migunakake basa Jawa, bakal luwih akeh wewarah sing bisa kadudut?
3. Aranana lan jlentrehna titikane basa lisan!
4. Jlentrehna gunane Gladhen sadurunge pagelaran lakon!
5. Tandhingake bedane nulis teks guritan, gancaran, lan lakon! Endi sing luwih gampang? Jlentrehna!

WULANGAN 4
NGUDI KAWRUH BECIK

Kompetensi Dasar dan Indikator

3.5 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis teks berAksara Jawa sesuai kaidah.
- 3.5.1 Menandai tata tulis Aksara Jawa dalam wacana
- 3.5.2 Mengelompokkan tata tulis Aksara Jawa sesuai dengan fungsinya

4.5 Menyusun paragraf menggunakan Aksara Jawa sesuai kaidah
- 4.5.1 Menulis kalimat menggunakan Aksara Jawa sesuai kaidah.
- 4.5.2 Menulis paragraf menggunakan Aksara Jawa sesuai kaidah
- 4.5.3 Mengalihtuliskan paragraf berAksara Latin ke Aksara Jawa sesuai kaidah

Pasinaon iki nyuguhake wacan kanthi tema "Ngudi Kawruh Becik" minangka sarana kanggo nyinaoni Teks Aksara Jawa. Ing sajrone Teks Aksara Jawa tinemu werna-werna *pada,* yaiku salah sawijine tandha kang jumbuh klawan pigunane. Diajab sarampunge nyiaoni Teks Aksara Jawa iki, para siswa bisa trampil nulis ukara apa dene paragraf.

Mbabar Wawasan

Bab Pangrakite Aksara Jawa Sajrone Teks

Ing bab iki kajaba ana andharan bab kababaring wawasan sing magepokan karo tatarakite nulis Aksara Jawa, uga ana gladhen kang bisa digarap bebarengan sajrone kelompok, uga gladhen kang kudu digarap ijen utawa mandhiri. Kanggo miwiti pasinaon iki, ayo kita semak pepethan ngisor iki! Sawise nyemak, coba wangsulana pitakon ing ngisor iki!


1) Apa para siswa wis tau meruhi teks kang katulis mawa Aksara Jawa?
2) Apa para siswa bisa maca teks kang katulis mawa Aksara Jawa kanthi lancar?
3) Apa para siswa bisa methik isine teks kang katulis mawa Aksara Jawa?
4) Kepriye panemumu yen akeh siswa kang kurang trampil maca Teks Aksara Jawa?
5) Apa kang kudu kita tindakake supaya tuwuh rasa seneng marang pasinaon kang magepokan karo nulis lan maca Aksara Jawa?

Pasinaon bab panggunane Aksara Jawa, bakal digayutake karo sawijine wacan kang narik kawigaten. Kanggo nyurasa bab kawruh becik kang tinemu ing wacan minangka isen-isene pasinaon bab Aksara Jawa mau, coba setitekna gambar ngisor iki, banjur wangsulana pitakon-pitakon :

1) Apa kang koweruhi bab kawruh becik?

2) “Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung” gatra kasebut kapethik saka tembang Pangkur ing ngisor iki. Apa surasane gatra kasebut?
3) Ing pasrawungan apa para siswa tansah ngugemi kawruh becik?
4) Apa kang tau kotindakake gegayutan karo bab kawruh becik?
5) Yen mrangguli sumebare kawruh kang kurang becik, apa kang kotindakake?






Pasinaon 1


Modhel teks pinilih : Nyinau Tatatulis Aksara Jawa

Sajrone kagiyatan iki para siswa bakal nyinaoni bab panulise ukara lan paragraf mawa Aksara Jawa kanthi tema *Ngupadi Kawruh Becik*. Kawruh becik bisa diwedharake wujud wacan werna-werna, upamane teks layang, tembang, guritan, dongeng, lan sapiturute.

Garapan 1 : Njingglengi Teks Aksara Jawa

Teks Aksara Jawa ing ngisor iki jingglengana kanthi setiti!





Wangsulana pitakon-pitakon kang magepokan karo layang kang mentas koksemak!

1) Layang kasebut katujokake marang sapa?
2) Sapa kang kirim layang?
3) Kepriye purwabasane?
4) Apa surasane layang kasebut?
5) Kapan lan ing endi layang kasebut ditulis?
6) Kepriye yen para siswa nampa layang nganggo Aksara Jawa?

Garapan 2 : Nengeri Teks Aksara Jawa

Sawuse nyetitekake teks layang ing dhuwur, gladhen ing ngisor iiki rampungna!

1) Tulisen endi kang kalebu pada!
2) Aranana jeneng pada apa?
3) Terangna panganggone!

Cathetan Wigati :

Jinise ***Pada*** lan Panganggone

No.	Wujude	Jenenge
1	꧈	Pada lingsa
2	꧉	Pada lungsi
3	꧋	Pada adeg-adeg
4	꧇	Pada Pangkat
5	꧋꧆꧋	Pada Guru
6	꧉꧆꧉	Pada Pancak
7	꧅	Pada Luhur
8	꧄	Pada madya
9	꧃	Pada andhap
10	꧅꧉ꦲ꧀ꦠ꧉꧅	Purwapada
11	꧅ꦩ꧅	Madyapada
12	꧅ꦲ꧀ꦠ꧅	Wasanapada

No.	Gunane	Tuladha
1	Tandha koma (,) misah gatra ing ukara Tandha (.) yen pungkasane ukara pangkon	꧋ꦏꦶꦠꦮꦗꦶꦧ꧀ꦧꦼꦏ꧀ꦠꦶ꧈ꦩꦫꦁꦮꦺꦴꦁꦠꦸꦮꦭꦤ꧀ꦒꦸꦫꦸ꧉ Kita wajib bekti, marang wong tuwa lan guru. ꧋ꦗꦗꦤꦺꦗꦢꦃ꧈ꦫꦺꦴꦠꦶꦭꦤ꧀ꦄꦥꦼꦩ꧀꧉ Jajane jadah, roti lan apem.
2	Tandha titik	꧋ꦱꦸꦒꦸꦲꦤꦺꦱꦼꦒꦒꦺꦴꦉꦁ꧈ꦱꦠꦺ꧈ꦒꦸꦭꦺꦭꦤ꧀ꦱꦺꦴꦠꦺꦴ꧉ Suguhane sega goreng, sate, gule lan soto.
3	Kanggo miwiti ukara	꧋ꦯꦸꦫꦧꦪꦏꦸꦛꦩꦺꦠꦿꦺꦴꦥꦺꦴꦭꦶꦠꦤ꧀ꦏꦁꦏꦥꦶꦤ꧀ꦝꦺꦴꦆꦁꦆꦤ꧀ꦢꦺꦴꦤꦺꦱꦶꦪ꧉ Surabaya kutha metropolitan kang kapindho ing Indonesia.
4	Kanggo ngapit angka jawa ing ukara Ing mburine tembung "yaiku" utawa "kayata" Tandha petik (") ing ukara langsung	꧋ꦱꦔꦸꦏꦸ꧇꧔꧗꧕꧐꧇ꦫꦸꦥꦶꦪꦃ꧉ Sanguku 4.750 rupiah. ꧋ꦧ꧀ꦭꦚ꧀ꦗꦤꦺꦄꦏꦺꦃꦏꦪꦠ꧇ꦒꦸꦭ꧈ꦏꦺꦴꦥꦶ꧈ꦭꦺꦔ꧈ꦧꦼꦫꦱ꧀꧈ꦭꦤ꧀ꦧꦸꦩ꧀ꦧꦺꦴꦤ꧀꧉ Blanjane akeh kayata: gula, kopi, lenga, beras, lan bumbon. ꧋ꦌꦪꦁꦤ꧀ꦝꦮꦸꦲꦶꦄꦩꦶꦂ꧇ꦭꦺ꧈ꦪꦺꦤ꧀ꦫꦩ꧀ꦥꦸꦁꦱꦶꦤꦲꦸꦌꦁꦒꦭ꧀ꦧꦸꦧꦸꦏ꧀꧉ Eyang ndhawuhi Amir,"Le, yen rampung sinau enggal bubuk.
5	Sangarepe purwabasa ing layang kiriman Sangarepe layang crita	꧅ꦱꦱꦩ꧀ꦥꦸꦤꦶꦥꦸꦤ꧀ꦆꦁꦏꦁꦏꦢꦾꦥꦸꦤꦶꦏ꧈ꦤꦸꦮꦸꦤ꧀ꦮꦶꦪꦺꦴꦱꦶꦥꦸꦤ꧀.... Sasampunipun ingkang kadya punika, nuwun wiyosipun.... [illegible]


No.	Gunane	Tuladha
		ꦏꦁꦩꦶꦱꦸꦮꦸꦂ......꧉ Ana ratu lemu banget, utusan nimbali dhukun kang misuwur....
6	Panutupe crita gancaran Panutuping wasanabasa	꧋ꦭꦶꦢꦶꦁꦢꦺꦴꦔꦺꦁꦩꦁꦏꦺꦤꦺ꧇ ꦲꦗꦔꦺꦴꦤꦺꦴꦩꦫꦁꦱꦥꦺꦥꦝ꧉꧆꧉ Liding dongeng mangkene: Aja ngono marang sapepadha. ꧋ꦮꦸꦱꦤꦏꦮꦸꦭꦚꦸꦮꦸꦤ꧀ꦠꦩ꧀ꦧꦲꦶꦁꦥꦩꦸꦗꦶ꧉꧆꧉ Wusana kawula nyuwun tambahing pamuji.
7	Sangarepe satatabasa tumrap Pendhuwuran	꧅ꦥꦤ꧀ꦢꦺꦴꦔꦱ꧀ꦭꦩꦺꦠ꧀꧈ Pandonga slamet.
8	Sangarepe satatabasa tumrap Sapadha-padha	꧅ꦱꦭꦩ꧀ꦠꦏ꧀ꦭꦶꦩ꧀꧈ Salam taklim.
9	Sangarepe satatabasa layang Saka wong nom/ Andhahan	꧅ꦲꦶꦁꦏꦁꦱꦼꦩ꧀ꦧꦃꦱꦸꦁꦏꦼꦩ꧀꧈ Ingkang sembah sungkem.
10	Bebukane layang tembang	꧅ꦩ꧅ ꦩꦶꦁꦏꦂꦩꦶꦁꦏꦸꦫꦶꦁꦲꦁꦏꦫ꧈ ꦲꦏꦫꦤꦏꦫꦺꦤꦤ꧀ꦩꦂꦢꦶꦱꦶꦮꦶ...... Mingkar-mingkuring angkara, akarana karenan mardi siwi...
11	Nuduhake yen isih adoh banget utawa isih adoh tamate crita	........꧅ꦲ꧅ [illegible] [illegible]......


No.	Gunane	Tuladha
12	Kanggo mungkasi crita kang sinawung tembang	...... *Sasat arsa nglebur bumi,* *Lir kiyamat wus dumados.*

Adhedhasar cathetan wigati ing dhuwur, para siswa bisa methik dudutan jinise pada sarta milah-milahahe pigunane.

Garapan 3 : Niteni Bab Unggah-Ungguhe Basa

Ing pasinaon iki para siswa diajak nyinau panulise ukara nganggo basa kanthi unggah-ungguh kang trep. Ing pasrawungan, ngrakit ukara kanggo wong sing luwih nom, kanggo kanca sapadha-padha, lan kanggo wong kang luwih tuwa mesthine basa kang digunakake uga beda-beda. Terange mangkene, pasrawungane wong tuwa marang wong kang luwih nom nggunakake basa ngoko lugu, wong kang umur-umurane padha bisa nggunakake basa ngoko alus, dene wong nom marang wong tuwa nggunakake basa krama. Setitekna panganggone basa ing layang ngisor iki!





1) Tulisen mawa Aksara Latin ukara kang nuduhake sapa sing nampa layang ing dhuwur!
2) Aranana ukara pambukane nganggo Aksara Latin!
3) Aranana ukara kang nuduhake isine layang, nganggo Aksara Latin!
4) Aranana ukara kang nuduhake kang kirim layang, nganggo Aksara Latin!
5) Terangna saben wangsulanmu saka pitakon-pitakon ing dhuwur, nggunakake basa apa?
6) Manut panemumu nyapa kang kirim layang nggunakake basa kaya kang kosebutake ing wangsulan nomer lima?

Unggah-ungguhing basa

Tuladha:

Ukara nganggo basa ngoko lugu:

1. Ngendi omahmu, apa isih ing cedhake kali Brantas kae?
2. Muga-muga mengko sore ora udan?
3. Pak Ronaldo ora sida lunga menyang Bondowoso.
4. Patih Gajahmada tansah mikirake Negara Majapait.
5. Klambiku sing putih katut digawa Pak Sengguruh.

Ukara nganggo basa ngoko alus:

1. Ing endi dalem Panjenengan, apa isih cedhak kali Brantas kae?
2. Slirane saiki apa wis kondur? Wis ing dalem?
3. Pak Ronaldo ora sida tindak menyang Bondowoso.
4. Patih Gajahmada tansah menggalihake Negara Majapait.
5. Klambiku sing putih, katut diasta Pak Sengguruh.

Ukara nganggo basa krama :

1. Wonten pundi dalem Panjenengan, menapa taksih celak lepen Brantas nika?
2. Panjenengan samenika menapa sampun kondur? Sampun wonten dalem?
3. Pak Ronaldo boten siyos tindak dhateng Bondowoso.
4. Patih Gajahmada tansah menggalihaken negari Majapait.
5. Rasukan kula ingkang pethak, katut dipunasta Pak Sengguruh.

Pasinaon 2
Makarya Bebarengan : Pangrakite Aksara Jawa Sajrone Teks

Ing jagading pasrawungan, mesthi ana bab-bab kang kita rasakake lan perlu kita andharake marang sapepadha. Pangandhare sawenehing gagasan lan rasa pangrasa bisa awujud basa lesan apa dene basa tulis. Kepriye carane mbabarake gagasan lan rasa pangrasa awujud rakitan ukara kang trep? Kepriye manawa gagasan mau karakit satataning paragraf lan wacan mawa Aksara Jawa? Sadurunge ajar ngrakit paragraf kang trep, luwih prayoga nyinaoni kepriye carane ngrakit ukara dhisik. Ing pasinaon iki bakal kaandharake tuladhane wacan kang katulis mawa Aksara Jawa, jingglengana!



[illegible]

[illegible]

[illegible]

Garapan 1 : Ngrakit Ukara Nganggo Aksara Latin

a. Golekana ukara pokoke saben paragraf karo kancamu sakelompok!
b. Tulisen ide pokoke saben ukara pokok kasebut!
c. Gawea ukara adhedhasar ide pokok kang wus kosebutake nganggo tetembunganmu dhewe!

Cathetan Wigati:

Ing pasinaon kapungkur wis diandharake jinise ukara manut dhapukane, yaiku ukara lamba lan ukara camboran.

Tuladha:

Ukara nganggo Aksara Latin:

a. Tanggal 17 Agustus 1945 Indonesia mardika.
b. Kamardikan direbut dening para pahlawan.
c. Kamardikan dudu hadiyah.
d. Kamardikan kudu dipepetri.

Garapan 2 : Ngrakit Ukara Nganggo Aksara Jawa

Apa para siswa tau nulis ukara apa dene wacan liya nganggo Aksara Jawa? Coba rakitan ukaramu ing gladhen siji, salinen nganggo Aksara Jawa!

Ing kene bakal kaandharake panulise ukara nganggo Aksara Jawa.
Tuladhane mangkene:

Aksara ꦒ꧈ bisa diwaca /***ga***/ ꧈ nanging yen katulis mangkene : ꧇꧑꧇ diwaca ***siji*** tumrape angka.

Aksara ꦦ bisa diwaca ꦥ (*pa Murda*) nanging yen katulis mangkene ꧇꧘꧇ bisa diwaca wolu tumrape angka.

Tandha pada lingsa (꧈) bisa kanggo tandha koma (,) ing satengahing ukara, nanging bisa kanggo sesulihe pada lungsi (꧉) manawa ing pungkasane ukara

Tuladha:

1. Tanggal 17 Agustus 1945 Indonesia mardika.

꧋ꦠꦁꦒꦭ꧀꧇꧑꧗꧇ꦄꦒꦸꦱ꧀ꦠꦸꦱ꧀꧇꧑꧙꧔꧕꧇ꦆꦤ꧀ꦢꦺꦴꦤꦺꦱꦶꦪꦩꦂꦢꦶꦏ꧉

2. Kamardikan direbut dening para pahlawan.

꧋ꦏꦩꦂꦢꦶꦏꦤ꧀ꦢꦶꦫꦺꦧꦸꦠ꧀ꦢꦺꦤꦶꦁꦥꦫꦥꦃꦭꦮꦤ꧀꧈

3. Kamardikan dudu hadhiyah.

꧋ꦏꦩꦂꦢꦶꦏꦤ꧀ꦢꦸꦢꦸꦲꦣꦶꦪꦃ꧉

4. Kamardikan kudu dipetri

Garapan 3 : Ngrakit Paragraf Nganggo Aksara Jawa

Ing garapan siji lan loro para siswa wis ajar ngrakit ukara nganggo Aksara Latin apa dene Aksara Jawa. Ing garapan katelu, kaajab para siswa bisa ngrakit paragraf nganggo Aksara Jawa kanthi kelompok. Saben kelompok dumadi saka bocah 3-5.

a. Gawea wacan kang isine gegayutan karo pakarti becik saparagraf karo kancamu sakelompok!
b. Ijolna gladhenmu karo kelompok liya, banjur setitekna panulise lan panganggone pada ing saben ukarane.

Garapan 4 : Ngowahi Paragraf Mawa Aksara Latin Dadi Aksara Jawa

Paragraf ing ngisor iki owahana nganggo Aksara Jawa bebarengan ing sajrone kelompok!

Saiki, ing taun 2014 kita mengeti dina kamardikan kang kaping 69. Upama umure manungsa wis kalebu dewasa, klebu wis kepara tuwa. Mula ayo padha mandhiri, takon marang diri pribadi. ”Apa kang wus kita tindakake kanggo ngisi kamardikan iki.”

Ngisi kamardikan ora kudu muluk-muluk. Kabeh bisa makarti manut ayahane dhewe. Karepe, kita kudu ngrampungake pakaryan kita kanthi tumemen. Sing dadi karyawan dadia karyawan kang sregep, jujur, lan tanggung jawab. Sing dadi angkatan bener-bener mbelani nagara. Sing dadi petani lan pedagang kudu tlaten lan jujur. Sing dadi guru kenaa dituladha siswane. Sing dadi murid aja nggladrah karepe dhewe.

Pasinaon 3 :

Pakaryan Mandhiri : Pangrakite Aksara Jawa Sajrone Teks

Ing kagiyatan iki para siswa bakal nyinaoni bab panulise ukara lan paragraf mawa Aksara Jawa kanthi tema ”Ngupadi Kawruh Becik”. Kawruh becik bisa diwedharake wujud wacan werna-werna, upamane teks layang, tembang, guritan,dongeng, lan sapiturute. Gladhene tindakna kanthi pribadi lan tumemen!

Garapan 1 : Panulise Ukara Nganggo Aksara Jawa

1) Gawea ukara nganggo Aksara Jawa, cacahe 5!
2) Ijolna garapanmu karo kancamu sabangku, setitekna cara nulise lan panganggone pada ing ukarane kancamu!

Garapan 2 : Panulise Paragraf Nganggo Aksara Jawa

1) Gawea paragraf siji kang wutuh lan nyawiji (Ind.: *padu*), isine bab pakarti becik, nganggo Aksara Jawa!
2) Ijolna garapanmu karo kancamu sabangku, setitekna cara nulise sarta panganggone pada lan isine!
3) Garapanmu kang wis sampurna pajangen ing mading kelasmu utawa ing internet!

Garapan 3 : Nyulihi Panulise Paragraf Latin Menyang Jawa

2. Ing perangan iki coba goleka wacan kang awujud apa wae (gancaran, tembang utawa pacelathon) kang katulis mawa Aksara Jawa saka media apa wae! Aja lali nulis sumbere sing cetha! Sabanjure owahana nganggo Aksara Latin!

Ukara-ukara ing ngisor iki tulisen nganggo Aksara Jawa!

1) Bocah kelas 10 nyawisake lomba kelas.
2) Wragade lomba 3.678.450 rupiyah.
3) Acarane werna-werna kayata: lomba pidato, karaoke lan nari.
4) Eyang ndagu,"Sari apa wis ajar nembang?"
5) Sragame bocah lomba ana sing abang, putih, ijo lan wungu.

2. Ukara-ukara kang wus kosalin nganggo <u>Aksara Jawa</u> rakiten dadi paragraf kang nyawiji (bhs Indonesia: *padu*)!

GLADHEN
WULANGAN 4

꧅ ꦮꦶꦮꦕꦤ꧀ ꧅

꧋ꦮꦶꦮꦕꦤ꧀ ꦏꦸꦩ ꦢꦶꦥꦔꦸꦏꦏꦼ ꦥꦔꦼꦤ꧀ꦲꦏ꧀ꦩꦼꦤꦥꦸꦤꦥꦶꦫꦸꦩꦲꦒꦼ ꦱꦒꦤ꧀ꦲꦏꦏ꧀ꦱꦪ꧈ꦮꦶꦱꦺꦴꦒꦤ꧀ꦤꦺ

ꦤꦺꦴꦠꦏꦸ ꦥꦸꦤꦶꦫꦸꦩꦲꦒꦼ ꦱꦒꦤ꧀ꦲꦏꦏ꧀ꦤꦶꦤꦸ ꦥꦒꦤꦸꦫꦤꦮꦶꦠꦪ꧈ ꦤꦺ ꦤꦤꦠꦭ꧀ꦭꦸꦮꦼꦏ꧀ꦏꦼꦏꦿ

ꦭꦶ ꦒꦤꦒꦤꦾꦸ ꦫꦒꦥꦸꦏ꧀ꦲꦤꦾ ꦩꦭꦶꦤꦸꦥꦏ꧇꧑꧇꧉

꧋ꦥꦸꦏ꧀ꦲꦭ꧀ꦭꦶꦫꦭ꧀ꦭꦶꦤꦸ꧇ꦥꦏꦺꦮꦸꦤꦶꦮꦼꦫꦫꦶꦩꦒꦤ꧀ ꦱꦸꦱꦶꦗꦼꦭ꧀ꦭꦸꦫ꧈ ꦮꦶꦏꦶꦒꦫꦱ꧈

ꦤꦶꦮ ꦒꦥꦼꦤ꧀ ꦤꦶꦤ ꦧꦸꦫꦩ ꦥꦮ ꦒꦢꦒꦤ ꦭꦶꦮꦼꦫ ꦥꦮꦮꦒꦥꦤꦼꦭꦸꦮꦸꦮꦏ꧀

ꦱꦸꦱꦶꦗꦼꦭ꧀ꦭꦸꦫ꧉ ꦥꦮꦼꦏ꧀ꦩꦩꦮꦸ ꦱꦭꦶꦏꦶꦤꦒꦸꦤꦺꦥꦭꦸꦮꦫꦤꦶꦏꦼꦏꦢꦱꦶꦫꦶꦒꦤ꧈

ꦤꦒꦸ ꦤꦥꦸꦫ ꦤꦱꦒꦸꦥꦭ꧀ꦭꦶꦥꦢꦶꦭ꧀ꦭꦤꦾ꧈ꦏꦸꦩ ꦢꦢꦶ ꦫꦸꦮꦿꦒꦤ ꦏꦸꦏꦶꦮꦪ꧈

꧋ꦥꦸꦏ꧀ꦲꦭ꧀ꦭꦶꦒꦭ꧀ꦭꦼ꧇ ꦥꦏꦺꦭꦸꦮꦿꦼꦫꦼꦮꦪ ꦮꦶꦏꦶꦒꦫꦱ꧈ ꦮꦤꦾꦸꦫ ꦢꦶꦫꦶꦭ꧀ꦭ ꦮꦶꦒꦤꦼꦤ

ꦢꦢꦶ ꦥꦭ꧀ꦭꦼꦏꦭ꧀ꦭꦭꦼꦏꦶ ꦏꦸꦮꦮꦪ꧈ ꦤꦢꦶ ꦒꦥꦼꦤꦫꦒꦥꦭꦼꦫ ꦒꦮꦼꦤꦶꦤ ꦥꦮꦭ꧀ꦭꦼꦏꦒꦤ

[illegible]

I. Pilihen wangsulan sing paling bener!

1. Irah-irahane wacan ing dhuwur yaiku....
   a. pepali
   b. piala
   c. larangan
   d. awisan
   e. pahlawan
2. Adhedhasar wacan ing dhuwur, sing dikarepake larangan kuwi, larangane sapa?
   a. guru
   b. Gusti Allah
   c. wong tuwa
   d. polisi

e. negara
3. Larangane Gusti Allah mono akeh, nanging sing karembug ing wacan mung saperangan. Tegese tembung karembug ing ukara kasebut yaiku...
    a. dipengini
    b. ditakokake
    c. disinaoni
    d. dirasani
    e. diseneni
4. Larangane Gusti Allah mono akeh, nanging sing diandharake ing wacan ndhuwur mung ana pira?
    a.1
    b. 2
    c. 3
    d. 4
    e. 5
5. Larangan kapisan yaiku....
    a. Aja manembah saliyane Gusti Allah
    b. Aja memangan kang gawe rusake jiwa raga
    c. Aja ngumbar syahwat
    d. Aja nerak angger-anggere praja
    e. Aja padha cecongkrahan
6. Larangan kapindho yaiku....
    a. Aja manembah saliyane Gusti Allah
    b. Aja memangan kang gawe rusake jiwa raga
    c. Aja ngumbar syahwat
    d. Aja nerak angger-anggere praja
    e. Aja padha cecongkrahan
7. Larangan katelu yaiku....
    a. Aja manembah saliyane Gusti Allah
    b. Aja memangan kang gawe rusake jiwa raga
    c. Aja ngumbar syahwat
    d. Aja nerak angger-anggere praja
    e. Aja padha cecongkrahan
8. Larangan kapapat yaiku....
    a. Aja manembah saliyane Gusti Allah
    b. Aja memangan kang gawe rusake jiwa raga
    c. Aja ngumbar syahwat
    d. Aja nerak angger-anggere praja
    e. Aja padha cecongkrahan
9. Larangan kalima yaiku....
    a. Aja manembah saliyane Gusti Allah

b. Aja memangan kang gawe rusake jiwa raga
c. Aja ngumbar syahwat
d. Aja nerak angger-anggere praja
e. Aja padha cecongkrahan

10.  Kang kasebut ing ngarep iku aran lan gunane yaiku...

a.pada guru kanggo miwiti nulis layang
b.pada adeg-adeg kanggo miwiti ukara
c.pada lingsa kanggo matesi gatra ing ukara
d.pada lungsi kanggo mungkasi ukara
e. pada pancak kanggo mungkasi crita

11.  Kang kasebut ing ngarep iku aran lan gunane yaiku...

a.pada guru kanggo miwiti nulis layang
b.pada adeg-adeg kanggo miwiti ukara
c.pada pangkat kanggo matesi gatra ing ukara
d.pada andhap kanggo sangarepe layang saka wong nom
e. pada pancak kanggo mungkasi crita

12. // Kang kasebut ing ngarep iku aran lan gunane yaiku...

a.pada guru kanggo miwiti nulis layang
b.pada adeg-adeg kanggo miwiti ukara
c.pada pangkat kanggo matesi gatra ing ukara
d.pada lungsi kanggo mungkasi ukara
e.pada pancak kanggo mungkasi crita

13. Satriya mbayar sragam 87.450 rupiah. Ukara kasebut manawa ditulis Aksara Jawa yaiku....

a. 

b. 

c. 

d. 

e. 

14. Ibu dhawuh,"Mir, aja lali titipane Bu Mitra!" Ukara kasebut yen ditulis Akara Jawa yaiku....

a. ꧋ꦮꦶꦭꦸꦗꦼꦁꦫꦮꦸꦃ꧇ꦥꦶꦂꦱꦤꦏꦤꦶꦩꦶꦩꦶꦤ꧀ꦠꦒꦸꦠꦸꦩꦶꦠꦿ꧉

b. ꧋ꦮꦶꦭꦸꦗꦼꦁꦫꦮꦸꦃ꧇ꦥꦶꦂꦱꦤꦏꦤꦶꦩꦶꦩꦶꦤ꧀ꦠꦒꦸꦠꦸꦩꦶꦠꦿ꧈

c. ꧋ꦮꦶꦭꦸꦗꦼꦁꦫꦮꦸꦃ꧇ꦥꦶꦂꦱꦤꦏꦤꦶꦩꦶꦩꦶꦤ꧀ꦠꦒꦸꦠꦸꦩꦶꦠꦿ꧉

d. ꧋ꦮꦶꦭꦸꦗꦼꦁꦫꦮꦸꦃ꧇ꦥꦶꦂꦱꦤꦏꦤꦶꦩꦶꦩꦶꦤ꧀ꦠꦒꦸꦠꦸꦩꦶꦠꦿ꧇꧉

e. ꧋ꦮꦭꦸꦗꦼꦁꦫꦮꦸꦃ꧇ꦥꦶꦂꦱꦤꦏꦤꦶꦩꦶꦩꦶꦤ꧀ꦠꦒꦸꦠꦸꦩꦶꦠꦿ꧈

15. Suguhane akeh kayata: jenang,jadah,lan roti. Ukara kasebut yen ditulis Aksara Jawa yaiku....

a. ꧋ꦱꦸꦒꦸꦲꦤꦺꦲꦏꦺꦃꦏꦪꦠ꧇ꦗꦼꦤꦁ꧈ꦗꦢꦃ꧈ꦭꦤ꧀ꦫꦺꦴꦠꦶ꧉

b. ꧋ꦱꦸꦒꦸꦲꦤꦺꦲꦏꦺꦃꦏꦪꦠ꧇ꦗꦼꦤꦁ꧈ꦗꦢꦃ꧈ꦭꦤ꧀ꦫꦺꦴꦠꦶ꧇

c. ꧋ꦱꦸꦒꦸꦲꦤꦺꦲꦏꦺꦏꦪꦠ꧇ꦗꦼꦤꦁ꧈ꦗꦢꦃ꧈ꦭꦤ꧀ꦫꦺꦴꦠꦶ꧉

d. ꧋ꦱꦸꦒꦸꦲꦤꦺꦲꦏꦺꦃꦏꦪꦠ꧇ꦗꦼꦤꦁ꧈ꦗꦢꦃ꧈ꦭꦤ꧀ꦫꦺꦴꦠꦶ꧈

e. ꧋ꦱꦸꦒꦸꦲꦤꦲꦏꦺ ꦏꦪꦠ ꦗꦼꦤꦁ ꦗꦢꦃ꧇ꦗꦼꦤꦁ꧈ꦗꦢꦃ꧈ꦭꦤ꧀ꦫꦺꦴꦠꦶ꧈

UJI KOMPETENSI

SEMESTER GASAL

I. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor kanthi milih wangsulan kang paling bener!

1. Panulise artikel manawa kaudhal manut strukture yaiku ....
   a. Isi masalah, dudutan
   b. Dudutan, isi lan masalah
   c. Pambuka, dudutan lan masalah
   d. Pambuka, isi lan dudutan
   e. Pambuka, isi lan masalah
2. Artikel sing ngandharake sawijine masalah kang dumadi ing masyarakat, sahingga bisa disumurupi apa sing satemene dumadi. Jinis iki memper kaya laporan utawa reportase, bedane yen laporan mung adhedhasar kasunyatan wae, yen artikel panulisane nerangake masalah kanthi gamblang bisa awujud opini iki diarani jinis artikel ....
   a. Ekploratif
   b. Eksplanatif
   c. Deskriptif
   d. Prediktif
   e. Preskriptif
3. Pagelaran lakon wayang, bisa dadi salah sawijine sarana panggulawenthah ing babagan moral lan kautaman. Jalaran ....
   a. pagelaran wayang ora mung asipat tontonan, ning uga tuntunan tumrap penontone.
   b. pagelaran wayang mujudake sarana nikelake devisa negara
   c. pagelaran wayang purwa mujudake piwulang agama kang laras karo dhasaring nagara.
   d. pagelaran wayang kang maneka warna jinise, bisa nambahi ilmu lan kawruh tumrap para mudha.
   e. pagelaran wayang mujudake sarana dramatrisasi teks carita wayang saka negara manca.
4. miturut pangandikane para sarjana sujana, ya sing asale saka manca, mligine kaum Orientalis Kulonan (Barat), apa dene para budayawan pribumi, durung dianggep ngerteni wong Jawa, yen durung tepung wayang purwa. Jalaran ....
   a. wong jawa padha tuwane dibandhing karo wayang
   b. wong Jawa biyen sing kawitane duwe wayang
   c. wayang mujudake alam pikir-pangrasane wong Jawa
   d. wayang narik kawigatene wong manca
   e. wayang jinise akeh, kabeh asil karyane wong Jawa
5. Lakon wayang utawa teks carita wayang kang kagelar kanthi njupuk sumbering carita saka tanah Indu, kasebut jinis wayang ....
   a. wayang golek menak

b. wayang purwa lan madya
c. wayang beber lan Panji
d. wayang suluh utawa pembangunan
e. wayang sadat lan wahyu

6. Dumadine perkara kang kudu diadhepi dening para tokoh/paraga, ing struktur generik teks Carita wayang, diarani ….
   a. orientasi
   b. komplikasi
   c. resolusi
   d. koda
   e. Revolusi
7. Kejaba niti struktur generik, pamacane teks carita wayang bisa kaleksanan lumantar tinthingan struktur naratif, kaya ta ....
   a. gambaranngenani para paragane carita wayang,wewatakan, lakuning crita kang ngandut perangan kausalitas, kelire carita, lan pesen kautaman jroning carita.
   b. gambaran ngenani para paragane kang bisa didadekake tuladha para siswa saben dinane.
   c. gambaran ngenani para paragane, basa kang digunakake sajerone teks carita, carane nyinau basa, lan sapanunggalane.
   d. gambaran ngenani crita wayang mau, piwulang moral kang dijlentrehake sajrone pacelathon para paragane.
   e. gambaran ngenani crita wayang mau, kang laras karo kahanan jaman saiki kang bisa dadi piwulang praktis kanggo para siswa.
8. Cuplikan teks carita wayang kang sumbere kakawin Arjuna Wiwaha, nuduhake yen pagelaran wayang kuwi wis kaleksanan kawitan jaman Kadhiri. Ana kono uga diandharake anane paraga ....
   a. punakawan Semar, Gareng, Petruk, Bagong
   b. punakawan Togog lan Bilung
   c. punakawan Punta, Prasanta
   d. punakawan Dayun, Menak Jingga
   e. punakawan
9. Miturut kakawin *Arjuna Wiwaha*, kang ndadekake *penontone* kepencut marang lumakuning pagelaran wayang, saengga bisa njalari sumedhot rasane, yaiku ....
   a. swasana kang ngrembaka sajrone carita wayang;
   b. wayange mau, kang bisa urip saka kaprigelane dhalang
   c. wayang dipercaya nduweni piguna kang asipat magis,
   d. teks carita wayange mau, kang dayane mikat penonton
   e. kapitayane penonton marang barang gaib
10. Saka kesenian, kita ora mung bisa seneng-seneng ngrasakake endahing asil karyaning para seniman, ananging kita uga bisa ….
   a. ngundhakake drajat lan pangkat
   b. ngundhakake gelar lan martabat
   c. ngundhakake gengsi lan prestisi

d. ngundhakake pangkat lan jabatan
e. ngundhakake ilmu lan kaweruh

11. Ing sajerone adicara penyuluhan utawa sosialisasi, biasane panitia utawa penyaji materi nyuguhake drama cekak kang awujud lakon utawa sosiodrama. Ancase kanggo ….
    a. ngenteni adicara sabanjure
    b. ngenteni adicara inti
    c. menehi pakaryan paraga lakon
    d. minangka adicara inti
    e. narik kawigaten
12. Dumadine perkara kang kudu diadhepi dening para tokoh/paraga, ing struktur teks lakon diarani ….
    a. jejer (orientasi)
    b. pasulayan (komplikasi)
    c. pangudhare prakara (resolusi)
    d. pungkasaning carita (koda)
    e. owahing carita (revolusi)
13. Sadurunge lakon kagelar, scenario kudu didhudhah lan dibabar supaya ….
    a. gambaran kasar ngenani swasana lakon sajerone naskah kasebut bisa kabayangake
    b. dhalang bisa milih lan ngatur samubarang wiwit sadurunge nganti sarampunge pagelaran
    c. dhalang bisa milih para paraga kacundhukake karo wewatake tokoh ing sajeroning teks
    d. dhalang bisa milih pirantining pagelaran (perabotan, busana, lan paes) sing kudu dicepakake
    e. dhalang bisa milih lan netepake irah-irahan lakon sing arep kagelar lan bisa andum gawe
14. Sajerone pagelaran lakon, paraga kudu bisa ngatur suara, supaya….
    a. antawacanane bisa kaprungu endhek-dhuwur dening pamiarsa ing sajerone gedhung utawa panggung
    b. antawacanane bisa kaprungu kanthi jelas dening pamiarsa ing sajerone gedhung utawa panggung
    c. paraga lakon bisa ngatur intensitas (kekuatan/seru-lirihe suara) ing sajerone gedhung utawa panggung
    d. paraga lakon bisa ngatur intonasi (nada/endhek-dhuwure suara) ing sajerone gedhung utawa panggung
    e. paraga lakon bisa ngatur artikulasi (kedal/obah lan menga-mingkeme tutuk) ing sajerone gedhung utawa panggung
15. Pagelaran lakon bisa lumaku kanthi lancar lan apik, yen ….
    a. sekabehe pawongan kasangkut ing pagelaran kanthi linambaran rasa seneng
    b. sekabehe pawongan melu ngatur pakaryan kanthi linambaran rasa seneng
    c. sekabehe pawongan makarya kanthi linambaran rasa seneng lan tanggung jawab
    d. sekabehe pawongan melu netepake pakaryan kanthi linambaran rasa seneng
    e. sekabehe pawongan melu milih pakaryan kanthi linambaran rasa seneng
16. Cengkorongan (asring kasebut synopsis) teks lakon, yaiku babon ringkes cerita lakon sing gunane kanggo ….
    a. nuntun panulis supaya bisa mahami urutane crita sing sawutuhe
    b. nuntun panulis supaya asil ciptane bisa luwih apik lan temata urut-urutane
    c. nuntun panulis supaya bisa maca cengkorongan kanthi gampang

d. nuntun dhalang supaya bisa mahami urutane crita sing sawutuhe
e. nuntun dhalang supaya bisa maca cengkorongan kanthi gampang

17. Teks lakon katulis kanthi bleger kang dumadi saka…
a. bait, baris, paragraf, lan antawacana
b. paragraf,antawacana,swasana, lan pituduh laku
c. tokoh,bait, baris ,swasana, lan pituduh laku
d. tokoh,paragraf,swasana, lan pituduh laku
e. tokoh,antawacana,swasana, lan pituduh laku

꧅ ꦥꦶꦪꦭ ꧅

[illegible]
[illegible]
[illegible]
[illegible]

[illegible]
[illegible]
[illegible]
[illegible]
[illegible]

18. Irah-irahane wacan ing dhuwur yaiku....
a. pepali
b. piala
c. larangan
d. awisan
e. pahlawan

19. Adhedhaar wacan ing dhuwur, sing dikarepake larangan kuwi, larangane sapa?
    a. guru
    b. Gusti Allah
    c. wong tuwa
    d. polisi
    e. negara

20. Larangane Gusti Allah mono akeh, nanging sing karembug ing wacan mung saperangan. Tegese tembung karembug ing ukara kasebut yaiku...
    a.dipengini
    b.ditakokake
    c.disinaoni
    d.dirasani
    e.diseneni

21. Larangane Gusti Allah mono akeh, nanging sing diandharake ing wacan ndhuwur mung ana pira?
    a.1
    b. 2
    c. 3
    d. 4
    e. 5

22. Larangan kapisan yaiku....
    a. Aja manembah saliyane Gusti Allah
    b. Aja memangan kang gawe rusake jiwa raga
    c. Aja ngumbar syahwat
    d. Aja nerak angger-anggere praja
    e. Aja padha cecongkrahan

23. Larangan kapindho yaiku....
    a. Aja manembah saliyane Gusti Allah
    b. Aja memangan kang gawe rusake jiwa raga
    c. Aja ngumbar syahwat
    d. Aja nerak angger-anggere praja
    e. Aja padha cecongkrahan

24.  Kang kasebut ing ngarep iku aran lan gunane yaiku...

    a.pada guru kanggo miwiti nulis layang
    b.pada adeg-adeg kanggo miwiti ukara
    c.pada lingsa kanggo matesi gatra ing ukara
    d.pada lungsi kanggo mungkasi ukara
    e. pada pancak kanggo mungkasi carita

25. ꧋ꦠꦁꦒꦭ꧀꧇꧒꧐꧇ꦎꦏ꧀ꦠꦺꦴꦧꦼꦂꦗꦺꦴꦏꦺꦴꦮꦶꦢꦺꦴꦢꦺꦴꦏꦭꦤ꧀ꦠꦶꦏ꧀꧉ Ukara kasebut manawa ditulis Latin yaiku....

a.Joko Widodo presiden RI

b.Joko lan Ahok DKI

c.Tanggal 20 Oktober Jokowi dilantik.

d.Tanggal 20 Oktober Jokowidodo kalantik

e.Tanggal 20 Nopember Joko Widodo kalantik

II. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!

1. Terangna jinise artikel ana pira?
2. Sebutna carane ndhudhah artikel kang becik adhedhasar wacan ing dhuwur!
3. Kepriye kalungguhane paraga panakawan sajrone jagad pawayangan Jawa?
4. Piwulang utawa 'nilai-nilai' apa kang bisa dijupuk sajrone carita wayang?
5. Terangana pigunane carita lan pagelaran wayang tumrap bebrayan Jawa!
6. Kepriye carane supaya lakon bisa nuwuh lan ngrembakakake piwulang bab *moral* 'kasusilan'?
7. Terangna apa kang kudu ditindakake sadurunge nggelar lakon!
8. Sebutna jinise pada lima wae kanthi wujud lan gunane!
9. Presiden Indonesi nomer 6 Pak Bambang. Ukara kasebut tulisen nganggo Aksara Jawa!
10. [illegible]

    Ukara kasebut tulisen Latin!

WULANGAN 5
NGGEGULANG SURASANING BASA

Kompetensi Dasar dan Indikator

3.4. Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis penggunaan bahasa dalam teks sastra dan non sastra secara lisan dan tulis.
- 3.4.1 Mengidentifikasi karakterisitik bahasa dalam teks sastra.
- 3.4.2 Mengidentifikasi karakterisitik bahasa dalam teks non sastra
- 3.4.3 Mengklasifikasikan jenis *basa rinengga* dalam teks
- 3.4.4 Menjelaskan makna *basa rinengga* dalam teks.
- 3.4.5 Menganalisis *basa rinengga* dalam teks
- 3.4.6 Menganalisis panyandra dalam kegiatan budaya.

4.4 Membandingkan penggunaan bahasa dalam teks sastra dan non sastra secara lisan dan tulis.
- 4.4.1 Membandingkan penggunaan bahasa dalam teks sastra dengan teks non sastra.
- 4.4.2 Membuat kalimat yang memuat *basa rinengga*
- 4.4.3 Menulis paragraf yang memuat *basa rinengga*
- 4.4.4 Mendemonstrasikan teks panyandra dalam kegiatan budaya.

Perlu kawuninganan, wulangan 5 iki mujudake pasinaon bab *surasaning basa* utawa tegese basa. Pasinaon iki duwe karep amrih para siswa bisa mbedakake panganggone basa sajrone kasusastran lan panganggone basa non sastra utawa panganggone basa pedinan, utawa panganggone basa *resmi*. Kejaba iku para siswa bisaa mbedakake tetembungan kang ngemu teges entar (dudu tegese sabaene), lan tetembungan kang ngemu teges wanthah utawa lugu.

Mbabar Wawasan
Bab Panganggone Basa Sajrone Teks Sastra lan Non-Sastra

Cinandhi

Anggitane : J.F.X Hoery

Dina iki dakoyak playune wektu, sing
Balapan karo angin jaman
Tibake nggawa mlayu umurku
Bengi iki dakoyak playune mangsa, sing
Balapan karo keteging nafas
Tibake wis gendhakan karo kodrating alam

Sapa kang inceng – inceng saka waliking sepi
Sing kijenan ngangkah lakuning pepesthen
Pinotha – potha dadiya lajer
Binandhul pratandhaning panjaka jangkah
Kliwat lamun winadhahan udhu sembur
Dakpasrahake marang smara bumi keblat papat
Kang bakal ngreksa jagat sawantah
Bali marang sejatining rasa jati
Cinandhi ing uleganing pangawikan
Sing wis ora malang tumoleh

Bojonegoro, 2008

Wacan 2

Narima ing Pandum

Tembung narima ing pandum wis kerep dirungu lan diucapake, nanging satemene angel yen dilakoni sajrone urip sedana-dinane. Pancen isih akeh banget wong kang ora bisa nampa kahanan kang kudu ditampa. Akeh wong owah pikire saka anggone susah kedlarung-dlarung, kapara malah ora sithik sing nganti nekat lampus dhiri. Kanyatan iku nuduhake yen satemene wong-wong mau durung bisa nindakake rasa narima ing pandum.

Narima ing pandum ngemu teges nampa kanthi ikhlas apa sing ditampa lan apa sing diasilake. Unen-unen iki mujudake wewarah becik kanggo nggegulang watak kang luhur, yaiku watak pasrah lan ikhlas mring peparing lan kuwasaning Gusti Kang Murbeng Dumadi. Wewarah iki ana sambung rapete karo kapercayan pribadi ing babagan kodrate manungsa sing minangka kawulane Gusti. Tegese, manungsa minangka titah sawanta kaparingan kawenangan ndonga lan mbudidaya sakuwate tenaga, nanging ora wenang mestekake asil utawa pikolehe kang kudu jumbuh karo apa kang dikarepake. Kabeh pepesten mau mung kagungane Gusti kang Akarya Jagad.

Minangka tuladha, umpamane ana wong kang anggone nyambut gawe wis mempeng banget, paribasan sirah kanggo sikil, sikil kanggo sirah lan ya wis ora kurang-kurang anggone mbudidaya kanthi donga lan ikhtiyar, nanging sanyatane asile ora sepiroa, kadang kala malah nandhang kapitunan. Yen lagi nandang kahanan kang kaya mangkene iki, minangka manungsa lumrah wis samestine atine banjur susah, lan ngresula. Yen wong sing cekak pikire, sing ora bisa nampa kahanan mau kanthi iklas, bisa-bisa pikirane malah ngambyawara nganti kumawani nyalahake Gusti Allahe, sing jare ora adil. Nanging beda, yen manungsa mau eling marang pitutur narima ing pandum, anggone susah lan ngresula mau ora bakal kedawa-dawa. Kanggo munggel pikiran kang susah ben ora kebacut mutung, enggal-enggal nglenggana pasrah mring kuwasaning Gusti. Wusana gelem nampa kahanan mau kanthi lila legawa lan percaya yen kabeh mau mung wujud pacobaning urip.

Saka kapercayane ati mring kuwasaning Gusti Kang Maha Kuwasa, malah tansaya sengkut anggone makarya lan tansaya gentur anggone donga. Awit wong kang kaya mangkene iki, percaya yen Gusti Allah ora sare, lan bakal paring kamulyan marang wong kang sabar, lan iklas nampa pacobaning urip.

Dadi cethane, ngecakake unen-unen narima ing pandum ing bebrayan iku pancen dudu prakara gang gampang. Sing bisa nglakoni mung wong-wong sing duwe watak sabar, kang utamane tansah caket mring Gusti Allahe. Mung wong-wong kang duwe kapercayan kang kuwat, yenta manungsa mono mung saderma nglakoni. Paribasan manungsa iku mung dadi wayang, kari manut marang karepe dalang.

Sawise nyemak kanthi setiti wacan ing dhuwur, wangsulana pitakonan-pitakonan ing ngsisor iki!

1) Manut wujude, apa bedane wacan 1 karo wacan 2 ?
2) Kanggo mangerteni isi lan gagasane, manut panemumu luwih gampang wacan sing endi?
3) Sakwise mangsuli pitakonan nomer 2, banjur terangna alesanmu!
4) Terangna apa wae bedane basa kang digunakake ing wacan siji lan wacan kaloro!
5) Apa para siswa wis tau ngrakit wacan kaya tuladha ing dhuwur?
6) Kepriye umpama para siswa ditugasi nulis kaya teks ing dhuwur?

Pasinaon 1

Modhel Teks Pinilih : Nyinau Basane Teks Panyandra Manten

Ing kegiyatan iki para siswa kaajab bisa nyinaoni bab basa sastra lan basa non sastra. Kanggo nggampangake anggon kita nyinaoni bab iki ayo bebarengan nyurasa teks Kirab Kanarendran.

Sadurunge nyinaoni surasane basa sastra lan non sastra kang kapacak ing teks Kirab Kanarendran, wangsulana pitakon-pitakon iki!

1) Apa para siswa bisa mbedakake antarane basa sastra lan basa non sastra?
2) Apa bedane basa sastra lan basa non sastra?
3) Kapan kita migunakake basa sastra?
4) Kapan kita migunakake basa non sastra?

Nalika kita awor kanca ing tengahing pasrawungan, kita bakal wawanrembug utawa imbal wacana antarane siji lan sijine. Ing kahanan tartamtu, kita butuh medhar gagasan kanthi lugas. Basa kang lugas kang kita wedharake kaajab bisa nggampangake anggon kita imbal wacana. Kanthi basa kang lugas, kaajab ora nuwuhake panyakrabawa kanggone kang kaajak rembugan. Kanthi mangkono kanca rowang kita bakal bisa nampa kanthi cetha apa kang dadi underaning gagasan kita. Antarane wong siji lan sijine ora bakal ana gesehing panemu, awit tegese pancen lugas. Kang mangkono iku bisa kita tindakake ing tata tulis apa dene lesan. Tuladha:

Tembung narima ing pandum wis kerep dirungu lan diucap, nanging satemene angel yen ditindakake. Nyatane isih akeh banget wong kang ora bisa nampa kahanan kang

pancen kudu ditampa. Akeh wong edan saka anggone susah kedlarung-dlarung, kapara malah ora sithik sing nganti nekat lampus dhiri. Kanyatan iku nuduhake yen satemene wong-wong mau durung bisa nindakake rasa narima ing pandum.

Narima ing pandum ngemu teges nampa kanthi ekhlas apa sing ditampa lan apa sing diasilake. Unen-unen iki mujudake wewarah becik kanggo nggegulang watak kang luhur, yaiku watak pasrah lan ekhlas mring peparing lan kuwasaning Gusti Kang Murbeng Dumadi. Wewarah iki ana sambung rapete karo kapercayan pribadi ing babagan kodrate manungsa sing minangka kawulane Gusti Allah. Tegese, manungsa minangka titah sawantah kaparingan kawenangan ndonga lan mbudidaya sakuwat tenagane, nanging ora wenang mesthekake asil utawa pikolehe kang kudu jumbuh karo apa kang dikarepake. Kabeh pepesthen mau mung kagungane Gusti kang Akarya Jagad.

Ewa dene kalamangsa, nalika kita sesrawungan ing bebrayan, sok kita perlu medharake gagasan kanthi ora melok utawa sinamudana. Nalika kita medharake gagasan perla kita tata kanthi tharik-tharik, kanthi njlimet, kanthi tumata, titi, tatas, titis lan mranani. Sapa kang kita ajak wawanrembug, perlu diwenehi kalodhangan kanggo ngrasa-ngrasakake kanthi rosing rasa kang rinuruh. Awit basa kang kita gunakake nyata basa kang endah lan lungit. Tuladha:

Dina iki dakoyak playune wektu, sing
Balapan karo angin jaman
Tibake nggawa mlayu umurku
Bengi iki dakoyak playune mangsa, sing
Balapan karo keteging nafas
Tibake wis gendhakan karo kodrating alam
....

Para siswa kabeh, coba semaken. Ngisor iki gambar apa?



Gb.5.1 Upacara Adat Penganten (sumber Koleksi pribadi)

Garapan 1 : Bab Idhentifikasi Karakteristik Basane Teks Sastra

Ayo nyimak lan *ngidhentifikasi* wewatakaning basane teks sastra iki!

Para siswa ana kene bakal diajak nyemak teks sastra lan wewatakaning basane. Tujuwane supaya gampang anggon kita nyurasa basane sastra mau. Ing kalodhangan iki, coba wacanen teks ing ngisor iki kanthi kebak rasa pangrasa!

Panyandra Manten

Sampun sawatawis dangu dennya lelenggahan sri penganten ing sasana kursi rinengga kang pinalipit mawa retna, kinebutan dening elaring manyura, kongas gandane ngambar ngebeki ing pahargyan. Samana badanira sampun rumaos gerah lan sayah, arsa nyuwun kadherekaken manjing ing sasana palereman. Gya tanggap ing sasmita, sang cucuk lampah nun inggih sang manggaling yuda, ingkang pinaragan dening Dhimas Bagus Danang Susatya. Sigra jengkar sang manggalayuda saking palenggahan arsa siyaga ing gati, saweka ing dhiri hangentasi karya andherekaken tindaknya sri panganten kekalih kang memba narendra sadina.

Lamat-lamat swaraning gendhing Ketawang Srinarendra, kadya paring sasmita yenta adhicara wus ngancik dumugi titi laksana Kirab Kanarendran. Para-para kang tinanggenah angentasi karya andherekaken tindaknya sang mustikaning pawiwahan, gya samya enggal siyaga ing gati saweka ing dhiri arsa ngirabaken penganten. Tata urut runtut rerentengan tata lampah kirabing penganten. Ing ngajeng piyambak nun inggih manggala yuda. Sumusul ing sawingkingipun patah sakembaran ingkang katindakaken ni mas ayu Puspita Harumingtyas dalah rara ayu Retnaningtyas, nunten lampahing sri penganten sekaliyan ingkang datan kendhat gegandhengan asta, yen cinandra kadya tan genggang senajanta sarambut pinara sasra.

Sumambung ing wuri lampahing sri penganten sarimbit nenggih punika ta warnane sang pratiwa manggala suba ya suba manggala tansah hangetut mring tindaking sang raja sadina ratu sadalu katingal tansah hanjejampang lampah mbokmenawi wonten payo-payo ingkang bakal tumempuh marang sang penganten, satriya sakembaran katindakaken dening bagus Bagas Hartono dalah bagus Wisnu Subroto. Gandheng renteng reruntungan urut jajar kalih tataning lampah manembrama kirabing penganten, inggih punika para paraga ingkang nggarubyuk kirabing penganten kanthi guyub padhang guwayane katingal amindha putri dhomas. Kapering wuri punika para kulawangsa miwah sumitrane. Datan kantun wingking piyambak kawuryan tansah tut wuri handayani njampangi lampah inggih punika rama dalah ibu nun inggih ingkang hamengku gati sarta kawastanan panutuping kirab.

Repepeh-repepeh andhadhap anoraga, denira lumaksana tumapaking pada anut irama, solah bawane kadya ambeksa, salagane anglam-lami, lah punika Sang Suba Manggala ingkang mangarsani lampah. Sepining penggalih jroning lumaksana kanthi kebak ing pangarah-arah hamung suka tetuntunan dhumateng sri penganten, mugi denira arsa lelumban ing madyaning bebrayan agung tansah anengenaken pangatos-atos pepayung budi rahayu, linambaran tepa sirik ing kadurakan, tresna, amrih ing karukunan, kumawula, mangertos ing wajib, dene sembada, rosa lan adege wreksa waringin ingkang kukuh bakuh

bangkit kinarya pangayoman. Kembar busanane, rampak dedeg piyadege, punika ta ingkang sinebat patah sakembaran, ingkang katindakaken dening lare estri ingkang maksih timur, jroning lumaksana sinambi gegojegan; parandene datan saru dinulu nanging malah sangsaya anambahi asrining pandulu.

Kaladuking panyandra ayuning patah sakembaran kaya widadari tumurun, tansah asung puji pangastuti dhumateng sri penganten sekaliyan mugi tansah kinalisaken ing sukerta, cinaketna ing nugraha nganti tumekaning kaki-kaki lan nini-nini, tansah tinangsulan reh darmaning palakrama awewaton wetahing sutresna ingkang suci. Gebyar-gebyar pating pancurat pating palancur kadi taranggana silih sasana, endah edi raras kawuryan, lah punika ta angagemane sri penganten sarimbit. Sri penganten kakung mangagem makutha (dhestar rukmi ginepeng), pinatik kumala, pinatut dening sesumping kembang kanthil miwah dhasi munggwing jangga lir ginupit, datan kantun ngagem sangsangan kencana ingkang carub wor kalawan sangsangan puspita rinonce munggwing jangga tumumpang pamidhangan kanan kering, kawuryan ngegla yayah taksaka munggwing situ banda layu, kaya ula kang ngleker ing uwit, wimbuh saya akarya bregasing penganten kakung. Atela corek langenarjan awarni kresna sinulam benang kencana pating calorot cahyane kena soroting pandam kurung ing madyaning pahargyan yen ta cinandra pindha gumelaring akasa kang kebekan taranggana. Paningset cindhe puspita, epek baludru pinalipit rukmi pinetha modangan (untu walang), wangkingan warangka ladrang, ukiran nunggak semi sinosotya, dhuwung tinatah tinatu rengga sarta sinung gegombyok puspita rinonce, ebah-ebah kinarya lumaksana kadulu saya amimbuhi pekiking penganten kakung, nyamping sidamukti pinarada, kacihna lamun nedya sesarengan nggayuh kamukten apancadan kaleksananing palakrami.

Temanten putri dedege sedheng ora dhuwur ya ora cendhek sayekti wimbuh hamantesi, sasolahe milangoni, lelewane nuju prana, rinengga ing busana edi endah, ngagem cundhuk awangun wulan tumanggal tinarates sesotya pinatut kalawan cundhuk mentul ingkang tansah ebah-ebah yen kinarya lumampah, kalamun cinandra kadi anggane wong ayu kang lagya ngawe-awe bebedhangane. Ukel rinengga ponang puspita endah kawuryan asri yen dinulu.

Sangsangan rukmi ingkang kinarya tiba dhadha, pinatik-patik sesotya, satuhu karya lam-laming kang samya humiyat. Kebayaknya awarni langking sinulam benang kencana kembar padha irenge kaliyan busanane temanten kakung. Cetha kalamun panganten sarimbit wus saruju boboting katresnan, mila jroning lumaksana tansah pepuletan asta datan ginggang sarekma pinara sasra, ajrih uwal kalawan ingkang garwa dhasar timbang rasa tresnane. Tandang tanduke rasa lumaksanane panganten ingkang tansah runtang-runtung rerentengan dhumateng sagunging para taruna satemah enget marang pepacangane, panglocitaning wardaya yen ta kawedhar ing lathi, "Suk kapan bisa dadi manten kaya dina iki ? Tansah gawang-gawang raketing sih katresnan". Para werdha ingkang uninga sri penganten sarimbit satemah enget mring darmane, gya paring pepuji, "muga tutuga anggenira jejodhohan, lestari nganti purnaning mangsa, sih kinasihan kadya angganing mimi kang lagya amintuna".

Katingal prayitneng kewuh memayungi yuwananing penganten, punika ta taruna kekalih kang pindha senapatining prang. Dhasar pekik ing warna sinasaban busana adi. Mila tambah gawang-gawang cahyane, kentar-kentar katon bergase, tebah jaja atampel wentis para warara ingkang samya humiyat, njinggleng pandulune hamaspaosaken taruna kekalih. Lumaksana jajar kalih dhampyak-dhampyak, punika ta warnanira para warara pangaraking lampah ingkang pindha putri dhomas. Sadaya sami sulistya ing warni, upamia puspita nedheng-nedhenging mekar mangrurah sari, mila pantes kalamun akarya gawoking paningal, langkung-langkung para jejaka ingkang humiyat kami tenggengen, pangengeting wardaya bilih kawedhar ing lathi, "Adhuh-adhuh putri kok endah-endahing warni, kapan ya aku methik sawiji, kaya sri penganten iki?"

Maneka warna busanane kadya puspita hanjrah salebeting taman. Ing wuri para putri dhomas sumusul para kulawangsane sri penganten, tansah jumurung angombyongi kirabing panganten sarimbit. Ingkang tansah tut wuri handayani lampahing panganten kekalih, minangka panutuping lampah, rama lan ibu ingkang hamengku gati. Bombong sarta birawaning manah sang panutuping kirab, dene atmajane wus kalampahan jinatukrama ing kakung kang wus dadya pepilihing ati sarta kaiden dening para sepuh anut reh satataning nagari ugi saged nguningani dhauping putra sineksen dening sagung para tamu. Pramila jroning lumaksana pethiting lampah tansah asung pepuji ing salebeting kalbu, mugi-mugi berkah lan pangestuning para sepuh andayanana mring sri penganten sarimbit.

1) Teks wacan kasebut ing dhuwur nggambarake acara apa?
2) Tetembungan endi kang nuduhake wangsulanmu?
3) Sapa wae paragane acara mau?
4) "Lamat-lamat swaraning gendhing Ketawang Srinarendra" Adhedhasar ukara kasebut, manut panemumu nyapa adicara kuwi kudu nganggo swaraning gendhing?
5) Golekana tetembungan kang manut panemumu ora kena ditegesi salugune ing paragraf 3 lan 4!
6) Manut panemumu, kena apa sajerone teks mau, akeh banget tinemu wewujudaning basa kang ora salumrahe, tegese beda karo basa pedinan?

Bausastra:

retna	: emas	manjing	: mlebu
manyura	: merak	sasana	: papan
sasra	: sewu	Taksaka	: ula
situ	: wit	taranggana	: lintang
humiyat	: nyawang	pethit	: keri, buri, pucuk

Para siswa kabeh, bareng kita simak lan kita titi kanthi permati, bisa kita andharake sawijine dudutan. Akeh-akehe, basaning teks sastra kaya kang kita semak mau, ngandut peranganing basa kang asipat *konotatif*, nduweni teges kang wis mentar saka tegesing bausastra, utawa basa lumrah saben dinane. Akeh peranganing basa kang asipat *simbolik,* tegese ngandut pasemon sing kudu dimaknani. Anggone maknani tetembungan

tartamtu bisa asipat *multi tafsir*, tegese bisa dingerteni saka gayutane karo konteks panyengkuyunge. Kejaba kuwi, basaning teks sastra biasane, murih bisa lewih narik kawigaten, banjur diwenehi aspek *musikalitas* utawa wirama tertentu. Isih ana maneh wewatakane sing asipat mligi utawa khusus. Coba golekana wewatakan liyane!

Garapan 2 : Bab Idhentifikasi Karakteristik Basane Teks Non Sastra

Ayo nyimak lan *ngidhentifikasi* teks non sastra lan wewatakaning basane
Sabubare kita kabeh ngrembug titikan umum bab basa sing biasa digunakake ana sajerone teks sastra, kalodhangan sabanjure kita bakal niteni lan ngrembug bab basane teks non-sastra. Tamtu sing bakal kita tindakake, nembe titikan utawa wewatakan kang asipat umum wae.
Wacanen teks ing ngisor iki kanthi tumemen!

Nrima ing Pandum

....

Ana wong kang anggone nyambut gawe wis mempeng banget, wis ora kurang-kurang anggone mbudidaya kanthi donga lan ikhtiyar, nanging sanyatane asile ora sepiroa. Wong kasebut kadhang kala malah nandhang kapitunan. Yen lagi nandhang kahanan kang kaya mangkene iki, lumrahe banjur susah lan ngresula. Jalaran wong mau ora bisa nampa kahanan kanthi eklas. Bisa-bisa pikirane wong mau malah ngambyawara nganti kumawani nyalahake Gusti Allahe, sing jare ora adil. Beda, yen manungsa eling marang pitutur narima ing pandum, senajan susah lan ngresula ora bakal kedawa-dawa. Wong mau ora kebacut mutung, enggal-enggal nrima lan pasrah mring kuwasaning Gusti Allah. Wusana gelem nampa kahanan mau kanthi lila legawa lan percaya yen kabeh mau mung wujud pacobaning urip. Saka kapercayane ati mring kuwasaning Gusti Kang Maha Kuwasa, malah tansaya sengkut anggone makarya lan tansaya gentur anggone ndonga. Awit wong kang kaya mangkene iki, percaya yen Gusti Allah ora sare, lan bakal paring kamulyan marang wong kang sabar,nrima lan eklas nampa pacobaning urip.

Cethane, ngecakake unen-unen nrima ing pandum ing bebrayan iku pancen dudu prakara gang gampang. Sing bisa nglakoni mung wong-wong sing duwe watak sabar, kang tansah caket mring Gusti Allahe. Mung wong-wong kang duwe kapercayan kang kuwat, yen manungsa mono mung saderma nglakoni.

1) Sarampaunge maca apa ana tetembungan kang ora kokngerteni tegese?
2) Adhedhasar teks ing dhuwur kepriye kang diarani wong *nrima ing pandum*?
3) Kepriye lumrahe wong kang lagi *nandhang kapitunan*?
4) Kepriye supaya kita bisa nampa kasunyatan?

Bausastra

Retna	: emas	manjing	: mlebu
Manyura	: merak	sasana	: papan
Sasra	: sewu	Taksaka	: ula
Situ	: wit	taranggana	: lintang
Humiyat	: nyawang	pethit	: keri, buri, pucuk

Para siswa kabeh, sawise kita simak teks mau bisa kababar yen:

Beda karo basaning teks sastra kaya kang sadurunge, teks kaloro iki nuduhahe panggunane peranganing basa kang asipat *denotatif*, nduweni teges padha karo teges sing bisa kawaca sajerone bausastra, utawa padha karo basa lumrah saben dinane. Pancen ana peranganing basa kang asipat satrawi, ning arang banget. Akeh-ekehe, nggunakake basa kang normatif, lugu. Mula saka iku basaning teks asipat prasaja, tegese gampang dingerteni. Perangan *musikalitas* utawa wirama, senajan ana, arang wujude, ora pati ditengenake. Kejaba watak umum mangkono, isih ana maneh wewatakane sing asipat mligi utawa khusus. Coba golekana wewatakan liyane!

Sawijine teks sastra kanggo nambah ajine, pancen kerep banget migunakake perangan basa rinengga apa dene panyandra kang laras karo isine. Ewa semana, panggunane basa rinengga dalah panyandra mau tetep kudu laras karo konteks kang nyengkuyung pandhapuk sarta panganggone.

Garapan 3 : Nyemak Jinis lan Panganggone Basa Rinengga

Basa rinengga tegese basa kang dipaes, direngga, utawa didandani ben dadi lan apike. Wis kita ngerteni yen kanggo mujudake basa kanthi rasa pangrasa lan endahe basa, kita mbutuhake sarana khusus. Padatan kita nggunakake sarana arupa basa rinengga kayata : tembung entar, saroja, kawi, purwa kanthi, saloka, paribasan, bebasan, pepindhan, wangsalan, panyandra lan sapanunggalane.

no	Jinise	Tegese	Makna lan Panganggone
1	entar	Lunga, ninggal papan sakawit (mentar). Tembung entar, tembung sing tegese wis ora padha karo tegese sakawit	dawa tangane: seneng colong jupuk.
2	saroja	Tembung kang rinakit seka rong tembung kang (meh) padha tegese lan bisa nuwuhake makna kang luwih teges. Bisa maknane perkara kang ana sesambungane, bisa uga kahanan kang mbangetake.	sato kewan = perkara kewan ayem tentrem = tentrem tenan tepa tuladha = tuladha tresna asih = asih tenan colong jupuk = perkara nyolong utawa kagiatan nyolong.

3	kawi	Tembung *arkais*, lawas, saka basa Jawa kuna	***Tyas*** = ati, ***merta*** = mati, ***kayun*** = karep, lsp
4	purwakanthi	Tembung mawa wirama kang kadhapuk kanthi ngambali peranganing swara utawa aksarane Purwakanthi kang runtut basane jenenge purwakanthi basa, dene yen ing sastra sinebut purwakanthi sastra.	Wong sabar bakal subur. Mlaku pincang kesandhung njom-plang. Tulung nuthok. Yitna yuwana lena kena.
5	saloka	Yaiku unen-unen kang ajeg panganggone mawa teges entar, ngemu surasa pepindhan. Nanging kang dipindhakake wonge.	*Gajah ngidak rapah* *tegese : wong kang nglanggar wewalere dhewe*
6	paribasan	Unen-unen kang ajeg panganggone, mawa teges entar, ora ngemu surasa pepindhan.	*Setembung sing duweni teges sedhakep ngawe-awe* tegese : wis mareni marang tumindak ala nanging ing batin isih kepingin nindakake maneh.
7	bebasan	Unen-unen kang ajeg pangang-gone, mawa teges entar, ngemu surasa pepindhan. Kang dipindhakake kaanan utawa sesipatane wong/barang.	Emban cindhe emban siladan: ora adil/ pilih kasih Ancik-ancik pucuking eri: uripe tansah kuwatir
8	pepindhan	Unen-unen kang ora ngemu surasa kang sejatine. Lumrahe pepindhan nganggo tembung: kaya, lir, pindha, kadya lan liya-liyane kang ngemu karep kaya.	Dalane mbathok mengkureb Dedege ngringin sungsang Dhuwure kaya othak-othak mega
9	wangsalan	Unen-unen cangkriman nanging dibatang (dibedhek) dhewe. Ukarané ora persis nanging mèmper wae. Wangsalan ana kang awujud ukara selarik, bisa uga awujud tembang	Nyaron bumbung, nganti cengklungen nggonku ngenteni. (saron bumbung=angklung) Njanur gunung, kadingaren sliramu teka. (janur gunung=aren).

Ing pasrawungan saben dina mesthine kita perlu ngesokake panemu, gagasan apa dene pangrasa marang sapadha-padha utawa ing pasrawungan tartamtu. Ngesokake panemu, gagasan apa dene rasa pangrasa bisa kaandharake kanthi basa sastra lan basa non sastra. Nalika kita nganggep yen ana perlune migunakake basa rinengga, peranganing basa rinengga kaya tuladha ing bagan mau bisa kita wedharake manut apa lan kepriye butuhe.

Pasinaon 2

Makarya Bebarengan : Bab Ninthingi Basa Rinengga Sajrone Teks

Tetembungan utawa ukara kang kalebu basa rinengga panganggone pancen kadhapuk kanggo nengenake watak endahing basa, ewa semono uga nduweni piguna kanggo mbangetake karep, kejaba nambah nges-ing rasa. Dununge akeh-akehe ana sawijine teks kang asipat susastra. Salah sijine tuladha teks sastra kaya ing ngisor iki.

Wacanen kanthi kebak pangrasa pethikan teks ing ngisor iki, banjur rampungna garapan kaya pituduhe!

Kirab Kanarendran

Kaladuking panyandra ayuning patah sakembaran kaya widadari tumurun, tansah asung puji pangastuti dhumateng sri penganten sekaliyan mugi tansah kinalisaken ing sukerta, cinaketna ing nugraha nganti tumekaning kaki-kaki lan nini-nini, tansah tinangsulan reh darmaning palakrama awewaton wetahing sutresna ingkang suci. Gebyar-gebyar pating pancurat pating palancur kadi taranggana silih sasana, endah edi raras kawuryan, lah punika ta angagemane sri penganten sarimbit. Sri penganten kakung mangagem makutha (dhestar rukmi ginepeng), pinatik kumala, pinatut dening sesumping kembang kanthil miwah dhasi munggwing jangga lir ginupit, datan kantun ngagem sangsangan kencana ingkang carub wor kalawan sangsangan puspita rinonce munggwing jangga tumumpang pamidhangan kanan kering, kawuryan ngegla yayah taksaka munggwing situ banda layu, kaya ula kang ngleker ing uwit, wimbuh saya akarya bregasing penganten kakung. Atela corek langenarjan awarni kresna sinulam benang kencana pating calorot cahyane kena soroting pandam kurung ing madyaning pahargyan yen ta cinandra pindha gumelaring akasa kang kebekan taranggana. Paningset cindhe puspita, epek baludru pinalipit rukmi pinetha modangan (untu walang), wangkingan warangka ladrang, ukiran nunggak semi sinosotya, dhuwung tinatah tinatu rengga sarta sinung gegombyok puspita rinonce, ebah-ebah kinarya lumaksana kadulu saya amimbuhi pekiking penganten kakung, nyamping sidamukti pinarada, kacihna lamun nedya sesarengan nggayuh kamukten apancadan kaleksananing palakrami.

Temanten putri dedege sedheng ora dhuwur ya ora cendhek sayekti wimbuh hamantesi, sasolahe milangoni, lelewane nuju prana, rinengga ing busana edi endah, ngagem cundhuk awangun wulan tumanggal tinarates sesotya pinatut kalawan cundhuk mentul ingkang tansah ebah-ebah yen kinarya lumampah, kalamun cinandra kadi anggane wong ayu kang lagya ngawe-awe bebedhangane. Ukel rinengga ponang puspita endah kawuryan asri yen dinulu.

Sangsangan rukmi ingkang kinarya tiba dhadha, pinatik-patik sesotya, satuhu karya lam-laming kang samya humiyat. Kebayaknya awarni langking sinulam benang kencana kembar padha irenge kaliyan busanane temanten kakung. Cetha kalamun panganten sarimbit wus saruju boboting katresnan, mila jroning lumaksana tansah pepuletan asta datan ginggang sarekma pinara sasra, ajrih uwal kalawan ingkang garwa

dhasar timbang rasa tresnane. Tandang tanduke rasa lumaksanane panganten ingkang tansah runtang-runtung rerentengan dhumateng sagunging para taruna satemah enget marang pepacangane, panglocitaning wardaya yen ta kawedhar ing lathi, "Suk kapan bisa dadi manten kaya dina iki ? Tansah gawang-gawang raketing sih katresnan". Para werdha ingkang uninga sri penganten sarimbit satemah enget mring darmane, gya paring pepuji, "muga tutuga anggenira jejodhohan, lestari nganti purnaning mangsa, sih kinasihan kadya angganing mimi kang lagya amintuna".

1) Tulisen tetembungan kang kalebu basa rinengga saka teks wacan ing dhuwur!
2) Klompokna tetembungan kang wus kotulis mau manut jinise basa rinengga!

Garapan 1 : Ninthingi (Nganalisis) Basa Rinengga

Manekawarnane basa rinengga kaya kang wis kotemokake ing garapan lan cuplikan teks ndhuwur, manut golongane nyata yen dhapukane beda-beda.
tuladha:
Tembung purwakanthi: dhapukane saka tembung purwa lan kanthi, tegese tetembungan kang runtut swara, wanda utawa tembunge.
Wujude ana telu:

i. Purwakanthi guru swara, kang runtut swarane
   = ➔ciri wanci lelahi ginawa mati
ii. Purwakanthi guru sastra, kang runtut sastra (aksara)-ne
   = ➔ ing ngarsa sung tuladha ing madya mangun karsa
iii. Purwakanthi guru lumaksita, kang runtut wanda utawa tembunge
   = ➔ kolik priya priyagung Anjani putra

Sabanjure kang kagolong jinise basa rinengga liyane terangna kaya tuladha sing wis dijlentrehake sajeroning bagan!

no	Jinise	Tuladha Sajerone Teks
1	entar	1. Tansah ***tinangsulan*** reh → tangsul tali = mesthine sing ditaleni barang wadhag utawa barang lair sing bisa kasat mata. 2. .... 3. ....
2	saroja	1. rinengga ing busana ***edi endah*** → nunggal teges, edi padha karo endah 2. .... 3. ....

3	kawi	1. .... 2. .... 3. ....
4	purwakanthi	1. .... 2. .... 3. ....
5	saloka	1. .... 2. .... 3. ....
6	paribasan	1. .... 2. .... 3. ....
7	bebasan	1. .... 2. .... 3. ....
8	pepindhan	1. .... 2. .... 3. ....
9	wangsalan	1. .... 2. .... 3. ....

Garapan 2 : Negesi Tembung Sajerone Basa Rinengga

Tetembungan kang tinemu ing garapan sadurunge, tulisen kanthi becik ing garapan iki, banjur terangna tegese. Olehe nggarap bisa kanthi mbukak bausastra!

Tuladhane :

1) *Keladuking panyandra* : kebanjure (tumindak) menehi gegambaran
2) asung puji pangastuti : ngaturi puji pandonga karaharjan
3) *kinalisaken ing sukerta* : diuculana, diuwalake, dipisah saka alangan
4) *tinangsulan reh darmaning palakrama* : kaiket dening kewajibane wong bale somah
5) kadi taranggana silih sasana : kaya lintang ngalih panggonan
6) ....
7) ....
8) ....
9) ....
10) ....
11) ....
12) ....
13) ....
14) ....
15) ....
16) .... lsp.

Garapan 3 : Ninthingi Panyadra ing Sawijine Kegiyatan Budaya

Kaya kang wis dirembug ana pasinaon sadurunge, panyandra iku digunakake kanggo pepindhan. Panyandra kalebu jinising basa rinengga, kang digunakake sajerone teks-teks sastra. Kadhangkala uga ana ing pasrawungan saben dinane, ning panganggone luwih winates.Tembung candra nduwe teges rembulan. Ananging lakune jaman, candra uga dienggo kanggo pepindhan marang sawijine kahanan kang mèmper karo kanyatan.

Candra utawa panyandra sajerone alam budaya Jawa kerep digayutake karo adicara pahargyan temanten, lsp. Panyandra temanten iki biyasane dibabar utawa diwedharake dening Pambiwara sing wis tinamtu. Tembung "Pambiwara" utawa Pambyawara dhewe asale saka tembung lingga /biwara/ utawa /byawara/ (Bayawara), kang tegese 'wara-wara' kang kawewehan ater-ater "pa" dadi pambiwara utawa pambyawara. Pambyawara/pambiwara nduweni teges wong kang kewajibane ambiwarakake runtuting tatacara (pawiwahan utawa dhaupan manten, jumenengan, lsp).

Pambiwara iki uga katelah pranatacara, pranata adicara, panatacara, paniti laksana, pangandaliwara, pranata titi laksitaning adicara, pranata wicara, lsp. Ing ngarep wis diandharake yen pambiwara utawa pambyawara mau kewajibane mbiwarakake lakuning adicara, tatacara, utawa tumindake pahargyan. Tembung tatacara iki ora padha karo tembung upacara. Akeh kapustakan ngandharake yen tatacara tegese tumindake, utawa lumakune, wondene upacara tegese piranti utawa perabote.
Cethane mangkene: upamane ing peranganing pasamuan manten, "Panggih" kuwi diarani tatacara, wondene upacarane arupa *gantalan.*

Saiki para siswa kapurih jingglengi teks wacan ing ngisor banjur rampungna garapane salaras karo pituduh.

Kirab Kasatriyan

Bebarengan karo swarane gendhing kang mbabar Ketawang Ibu Pertiwi, kaya ana sunar mencorong metu saka papan ngasone penganten. Iki pratanda yen adicara Kirab Kasatriyan bakal enggal kalekasanan. Tumiyube angin kaya nggawa ganda wangi ya gandane Penganten sakloron, kaya aweh sasmita minangka dayane donga saka para rawuh kakung putri kang tansah muji muga-muga lakune penganten anggone ambyur ing jagade bebrayan tansah didohake saka sakabehe alangan, sing tinemu amung rasa bagya mulya awit saka kanugrahane Gusti ingkang Murbeng Dumadi.Lakune penganten sakloron kaya ngenut iramaning gendhing. Ketara yen penganten sakloron mujudake priyayi kang njunjung marang lestari lan endahing kabudayan Jawa. Dhasar sing lanang dedege gedhe dhuwur, nganggo klambi kaya satriya, yen disawang saka kadohan kaya Danang Sutawijaya kang nggandheng sang garwa ya Dewi Semangkin. Kekarone anggone lumaku tansah gegandhengan tangan raket banget, kaya ora bakal ucul.

Pengantene putri, pancen wanita kang ayu tenan. Manganggo klambi kang kaya bojone ratu, yen sinawang saka kadohan kaya wujude widadari kang tumurun saka

kayangan. Pakulitane kuning, resik lan katon seger. Pawakake lencir, irunge bangir, mripate bunder. Alise njlarit. Lambene tipis kaimbuhan benges abang, kaya tansah mesem mring kang lagi maspadakake. Anggone lumaku gandhes, luwes, tur kepenak disawang. Akeh kang ngudarasa, begja temen wong lanang kang bisa ngiket atine. Saka solah bawane, ketara yen ayune ora mung laire wae, nanging uga tekan batine.

Lakune penganten sakloron wis ngancik sangarepe para tamu. Kaya ora tumengo panyawange para tamu kajaba marang penganten sakloron. Ing batin ngudarasa, kekarone nyata-nyata pancen wus ginaris dadi jodhone, sing lanang bagus, sing wadon ayu, nyata awit saka peparinge Gusti. Mangkono uga, penganten sakloron, anggone lumaku karo noleh nengen, noleh ngiwa lan tansah mesem, kaya aweh salam pangayubagya marang sakehing para tamu. Ing batin uga tansah memuji muga-muga Gusti paring liru marang kabecikane para tamu kang wus gelem teka lan aweh donga pangestu.

1) Tulisen kang kalebu ukara panyandra saka teks wacan ing dhuwur!
2) Terangna tegese nganggo basamu dhewe!

Garapan 4 : Mbandhingake Teks Sastra Lan Non Sastra

Jingglengana teks ing ngisor iki kanthi titi lan permati

Wingiting Katresnan

Dening : Ki Gedhug Siswantoro

Mendhung angendanu ngemuli Pertapan Jatisarana. Kembang-kembang padha alum temah gogrog, ganda arum wus ilang kesapu dening angin. Kumbang kekiter bingung bilulungan ngupadi dununging sarining memanis. Udan riwis-riwis kesisan maruta kengis saya nambahi kekes temah pepes jroning penggalih Begawan Wiragni.

"Yayi Begawan, ewuh aya ing pambudi lamun pun kakang kudu nindake pradata luhur njejegake jejeging adil ing Negara Maespati. Sing luput kudune nampa pidana, nanging ing ngendi dununging rasa kamanungsane pun kakang lamun aku kudu tega tegel matrapi pidana marang kulit dagingku dhewe". Dhawuh pangandikane prabu Heriya kebak ing rasa ewuh aya.

"Kaka prabu jejimating gesang kula, jejering narendra kedah tumindak adil mboten emban cindhe-emban siladan. Nadyan kulit daging piyambak menawi

Mawa Racun Dadi Rebutan

Mbiyen ora ana sing nglirik, nanging saiki dadi rebutan. Kepopulerane saya tambah merga pranyata tanduran kang ber-'racun' iki manfaate akeh banget. Wiwit minangka bahan baku biodisel, tanduran pelindung, obat tradisional, pakan ternak, insektisida lan sumber pupuk. Apa ta tanduran sing dimaksud kuwi? Ora liya Jatropha curcas alias jarak pager.

Satemene mbah buyut kita wis nate manfaatake lenga jarak kanggo lampu senthir. Saka ngendi mbah buyut kita sinau? Mesthine saka penjajah sing nekakake jarak menyang Indonesia lan mrentahake wong pribumi nandur . Wektu kuwi pancen lenga jarak digunakake minangka bahan rgan lan pelumas. Sawise penjajah oncat , pribumi wis bebas nanging njur lali yen jarak kuwi kena dijupuk lengane kanggo maneka keperluan. Tanduran jarak saya suda ,

kaanggep lepat inggih kedah kapatrapan pidana".

"Coba aku jarwanana, pidana apa kang trep kanggo sawijine wanita kang wus kawengku ing priya nanging isih gelem laku ngiwa?"

"Menawi anggenipun sedheng nembe sepisanan, wanita kala wau kedah dipun kethok tanganipun kekalih." Wangsulane Begawan Wiragni.

"Yen pakartine diambali bola-bali, malah wis dadi wanita planyahan, pidanane apa yayi panembahan?"

"Wanita ingkang kados mekaten kalawau kedah dipun asap watu ngantos pejah."

"Nadyan wanita mau Dewi Renuka garwane si adi dhewe?"

Ngendikane sang Prabu Heriya kang pungkasan njalari kaya pedhot jantunge Begawan Wiragni. Ora nyana lamun garwane kang asesilih Dewi Renuka dadi wanita planyahan ing kutha raja Maespati. Sang wiku kang banget diaji-aji lan dipepundhi dening wong sak praja, kulina aweh pitutur bab kautamaning pakarti saiki pepes gumpes penggalihe, kaya kabeset pasuryane krana pakartine garwane. Mula dina-dina lumaku anane mung legeg, judheg, ewuh aya ing pambudine.

"Swandagni, sira anakku mbarep sing tak gadhang-gadhang bisa ngreksa kawibawaning wong tuwa. Tampanana kerisku iki, mangkata menyang kutha raja Maespati. Golekana ibumu. Yen wis ketemu, keris iki kudu kokumbah nganggo getihe ibumu Dewi Renuka." Krungu dhawuhe ramane kang kaya mangkono, Swandagni nubruk pepangkoning ingkang rama. Eluh mili hamarawayan. Megap-megap ature.

"Dhuh rama, kapejahana kula sendika anampi. Nadyan kados pundi pakartinipun ibu Dewi Renuka, menika ibu ingkang dados lantaraning tumitah kula wonten madyapada. Dosa menapa

dadi tanduran liar utawa mung kanggo pager hidup.

Saiki sawise ndonya rumangsa kekurangan bahan rgan minyak , merga cadangan minyake saya entek, manungsa bali nggunakake lenga jarak minangka bahan baker disel. Yen dibandhingake karo BBM lenga jarak luwih nguntungake merga sumbere ora bakal entek ,angger gelem nandur. Kamangka nandur jarak kuwi super gampang. Cukup distek (dibacok uwite) terus diencebake lemah , diumbar wae mesthi thukule. Tanduran jarak ora mbutuhake perawatan , ing lemah cengkar wae bisa urip lan uwoh, apa maneh yen lemahe subur. Merga saiki akeh sing mbutuhake rega isi jarak kering 7.500-10.000 repis sakilone.

Isi jarak kang wujude lonjong kaya mlinjo, duwe efek iritasi lan racun. Ing Filipina isi jarak kang mawa racun iki dimanfaatake kanggo mbrantas cacing hati *lymneae auricularia*, minyake kanggo mbrastha keong emas lan keong vector penyakit schistosomiasis (cacing darah) sing rganic ing 70 negara tropis lan rganic cs lan nginfeksi luwih saka 200 yuta manungsa.

Ing Meksiko isi jarak digunakake kanggo mabasmi tikus . Ing Inggris isi jarak dadi mala merga dipangan bocah njalari keracunan nganti ana 30 bocah. Ing kene wis akeh bocah ngedan sengaja pengin mendem kanthi ngonsumsi isi jarak iki. Kamangka racune njalari iritasi (njalari mlepuh lan mlicet) marang organ kang diliwati, mumet lan mutah-mutah malah yen over dosis bisa niwasake. Senyawa aktife , phorbol aster, yen kliwat taker bisa nuwuhake tumor. Mula dieling-eling " **Don't try it at home**

ingkang kula sandhang menawi kula ngantos tega mejahi kanjeng ibu”. ”Yen sira ora gelem nindakake, banjur sapa sing bakal ngreksa asmane bapakmu? Kamangka ibumu wis dadi wisa ya kang kudu disingkirake. Banjur sapa ngger?”.......	

Ing teks wacan loro mau, yen kotliti bakal kotemokake jinise tembung adhedhasar tegese, yaiku teges wantah (*harafiah, leksikal*) lan teges entar (silihan). Tabel ing ngisor iki jangkepana karo kancamu saklompok!

Basa Rinengga	
Wingiting Katresnan	**Mawa Racun Dadi Rebutan**
Tuladha: Mendhung angendanu ngemuli Pertapan Jatisarana. = kahanan kang ora tentrem merga anane pasulayan (*geger, kaco*)	

Pasinaon 3
Pakaryan Mandhiri : Nyinau Panganggone Basa Sajerone Teks

Ing kegiyatan iki para siswa diajak nyurasa endahe basa kanthi gladhen ijen utawa mandhiri, saranane kudu njlimeti wacan kang kacawisake ing ngisor iki.

Garapan 1 : Nandhingake Pigunane Basa Sastra Lan Non Sastra

<table>
<tr>
<td>SEKOLAH ADIWIYATA

Adi kuwi tegese luwih. Dene</td>
<td>TEMBANG BUMI BLAMBANGAN
Sawise kapedhotan tresna saiki Dewi Sedhah Merah arang-arang melu marak ing pendhapa agung kadipaten Blambangaan yen pinuju dina pisowanan. Putri pambayune adipati Siung Laut iku saiki seneng ijenan lan dolan menyang papan-papan sepi kanggo golek panglipuring ati. Pancen sawise Carang Gupita , nom—noman saka padhepokan Ragajampi kang dadi gandhulane atine kapatrapan pidana pati.
Dewi Sedhah Merah kaya-kaya</td>
</tr>
</table>

wiyata kuwi tegese sekolah. Dadi adiwiyata kuwi sekolah sing luwih dibandhing sekolah liyane. Apane sing luwih saka sekolah liyane? Jawabane : kawigatene marang lingkungan. Yen sekolah-sekolah umume kawigatene disok marang PBM (Proses Belajar Mengajar) lan kelengkapan sarana prasarana , supaya sukses ing ujian nasional, sekolah adiwiyata kawigatene ditambahi kanggo nyaman lan lestarine lingkungan.

Ing area sekolah kudu akeh wit-witan kang cukup gedhe sokur yen uga ngasilake uwoh. Wit-witan ditandur ana ing plataran ngarep, antarane gedhung karo gedhung, mburi sekolah, pinggir lapangan.

Kekembangan ditandur ing ngarep kelas, ing pot-pot emper saben ruangan uga ing jero ruangan. Uga perlu ana taman ing papan tartamtu, kebon kembang –kembang khusus kayata anggrek , adenium lan liya-liyane. Kebon sayur lan kebon toga uga kudu duwe. Semono uga kebon woh-wohan.

Kanggo karesikane, lingkungan kudu tansah resik tanpa ana pencemaran. Sampah dibuwang mlebu wadhah kang cacahe ana telung golongan, organik, plastik/kertas lan logam. Sekolah uga kudu duwe papan ngolah rabuk *organik* , sejene kudu duwe unit pengolah limbah (buwangan banyu saka kantin sekolah). Jedhing lan wc kudu tansah resik, banyune cukup lan sing mlebu sandhalan ora sepaton utawa nyeker.

Panganan kudu diawasi ke-higienisane, kadar nutrisine, kudu bebas saka bahan kang mbebayani. Mula bakul ing kantin ora kena dodola panganan sembarangan. Sing penting bakule ora kena masak ing kantin kang nuwuhake beluk sing ngganggu lingkungan. Kalebu beluk rokok. Area sekolah, area sing bebas saka rokok.

UKS-e kudu lengkap isine sokur ana dokter pengawase sing kalamangsa

pupus atine kanggo mecaki dina-dina ing lembaraning uripe. Senajan wis ora kurang-kurang anggone adipati Siung Laut nggedhekake atine putrine, nanging sekaring kedhaton kadipaten Blambangan kuwi kaya-kaya saya kelem jroning panalangsa. Apa maneh sawise dheweke krungu kabar yen wong tuwane nyarujuki panyuwune patih Jathasura sing bakal kepengin nggarwa dheweke samangsa kadipaten Blambangan kelakon uwal saka paprentahan negara Mataram, atine Dewi Sedhah Merah kaya tatu kinecer jeruk purut perihe.

Sawise pikirane kagelar kagulung, Dewi Sedhah Merah wis manteb nedya nduwa kersame ramane yen nganti dheweke arep kadhaupake klawan patih Jathasura. Mula sekaring kedhaton ing kadipaten Blambangan kuwi tansah mbudidaya golek cara supaya bisa uwal saka papan kono. Nanging dheweke rumangsa jibeg, kudu tumuju menyang ngendi yen bakal lunga saka kadipaten Blambangan. Rumangsa saya bingung atine , Dewi Sedhah Merah nganthi para abadine, golek sesawangan asri ing sapinggire sendhang.

Nyawang banyune sendhang kang katon bening kinclong-kinclong, sethithik bisa dadi panglipure ati. Apa maneh wektu iku lagi mangsa ketiga, sumilire angin kang nyempyok gegodhongan ing sakiwa tengene sendhang njalari Dewi Sedhah Merah banjur kelingan Carang Gupita, nom-noman kang nate dadi perangane uripe. Jalaran ya ing papan kono iku dheweke tepung sepisanan klawan siswa saka padhepokan Ragajampi biyen kae. Nalika semana Dewi Sedhah Merah lagi dolan ing papan kono klawan para abdi. Sekaring kedhaton ing kadipaten Blambangan iku kasengsem klawan sesawangan ing sapinggiring sendhang. Iline banyu kang tiba ing watu nuwuhake swara kumricik,kaya wiramaning alam kang memuji

nunggoni ing UKS. Kader kesehatan uga kudu ana supaya ana calon-calon penerus tenaga medis. O, iya. Banyu kudu nyukupi lan drainasene kudu apik. Latar lan papan sakjabane gedhung ora oleh ditutup paving lan sabangsane supaya banyu bisa ngresep menyang lemah. Malah dianjurake gawe biopori sing akeh. Kanggo arus informasi sekolah kudu duwe majalah sekolah lan radio sekolah. Sejene kanggo informasi lan hiburan kegiatan loro iki uga kanggo ndhidhik siswa ing babagan jurnalistik lan penyiaran.	kaendahaning jagad. Tanpa dinyana sadurunge saka grumbul ing sapinggire sendhang ana ula kang gedhe banget , gawe kagete Dewi Sedhah Merah. Sekaring kedhaton kadipaten Blambangan iku nuli mlayu nggendring sajak kaweden ninggalake papan kono. Ginawa saka rasa wedine , anggone mlayu amung mubeng ing sapinggire sendhang kono. Tujune wektu iku ana nom-noman kang lagi mbebedhag , golek buroning alas. Sumurup bocah wadon kang mlayu-mlayu diuber ula, tanpa ana sing mrentah nom-noman mau nuli nglepasake jemparing, ngenani ndhase ula mau, dadi lan tiwase. **(Sumono Sandy Asmoro, PS 38/2005)**

Yen dideleng satleraman teks wacan ing dhuwur katon padha wujude, yaiku gancaran. Nanging yen kotliti bakal kotemokake jinise tembung kang digunakake. Adhedhasar tegese, ana teks wacan kang migunakake basa lugas yaiku basa kang duwe teges wantah (*harafiah, leksikal*) lan teks wacan kang migunakake tembung entar (silihan).
Saben siswa dijaluk nggoleki titikan basa kang digunakake ing teks loro mau, banjur jangkepi tabel ing ngisor iki!

Basa Rinengga	
Sekolah Adi Wiyata	**Tembang Bumi Blambangan**
	Tuladha: Sawise *kapedhotan tresna* saiki Dewi Sedhah Merah arang-arang melu marak ing pendhapa agung kadipaten Blambangaan yen pinuju dina pisowanan. = pisah

Garapan 2 : Ngrakit Ukara Nganggo Basa Rinengga

Adhedhasar wangsulanmu saka garapan kasiji ing dhuwur, pilihen tembung entare 10 wae banjur rakiten dadi ukara kang ganep nganggo basamu dhewe!

No	Basa rinengga	Ukara
0.	***Kapedhotan tresna***	1. Brodin ora bisa sinau kanthi jenak sawise *kapedhotan tresna* karo Deborah
1.		
2.		
3.		
4.		
5.		
6.		
7.		
8.		
9.		
10.		

Garapan 3 : Ngrakit Paragraf kang Ngemu Basa Rinengga

Adhedhasar garapanmu ngenani ukara kang ngandhut tembung entar sarta perangane basa rinengga liyane kaya kang wis kababar ing dhuwur, rakiten dadi paragraf kang nyawiji telung paragraf wae !

No	Basa rinengga	Paragraf mawa perangan basa rinengga
0.	○ *kagelar kagulung* • *sekaring kedhaton* • *kaya kablebeg pedut sayuta*	Sawise pikirane *kagelar kagulung*, Dewi Sedhah Merah wis manteb nedya nduwa kersame ramane yen nganti dheweke arep kadhaupake klawan patih Jathasura. Mula *sekaring kedhaton* ing kadipaten Blambangan kuwi tansah mbudidaya golek cara supaya bisa uwal saka

		papan kono. Nanging dheweke rumangsa jibeg, *kaya kablebeg pedut sayuta* kudu tumuju menyang ngendi yen bakal lunga saka kadipaten Blambangan.
1.		
2.		
3.		

Garapan 4 : Nggolek lan Ngoleksi Teks Panyandra

Goleka tuladha teks panyandra ing kegiyatan apa wae lan saka sumber apa wae! Kanggo gladhen lan tulada tumrap sapa wae, unggahen teks kang kasil kokoleksi ana samadyaning jejaring sosial utawa internet.

Garapan 5 : Ndhemonstrasekake Teks Panyandra

Cobanen mraktekake pamacane teks panyandra kanthi kanthi kabisanmu dhewe lan percaya marang kabisane pribadi wacanen kanthi kebak rasa pangrasa! Kanggo dokumen tumrap sekolah, solah bawa lan swaramu nalika maca teks panyandra, rekamen nganggo kamera video utawa HP gentenan karo kancamu!

Gegebengane pambiwara, ya sliramu sing lagi maca panyandra, dipersudi utawa diupayakake murih jangkepe mapan dadi pambiwara kang mumpuni:

1) Nyinau kawruh babagan tatacara sarta upacara, subasita, kawruh basa, paramasastra, lsp.
2) Swarane gunem sing cetha, wijang, sarta gampang disurasa utawa dingerteni.
3) Syukur bisa laras karo gendhing pangiring, utawa titen gendhing.
4) Prigel ngungak swasana murih penake sing padha wuninga.
5) Anoraga kebak subasita, *sareh ing lampah, sabar ing manah.*
6) Napas katata.
7) Swarane sareh ora ngaya, ora kesusu.
8) Cetha pocapane, wijang ukarane.
9) Migunakake swara kang sinurung hawa saka weteng (*suara perut*).
10) Rasaning ati, kumawula.

GLADHEN WULANGAN 5

I. Pilihen wangsulan sing paling bener!

1. Bedane basa kang dianggo ing teks sastra lan teks non sastra yaiku....
   a. Teks sastra akeh nggunakake tembung entar lan simbol-simbol dene teks non sastra nggunakake tembung kang tegese lugas lan faktual (apa anane).
   b. Teks sastra akeh nggunakake tembung denotasi lan simbol-simbol dene teks non sastra nggunakake tembung kang tegese lugas lan faktual (apa anane).
   c. Teks sastra akeh nggunakake tembung kang multi tafsir dene teks non sastra nggunakake tembung kang ditegesi sapa wae padha.
   d. Teks sastra akeh nggunakake basa resmi lan simbol-simbol dene teks non sastra nggunakake basa ora resmi
   e. Teks sastra rakitane tembunge lumrah wae dene teks non sastra rakitane tembunge nuwuahake wirama (musikalitas)
2. Titikane teks sastra yaiku....
   a. Wujud reriptan nganggo basa kang endah lan gampang dimangerteni.
   b. Wujud reriptan nganggo basa kang agung, lungit lan isine jero
   c. Wujude reriptan nganggo basa endah, ngemu wirama, wirasa panyurasane gumantung sing maca.
   d. Wujud reriptan kang isine kasunyatane lan kaendahane urip ing ndonya,nuwuhake pamikat.
   e. Wujud reriptan kang isine pasulayane urip ing madyane bebrayan.
3. Titikane teks non sastra yaiku....
   a. Wujud reriptan nganggo basa kang endah lan gampang dimangerteni.
   b. Wujud reriptan nganggo basa kang agung, lungit lan isine jero
   c. Wujude reriptan nganggo basa endah, ngemu wirama, wirasa panyurasane gumantung sing maca.
   d. Wujud reriptan kang isine kasunyatane lan kaendahane urip ing ndonya,nuwuhake pamikat.
   e. Wujud reriptan nganggo basa kang ngemu teges wantah lan isi bab kasunyatan.
4. Tuladhane tembung saroja yaiku ...
   a. putih memplak, mukti wibawa, gagah prakosa
   b. ajur mumur, sekti mandra guna, manca warna
   c. kolik priya priyagung anjani putra, edi peni
   d. rambute ngelar kumbang, jembar segarane
   e. mudha- mudhi, baya pakewuh, dawa tangane
5. Ing ngisor iki kang kalebu sesanti yaiku....
   a. Emprit abuntut bedhug. Kebo nusu gudel.
   b. Cagak nguntal empyak. Sing taberi, nastiti lan ngati-ati.
   c. Mripate ndamar kanginan. Suradira jayaningrat lebur dening pangastuti.
   d. Gandane arum jamban. Pasuryane abang dluwang.

e. Ing ngarsa sung tuladha. Ing madya mangun karsa
6. Ing ngisor iki kang kalebu saloka yaiku....
   a. Emprit abuntut bedhug. Kebo nusu gudel.
   b. Cagak nguntal empyak. Sing taberi, nastiti lan ngati-ati.
   c. Mripate ndamar kanginan. Suradira jayaningrat lebur dening pangastuti.
   d. Gandane arum jamban. Pasuryane abang dluwang.
   e. Ing ngarsa sung tuladha. Ing madya mangun karsa
7. Kang kagolong tembung yogyaswara yaiku....
   a. abang dluwang, mudha mudhi, dewa dewi
   b. gandarwa gandarwi, kedhana kedhini, mudha mudhi
   c. maneka warni, dewa dewi, siswa siswi
   d. putra putri, edi peni, perwitasari
   e. pemudha pemudha, prameswari, jaluestri
8. Ukara ing ngisor iki kang ngemot tembung entar yaiku....
   a. Sapa sing salah kudu ngalah.
   b. Yen mangsa udan dalane lunyu banget, mula sing ati-ati
   c. Tangane bocah iku dawa sisih, cacat wiwit cilik.
   d. Bocah kuwi pancen lunyu ilate, mula didohi kancane.
   e. Polatane katon sumringah bareng krungu kabar kahanan bojone.
9. Ukara sing ngemu basa rinengga yaiku :
   a. Sedina natas udane ora uwis-uwis.
   b. Agemane Bapak diampil Pak Dhe
   c. Saben dina pagaweyane mung thutuk watu
   d. Pancen bocahe ya ayu, tur solah tingkahe nyenengake
   e. Dhasar gandhes, luwes, yen nganggo busana sarwa pantes.)
10. Ukara ing ngisor iki kang nggunakake basa rinengga yaiku....
   a. He, lungguhmu aja jigang kaya ngono kuwi ora sopan, tur ora pantes disawang!
   b. Sapa sing rumangsa salah, wis samestine kudu gelem ngakoni salahe mau becike banjur njaluk pangapura.
   c. Nalika tekan papan kang dituju, bocah wadon mau gage-gage mudhun, terus mlebu omah cet biru mau.
   d. Pancen pantes yen dadi patuladhan, dhasar ayu rupane, sumunar cahyane, gandhes luwes solah bawane.
   e. Cahyane lampu sokle cumlorot madhangi dalan sing diliwati, lan uga sakiwa tengene, nganti katon watu gedhe-gedhe kang njegreg kaya patung
11. <u>Gebyar-gebyar pating pancurat pating cumlorot kadya taranggana silih sasana,</u> endah edi raras kawuryan, lah punika ta agemane sri penganten sarimbit. Kang garis ngisor ing ukara kasebut i nelakake yen agemane panganten digambarake kepriye ?
   a. Gumebyar kaya klambine garwane ratu
   b. Gumebyar kaya inten kang kena sunare srengenge
   c. Gumebyar kaya cahyane lintang alihan
   d. Gumebyar kaya cahyane rembulan kang lagi ndadari
   e. Gumebyar kaya kalapis emas putih
12. "Swandagni, sira anakku mbarep sing tak gadhang-gadhang bisa ngreksa kawibawaning wong tuwa. Tampanana kerisku iki, mangkata menyang kutha raja Maespati. Golekana ibumu. Yen wis ketemu, keris iki kudu kokumbah nganggo getihe ibumu Dewi Renuka." Kang nuduhake manawa pethikan iku kalebu teks sastra yaiku....

a. Swandagni, sira anakku mbarep sing tak gadhang-gadhang.
b. Dak gadhang-gadhang bisa ngreksa kawibawaning wong tuwa.
c. Tampanana kerisku iki, mangkata menyang kutha raja Maespati.
d. ngreksa kawibawaning wong tuwa; kokumbah nganggo getihe
e. mangkata menyang kutha raja Maespati; golekana ibumu

13. Dewi Sedhah Merah kaya-kaya pupus atine kanggo mecaki dina-dina ing lembaraning uripe. Senajan wis ora kurang-kurang anggone adipati Siung Laut nggedhekake atine putrine, nanging sekaring kedhaton kadipaten Blambangan kuwi kaya-kaya saya kelem jroning panalangsa.
Tetembungan kang ngemu surasa ora salugune ing pethikan teks kasebut yaiku....
a. Dewi Sedhah Merah kaya-kaya, pupus atine, kadipaten Blambangan
b. pupus atine, lembaraning uripe, nggedhekake atine
c. wis ora kurang-kurang, sekaring kedhaton, kelem jroning panalangsa
d. pupus atine, adipati Siung Laut, kadipaten Blambangan,
e. wis ora kurang-kurang, sekaring kedhaton, jroning panalangsa

14. Sangsangan rukmi ingkang kinarya tiba dhadha, pinatik-patik sesotya, satuhu karya lam-laming kang samya humiyat. Kebayaknya awarni langking sinulam benang kencana kembar padha irenge kaliyan busanane temanten kakung.
Pethikan ing dhuwur mujudake panyandra tumrap....
a. Pepanggihane manten
b. Kirap kasatriyan manten
c. Busanane penganten
d. Kirap kanarendran
e. Pahargyan manten

15. Paragraf kang nggunakake tetembungan basa rinengga yaiku....
a. UKS-e kudu lengkap isine sokur ana dokter pengawase sing kalamangsa nunggoni ing UKS. Kader kesehatan uga kudu ana supaya ana calon-calon penerus tenaga medis.
b. Ing area sekolah kudu akeh wit-witan kang cukup gedhe sokur yen uga ngasilake uwoh. Wit-witan ditandur ana ing plataran ngarep, antarane gedhung karo gedhung, mburi sekolah, pinggir lapangan.
c. Mbiyen ora ana sing nglirik, nanging saiki dadi rebutan. Kepopulerane saya tambah merga pranyata tanduran kang ber-'racun' iki manfaate akeh banget. Wiwit minangka bahan baku biodisel, tanduran pelindung, obat tradisional, pakan ternak, insektisida lan sumber pupuk.
d. Sawise pikirane kagelar kagulung, Dewi Sedhah Merah wis manteb nedya nduwa kersame ramane yen nganti dheweke arep kadhaupake klawan patih Jathasura. Mula sekaring kedhaton ing kadipaten Blambangan kuwi tansah mbududaya golek cara supaya bisa uwal saka papan kono.
e. Saiki sawise ndonya rumangsa kekurangan bahan rgan minyak , merga cadangan minyake saya entek, manungsa bali nggunakake lenga jarak minangka bahan baker disel. Yen dibandhingake karo BBM lenga jarak luwih nguntungake merga sumbere ora bakal entek ,angger gelem nandur.

II. Pitakonan ing ngisor iki wangsulana kanthi patitis!

1. Sebutna 5 wae jinise teks kasusastran Jawa.
2. Tulisen tuladhane tembung entar 5 wae, banjur terangna tegese!

3. Tembung ing ngisor iki terangna tegese!
   a. Pindha sardula lapa
   b. puspita hanjrah salebeting taman
4. Ceceg-ceceg ing ngisor iki ganepana nganggo tembung panyandrane kareben mathuk karo ukarane!
   a. Dhasar sulistya ing warna, mangagem busana..........................
   b. Anggenira caos pangandikan.............................sedayanipun jumbuh kaliyan kersanipun ingkang den sulihi.
5. Golekana tembung panyandrane.
   a. Rambute :...
   b. Pangandikane :..
   c. Lembehane :..
   d. Pamidhangane :..

WULANGAN 6

PITUTUR LUHUR ING TEMBANG MACAPAT

Kompetensi Dasar dan Indikator

3.6 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis puisi tradisional atau modern sesuai dengan karakteristik.

3.6.1 Menjelaskan jenis tembang *macapat*
3.6.2 Menjelaskan ciri-ciri tembang *macapat*
3.6.3 Menjelaskan isi tembang *macapat .*

4.6 Membaca, mencipta, dan mempublikasikan puisi tradisional atau modern.

4.6.1 Mengarang tembang *macapat* .
4.6.2 Mempublikasikan tembang *macapat* hasil karya sendiri.
4.6.3 Melagukan *tembang macapat* karya sendiri di depan kelas.
4.6.4 Menceritakan isi *tembang macapat* karya sendiri

Pasinaon ing bab iki, gegayutan karo tembang macapat. Kanthi nyinau teks tembang macapat kaangkah para siswa bisa ngandelake sipat jujur, andhap asor, *disiplin* lan tanggungjawab. Kaendahan tembang macapat minangka karya asli susastra Jawa kaajab bisa nuntun para siswa marang budi pekerti luhur kang migunani banget ing tata pasrawungan bebrayan *lokal* minangka bageyan saka bebrayan *nasional* lan *global.*



Gb. 6.1 Hiromi Kano
Sumber Gambar : ulasan-dunia.blogspot.com



Gb. 6.2 Elizabeth Karen
Sumber Gambar : www.kaskus.co.id

Mbabar Wawasan

Bab Tembang Macapat lan Pitutur Luhur

Ing Wulangan 6 iki para siswa bakal sinau tembang macapat. Tembang macapat mujudake karya sastra Jawa kang unggul. Tumekaning saiki tembang macapat isih ngrembaka lestari. Akeh sing padha kasmaran marang tembang macapat. Tembang macapat kang wujude ringkes lan kaiket paugeran, pranyata nduweni daya pangaribawa kang gedhe marang kabudayan Jawa. Nggumunake banget yen wong manca padha kapiadreng nliti, ndhudhah kaendahan tembang macapat; wong Jawa (para siswa) ora gelem melu nguri-uri, ora cancut gumregut kanggo cawe-cawe nglestarekake, nyinau, lan nemokake mutyara pitutur luhur kang kinandhut ing endah lungite kasusastran Jawa, tembang macapat.

Sadurunge dibacutake, wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1) Kabudayan Jawa iku tansah njaga kasalarasan, memayu hayuning bawana. Kepriye panemumu?
2) Urip ing alam donya iki kudu becik lan tatakrama marang sapa bae?
3) Pitutur luhur Jawa iku yen karo agama mikuwati apa lelawanan? Tuduhna sawetara buktine!
4) Sapa lan apa sing wis ditindakake dening putri lelorone, kang ngagem busana Jawa ing dhuwur?
5) Ing jaman saiki "akeh wong Jawa wis ilang Jawane" apa bener mangkono? Apa sebabe?
6) Apa para siswa isih sering matur nganggo tembung "nuwun sewu", "nyuwun pangapunten"? Kapan?
7) Ana pitutur luhur mangkene; "ngalah iku luhur wekasane", apa maksude?
8) Manut panemumu, "wong Jawa" iku sing kepriye?

Pasinaon tembang macapat iki kaperang dadi telung perangan, yaiku (1) mbabar wawasan lan tuladhane tembang macapat, (2) Garapan kelompok nyinau tembang macapat, lan (3) Garapan mandhiri nyinau tembang macapat. Lumantar telung perangan iku para siswa bisa ngerteni paugerane tembang macapat, nerangake kawruh basa kang ana ing tembang macapat, nemokake pitutur luhur ing tembang macapat, ngripta lan mbiwarakake tembang macapat, lan kang ora kena kari para siswa bisa nembang macapat. Kanthi *pembelajaran saintifik* lan *penilaian autentik,* para siswa bakal gegulang garapan kanggo nggayuh ancasing pasinaon tembang macapat.

Pasinaon 1

Modhel teks pinilih : Nyinau Pitutur Sajrone Tembang

Sajrone nyinau tembang macapat, kaajab para siswa ngandelake rasa syukure marang Gusti Kang Maha Suci. Kanthi ridhane Gusti, wong Jawa kaparingan sastra tembang macapat kang kebak pitutur luhur.
Lelandhesan sipat jujur, tresna budaya, disiplin lan tanggung jawab para siswa diajab bisa nemokake pitutur luhur mau lan ngecakake piwulang becike ing pasrawungan. Para siswa uga diangkah bisa ngripta tembang macapat, nerangake kaendahan basa, nyritakake surasane tembang karyane uga nembangake kanthi titilaras lan trapsila kang becik.

Tembang Dhandhanggula ing ngisor iki pethikan saka Serat Wulangreh, reriptane Sri Susuhunan Paku Buwana IV, pujangga kang uga raja ing Surakarta Hadiningrat (1788-1820). Serat Wulangreh iku dumadi saka 13 pupuh tembang. Isine Serat Wulangreh iku pitutur luhur kang dadi paugeran laku utama tumekane saiki.

Ayo disemak lan ditembangake bebarengan!

Dhandhanggula Slendro 9

2 5 6 6 6 1 1 1 1 1
(1) *//Pa-me- dhar-e/ wa-si- ta- ning/a- ti,*
1 1 6 6 6 6 6 6 6 6
Cu-man-tha- ka/ a- ni- ru/ pu- jang-ga,
5 6 6 6 6 6 6 5 5
Da-hat mu-dha/ ing ba- tin- e,
5 6 6 6 6 1 6
Na-nging ke- dah/gi-nung- gung,
5 5 2 2 2 2 2 2 16
Da-tan wruh yen/ a- keh/ nge-sem-i,
1 2 2 2 2 2 2
a- mek-sa/ a- ngrum-pa-ka,
1 1 6 6 1 6 5
Ba-sa/ kang ka- lan-tur,
1 2 2 2 2 2 2 2
Tu-tur/ kang ka- tu-la-/ tu- la,

2	2	16	6	6	6	6	6	6	1	2	2
Ti-	*na-*	*la-*	*ten/*	*ri-*	*nu-*	*ruh/*	*ka-*	*la-*	*wan*	*ri-rih,*	
5	6	1	6			2	1	6 1			
Mrih	*pa-dhang-ing/*					*sas-*	*mi-*	*ta//*			

(2) Sasmitaning ngaurip puniki,
mapan ewuh yen ora weruha,
tan jumeneng ing uripe,
akeh kang ngaku-aku,
pangrasane sampun udani,
tur durung wruh ing rasa,
rasa kang satuhu,
rasaning rasa punika,
upayanen darapon sampurna ugi,
ing kauripanira.

(3) Nanging yen sira ngguguru kaki,
amiliha manungsa kang nyata,
ingkang becik martabate,
sarta kang wruh ing kukum,
kang ngibadah lan kang wirangi,
sokur oleh wong tapa,
ingkang wus amungkul,
tan mikir pawewehing liyan,
iku pantes sira guronana,
sartane kawruhana.

Tembang utawa sekar yaiku rumpakan basa kanthi paugeran tartamtu kang pangucape kudu nggunakake kagunan swara. Mulane ing tembang macapat ana perangan rasaning swara (titilaras) lan rasaning basa (sastra). Ing rasaning swara dikenal anane titilaras slendro lan titilaras pelog. Titilaras slendro iku ana telung pathet, yaiku slendro pathet nem, slendro pathet sanga, lan slendro pathet manyura. Ing titilaras pelog uga ana telung pathet, pelog pathet nem, pelog pathet lima, lan pelog pathet barang.

Ing tembang iku rasaning swara winengku ing rasaning basa, tegese nalika nembang kudu ngutamakake basa utawa sastrane. Mula banjur ana pedhotan kendho lan pedhotan kenceng. Pedhotan kendho iku pedhotan kang manggon ing wekasaning tembung lan ora medhot wandaning tembung, dene pedhotan kenceng iku pedhotan kang ora manggon ing wekasaning tembung.


Serat kang tinulis kanthi tembang macapat lumrahe dumadi saka pirang-pirang *pupuh.* Saben *pupuh* mau dumadi saka pirang-pirang *pada.* Ing saben *pada* bisa ditemokake guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu/swara. Arane saben *pupuh* mau bisa dideleng saka *sasmitaning tembang* lan paugerane tembang macapat.



bagan 6.1 perangan tembang macapat

Garapan 1 : Ngerteni Jinis lan Paugerane Tembang Macapat

Tembang Macapat iku nduweni paugeran guru gatra, guru wilangan lan guru lagu.



Bagan 6.2 Paugeran Tembang

Tembang Dhandhanggula pada (1) ing dhuwur yen digoleki guru gatra, guru wilangan lan guru lagune kaya ing ngisor iki;

Gatra	Cakepan	Guru Wilangan lan Guru Lagune
1	Pamedhare wasitaning ati,	10i,
2	Cumanthaka aniru pujangga,	10a,
3	Dahat mudha ing batine,	8e,
4	Nanging kedah ginunggung,	7u,
5	Datan wruh yen akeh ngesemi,	9i,
6	Ameksa angrumpaka,	7a,
7	Basa kang kalantur,	6u,
8	Tutur kang katula-tula,	8a,
9	Tinalaten rinuruh kalawan ririh,	12i,
10	Mrih padhanging sasmita	7a.

a. Golekana guru gatra, guru wilangan lan guru lagune tembang dhandhanggula ing pada (2) lan pada (3) ing dhuwur!
b. Apa guru gatra, guru wilangan, lan guru lagune padha persis karo pada (1)? Yen ngono apa dudutan kang bisa dijupuk?

Tembang Macapat iku jinise ana 11, gampange karingkes kanthi sebutan *MasPuKi SiDurGamMi MeDhanPangkAs*. 11 jinis tembang macapat mau ditata runtut kaya lelakune wong urip ing alam donya; yaiku : *Maskumambang, Pucung, Kinanthi, Sinom, Durma, Gambuh, Mijil, Megatruh, Dhandhanggula, Pangkur, Asmaradana.* Dene teges lan wewatakaning tembang iku kaya ing ngisor iki;

a. Maskumambang;
   Maskumambang nggambarake jabang bayi kang isih kumambangan ana ing kandhutane Ibu. Tembang Maskumambang iku yasane Sunan Maja Agung. Watake nelangsa, prihatin, sedhih banget. Sasmitaning tembung *kumambang, ketimpul, kambang, kencana, timbul.*
b. Mijil;
   Mijil = lair. Tembang Mijil iku nggambarake laire si jabang bayi. Tembang Mijil diripta dening Sunan Gunung Jati. Watake tembang gandrung, prihatin. Sasmitane *wijil, mijil, wiyos, rarasati.*
c. Sinom;
   Sinom tegese anom, enom, timur; nggambarake kahanan sing isih enom nalika si bocah kudu ngangsu kawruh, golek elmu saakeh-akehe kanggo keslametane. Tembang Sinom karipta dening Sunan Gunung Jati. Watake tembang; wantah. Sasmitane tembang Sinom ing antarane: *anom, taruna, srinata, ron kamal, pengrawit, logondhang.*
d. Kinanthi;
   Kinanthi tegese digandheng, dikanthi. Tembang macapat Kinanthi nggambarake si bocah kang digandheng, dituntun supaya bisa slamet uripe. Kinanthi iku yasane Sunan Adi Erucakra. Watake yaiku asih-asuh. Sasmitane asring nggunakake tembung *kinanthi, kanthi, sinartan*.
e. Asmaradana;
   Tembang Asmaradana iku tegese rasa seneng, tresna kang diparingake Gusti marang manungsa. Urip ing alam donya mesthi nduweni rasa seneng, tresna. Rasa iki kudu dijaga supaya ora mbebayani tumrap jiwane manungsa. Tembang Asmaradana iku yasane Sunan Giri. Watake tembang Asmaradana iku luwes, manis. Sasmitane tembung *kasmaran, asmara, brangti, kingkin, dana.*
f. Gambuh;
   Tembung Gambuh maksude jumbuh utawa sarujuk. Yaiku gegambarane wong ngancik alam kulawarga. Sawise padha jumbuh utawa cocog banjur dadi kulawarga. Lumantar kulawarga manungsa bisa memayu hayuning bawana, dalan kang becik lan bener. Watake rada sereng. Sasmitane *Gambuh, anut, wimbuh, tambuh.*
g. Dhandhanggula;

Dhandhanggula nggambarake kahanan kang nyenengake, kebak memanis sebab kang digegadhang bisa kasembadan. Watake luwes, manis. Sasmitane tembung *sarkara, manis, madu, hartati, dhandhang.*

h. Durma;

Durma asal saka tembung “darma utawa weweh”. Maksude sawise uripe manungsa seneng, sarwa kecukupan banjur bisa darma, weweh utawa tetulung. Tembang Durma iki yasane Kanjeneg Sunan Bonang. Tembang macapat Durma ngelingake yen manungsa tansah mbutuhake bantuwane wong liya, ora bisa urip dhewe mula kudu rukun lan tansah nandur kabecikan. Watake seru, sereng banget. Sasmitane *durma, mundur.*

i. Pangkur;

Tembang Pangkur artine mundur utawa mungkur, maksude wis mungkurake kabeh hawa nepsune. Uripe manungsa ora selawase, mula kudu tansah eling lan waspada. Kudu sneng darma, ngedohi/ngungkuri angkara. Watake sereng. Sasmitane *pungkur, kur, kepungkur.*

j. Megatruh;

Tembang Megatruh –dhudhukwuluh- iku yen dipirid asal saka megat roh, artine wis wektune nyawa, yitma, atmane pisah lawan raga. Bali marang sangkan parane dumadi, sowan ing ngarsane Gusti. Mula kudu tansah angati-ati, prasasat wong utang bakale nyaur, sapa kang tumindak becik oleh kebagusan, sapa kang dhemen tumindak ala/cidra bakal ginanjar neraka. Tembang Megatruh iku karipta dening Sunan Giri Prapen. Watake prihatin, getun, keduwung. Sasmitane *andhudhuk, truh, pegat, megat.*

k. Pucung;

Wis tekan ing akhire lelakon, raga kang wis koncatan nyawa mau diarani layon, mayit utawa jisim. Si layon banjur binungkus mori sarwa putih arane dipocong, yaiku werdine tembang Pocung. Tembang Pucung karipta dening Sunan Gunungjati. Watake sasenenge. Sasmitane *pucung, cung, kaluwak*

Goleka tuladha 11 tembang macapat kanthi luru kawruh saka buku, majalah, internet; sabanjure isenana tabel ing ngisor iki!

Arane tembang	**Guru gatrane**	**Guru wilangan lan guru lagune**
Maskumambang	4	12i, 6a, 8i, 8a
Mijil		
Sinom		
Kinanthi		
Asmaradana		
Gambuh		

Arane tembang	Guru gatrane	Guru wilangan lan guru lagune
Dhandhanggula	10	10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a
Durma		
Pangkur		
Megatruh		
Pucung		

Garapan 2 : Ndhudhah Kawruh Basa ing Tembang Macapat

Kaendahan basa ing tembang macapat iku werna-werna. Gumantung marang pujangga utawa panganggite. Kabeh mau kanggo nglairake gagasane. Gatekna bagan ing ngisor iki !



Bagan 6.3 kawruh basa ing tembang

Wenehana tandha pedhotan kendhone!

Tembang Gambuh Laras Slendro Manyura

2 3 5 5 6 5 3 5 6
(1) *Se- kar gam- buh ping ca- tur,*

3	5	3	2	2	3	5	5 3	5	6		
kang	*ci-*	*na-*	*tur*	*po-*	*lah*	*kang*	*ka-*	*lan-*	*tur,*		
2	1	6̣	1 2	2	2	2	2	3	1	6̣	5̣
Tan-	*pa*	*tu-*	*tur*	*ka-*	*tu-*	*la-*	*tu-*	*la*	*ka-*	*ta-*	*li,*
1	2	2	2	3	1	2	3				
Ka-	*da-*	*lu-*	*war-*	*sa*	*ka-*	*tu-*	*tuh,*				
3	5	5	5	6	3	5 3	2				
Ka-	*pa-*	*tuh*	*pan*	*da-*	*di-*	*a-*	*won.*				

Tembang Gambuh	Gancarane
(2) Aja nganti kabanjur, sabarang polah kang nora jujur, yen kabanjur sayekti kojur tan becik, becik ngupayaa iku, pitutur ingkang sayektos.	Aja nganti padha kebanjur ing sabarang tumindak sing ora jujur. Yen nganti kebanjur, dadine cilaka tur ora becik. becike tansah goleka pitutur kang temen.
(3) Pitutur bener iku, sayektine apantes tiniru, nadyan metu saking wong sudra papeki, lamun becik nggone muruk, iku pantes sira anggo.	Pitutur kang temen iku pitutur kang bener. Temenan iku pantes ditiru. Senajan pitutur mau saka wong sengsara kang uripe papa. Watone becik olehe muruk, pituture kena kokanggo.

Bausastra

- Tembung Kawi = tembung kang asale saka basa Jawa Kuna; Kawi =Jawa Kuna
- Tembung Saroja = tembung loro ukang padha utawa meh padha tegese dianggo bebarengan
- Tembung garba = tembung loro kang kagandheng kanthi nyuda cacah wandane
- Baliswara = ukara kang diwalik papan panggonane kanggo nuhoni guru lagu
- Purwakanthi = nggandheng sing ngarep; swara, sastra, basa kang nggandheng runtut karo wanda, tembung, gatra sadurunge
- Sandhi asma = asma, nama pengarang kang sinandhi ing karya.
- Sengkalan = ukara kang nduweni teges angka taun
- Pedhotan kendho = pamedhoting wanda ing tembang manut tembunge
- Pedhotan kenceng = pamedhoting wanda tanpa nggatekake tegese tembung

Tembang Gambuh ing dhuwur nggunakake tembung kawi : *catur, pan, nora, sayekti, tan, sudra.*

Tembung Kawi digunakake ora mung kanggo nambah kaendahan bae, nanging uga kanggo nyukupi guru lagu, guru wilangan, lan purwakanthi. Buktine ing tembang Gambuh pada (1). Tembung "catur" tegese papat. Yen gatra kapisan unine *sekar Gambuh ping papat* (7a) dadi ora mathuk karo paugeran guru lagu tembang Gambuh, yaiku 7u.

Mengkono uga ing pada (2) gatra katelu *yen kebanjur sayekti kojur tan becik.* (12i) Digunakake tembung 'tan" tegese ora. Umpama diganti tembung "ora" utawa "nora" guru wilangane dadi luwih sawanda: *yen kebanjur sayekti kojur nora becik* (13i)

Tembung saroja ing tembang Gambuh manggon ing pada (3) "sudra papeki". Tembung "sudra papeki" uga tuladhane tembung garba. "sudra" tegese ora duwe, padha karo "papa". Tembung loro padha tegese dianggo bebarengan "sudra papa" diarani tembung saroja. Tembung "papeki" asale saka tembung "papa" + "iki" = papeki. Digunakake tembung garba "papeki" kanggo ngugemi guru wilangan lan guru lagu 12i. Kliru yen unine mangkene : *nadyan metu saking wong sudra papa iki* (13i).

Purwakanthi ing tembang Gambuh pada (1) manggon ing tembung : "catur", "cinatur", "kalantur" , "tutur". Tembung-tembung mau kalebu purwakanthi swara ur/tur.

Purwakanthi sastra ing pada (1) nggunakake aksara sigeg "t" lan "l". *tanpa tutur, katula-tula katali, kadaluwarsa katutuh, kapatuh* . Tembung-tembung ing tembang Gambuh pada (1) iku nggunakake aksara "l" lan "t". Luwih cetha ing tembung *katula-tula katali* tegese urip sengsara kadawa-dawa kaya tali. Swara lan surasane mbangetake.

a. Ing pada (2) lan (3) kepriye purwakanthine? Golekana lan terangna!
b. Apa tembang Gambuh ing dhuwur ana baliswara, sandhi asma, lan sengkalane?
c. Pitutur apa kang ana ing pada (2)?
d. Pitutur bener kang metu saka wong asor apa kena dianggo ing bebrayan? Terangna wangsulanmu!

Ora kabeh kaendahan mau ditemokake ing sapada tembang macapat. Nanging kaendahan mau mesthi ana ing tembang macapat. Semaken tembang Megatruh ing ngisor iki!

Megatruh Laras Pelog Barang

7 5 6 7	7 6 7 5	3 5 6 7	
Ha-wya ***pe-gat***	*ngu-di- a* **rong-**	*ing budya yu*	*(12u)*
7 7 7 7	6 6 76 5		
*Mar***ga-** *ne su-*	*ka ba- su- ki*		*(8i)*
2 3 5 5	5 6 6 6		
dimen lu- **war**	*kang ki- na- yun*		*(8u)*

3	2	2	2	2	2	3 2	7̣	
Ka-	*lis-*	*ing pang-*		*ga-we*		**si-**	*sip*	*(8i)*
3	5	6	6	7	5	6 5	3 2	
Ing-kang		**ta**-*be-*		*ri*	*pri-*	*ha-*	*tos*	*(8o)*

Saka tuladha tembang ing dhuwur isenana tabel ing ngisor iki!

a.	Arane tembang	Megatruh
b.	Guru gatrane	
c.	Guru wilangan lan guru lagune	
d.	Kaendahan-Kawruh Basa	
	i. Tembung Kawi	
	ii. Tembung Saroja	
	iii. Tembung Garba	
	iv. Bali swara	
	v. Purwakanthi swara	
	vi. Purakanthi sastra	
	vii. Purwakanthi basa	
	viii. Sandhiasma	
	ix. Sengkalan	

Tembang ing ngisor iki golekana sengkalane, lan terangna tegese taun pira?

Gambuh
Nadyan bisa mbarenjul,
Tanpa tawing enggal jugrugipun,
Kalakone karsaning Hyang wus pinasti,
Yen ngidak sangkalanipun,
Sirna tata esthining wong.

Pasinaon 2 :
Makarya Bebarengan : Ngripta Tembang Macapat

Ing pasinaon 2 para siswa kaajak nggawe lan ngerteni isi, pitutur luhur kang ana ing tembang macapat bebarengan karo kelompok. Kabeh tingkatan gegladhen mau kanggo nggayuh ancasing pasinaon. Kanthi jujur, disiplin, lan tanggungjawab pasinaon bakal mupangati tumrap para siswa. Rasa tresna marang agunge kabudayan Jawa bakal sansaya ngrembuyung mekar

Garapan 1 : Mranata Gatrane Tembang

Tembang iku nduweni paugeran baku. Paugeran mau urut runtut manut guru gatra, guru wilangan lan guru lagune. Kang uga perlu diruntutake yaiku surasa utawa artine.

Bebarengan karo kancamu, gatra-gatra ing ngisor iki urutna manut paugerane tembang lan runtut surasa/artine.

a. Pangkur (8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i)

Teks saben gatra	**Tembang Pangkur**
Deduga lawan prayoga, Tangi lungguh angadeg tuwin lumaku, Duga-duga nora kari, Tan kena tininggalan, Myang watara reringa aywa lali, Iku parabot satuhu, Ngucap meneng miwah nendra.	

b. Asmaradana (...)

Teks saben gatra	Tembang Asmaradana
lan aja para wadulan. aja idak aja nyepak, aja jail para padu, lengus lanas langar lancang, lan aja siya-siya, Lawan aja angkuh bengis, calak ladak sumalonong.	

c. Sinom (.......................................)

Teks saben gatra	Tembang Sinom
Nulada laku utama, pinesu tapa brata, amamangun karyenak tyasing sesama. tanapi ing siyang ratri, Panembahan Senopati, tumrape wong Tanah Jawi, kepati amarsudi, Wong Agung ing Ngeksiganda, sudane hawa lan nepsu.	

Bausastra

Deduga = duga-duga, pangira-ira, pangati-ati, weweka, reringa
Myang =
Para wadulan = gampang/seneng wadul
Lengus = lanas, angkuh, ladak
Kepati = banget
Ngeksiganda = ngeksi + ganda = ndeleng/mripat-arum= mataram

Garapan 2 : Njangkepi Guru Wilangan

Sawise bisa ngurutake gatra tembang macapat manut tata paugeran lan endah surasane tembang, sabanjure para siswa diutus njangkepi cakepan tembang. Bebarengan karo kancamu, rembugen tembung-tembung apa kang bisa njangkepi gatraning tembang ing ngisor iki.

Cakepan ing ngisor iki jangkepana supaya dadi tembang sing becik!

No	Tembang lan Cakepane
a.	Asmaradana (8i, 8a, 8o/e, 8a, 7a, 8u, 8a) Aja .... kaki, ... nganglang jagad, nyangking bokor ...., isine ...., ... pangan yaiku ...., wong ....
b.	Dhandhanggula (..) Memanise......................... urip ...., Bisa gawe ...., Tumungkul ...., Aja ...., sabar nrima ...., sumeh ...., ... dintenipun, Ora gampang ...., Ati tentrem ...., ... estokna.
c.	Kinanthi (..) **S** esantine .... Ngelmu, **I**..................... purun ...., **N**iyat .... utama, **U**payanen.................. ...., **N**ora .... Sasar, **G**umbireng tyas..................... ....

Garapan 3 : Nggancarake Tembang Macapat

Lungguha karo kelompokmu (saben kelompok 4 siswa). Sabanjure kanthi makarya bebarengan ing kelompokmu, gancarna cakepan tembang Dhandhanggula pethikan saka Serat Wulang Sunu, ISKS Pakubuwana IV, ing ngisor iki kanthi basa krama kaya tuladhane!

Tembang macapat	Basa Gancarane
a. Mapan sira mangke anglampahi, ing pitutur kang muni ing layang, pesthi becik setemahe, bekti mring rama ibu, duk purwa sira udani, karya becik lan ala, saking rama ibu, duk sira tasih jajabang, ibu ira kalangkung lara prihatin, rumeksa maring sira.	*Menawi mangke Panjenengan saged nglampahi. Ing pitutur ingkang wonten ing Serat Wulang Sunu menika, tamtu bakal sae menawi Panjenengan bekti dhateng Rama lan Ibu. Nalika wiwitan Panjenengan tedahaken samukawis ingkang sae lan awon. Saking Rama lan Ibu duk nalika tansih bayi, Ibu ingkang sanget rekaosipun lan gerah prihatos. Sedaya wau kangge njagi putranipun.*
b. Nora eca dahar lawan guling, ibu nira rumeksa ing sira, dhahar sekul uyah bae, tan ketang wejah luntur, nyakot bathok dipunlampahi, saben ri mring bengawan, pilis singgul kalampahan, ibu nira rumeksa duk sira alit, mulane den rumangsa.	
c. Duk sira ngumur sangang waresi, pasti sira yen bisa rumangkang, ibumu momong karsane, tan ketang gombal tepung, rumeksane duk sira alit, yen sira kirang pangan, nora ketang nubruk, mengko sira wus diwasa, nora ana pamalesira ngabekti, tuhu sira niaya.	
d. Lamun sira mangke anglampahi, nganiaya ing wong tuwanira, ingukum dening Hyang Manon, tembe yen lamun lampus, datan wurung pulang lan geni, yen wong durakeng rena,	

Tembang macapat	Basa Gancarane
sanget siksanipun, mulane wewekas ingwang, aja wani dhateng ibu rama kaki, prentahe lakonana.	
e. Parandene mangke sira iki, yen den wulang dhateng ibu rama, sok balawanan ucape, sumahir bali mungkur, iya iku cegahen kaki, tan becik temahira, donya keratipun, tan wurung kasurang-kasurang, tembe mati sinatru dening Hyang widhi, siniksa ing Malekat.	

Garapan 4 : Ngonceki Pitutur Luhur Sajrone Tembang

Tembang-tembang kang dirembug ing pasinaon iki kapilih kang ngemu pitutur luhure. Tembang-tembang mau kapethik saka Serat Wedhatama, Serat Wulangreh, Serat Sabdajati, lan serat liyane. Serat yasane para pujangga mau ngandhut mutyara pitutur luhur kang gedhe banget guna paedahe tumrap tata panguripan saben dinane.

Kepriye carane supaya bisa nemokake pitutur luhur ing tembang macapat?

Salah siji cara kanggo nemokake pitutur luhur ing tembang macapat yaiku kanthi mangsuli ukara pitakon kang nggunakake tembung pitakon "apa", "sapa", "geneya/ya'apa", lan "kepriye/ya'apa".

1) Tembang-tembang ing ngisor iki gatekna!
2) Bebarengan karo kancamu sabangku gawea ukara pitakon kanthi tembung "apa", "sapa", "geneya/ya'apa", lan "kepriye/ya'apa", paling sithik 3 pitakon.
3) Sabanjure pitakon mau ijolna karo bangku/kelompok sandhingmu.
4) Wangsulana pitakon-pitakon ijolan sing koktampa mau!
5) Tulisen maneh wangsulanmu, dadi dudutan pitutur luhur kang ana ing tembang!

Pethikan serat Wulang Sunu lan Wulangreh iki golekana pitutur luhure!

Tembang	Pitakon lan Wangsulan
a. Dhandhanggula Nora eca dahar lawan guling, ibu nira rumeksa ing sira, dhahar sekul uyah bae, tan ketang wejah luntur, nyakot bathok dipunlampahi, saben ri mring bengawan, pilis singgul kalampahan, ibu nira rumeksa duk sira alit, mulane den rumangsa.	-sapa sing ora eca dhahar lan sare? +Ibu nira. -sapa sing direksa Ibu? +(kula) putrane -Menapa ingkang dipunlampahi Ibu? +Wejah luntur, nyakot bathok, pilis singgul kalampahan dening Ibu. -Kepriye kudune anak iku? +Mulane kudu rumangsa *Pitutur luhure : Ibu sengsara ngreksa putrane. Prasasat wejah luntur, nyakot bathok, pilis singgul kalampahan. Anak kudu bisa rumangsa marang wong tuwa (Ibu)
b. Dhandhanggula Dhaharira mangke pait getir, ibu nira rumeksa ing sira, nora ketang turu samben, tan ketang komah uyuh, gupak tinja dipun lampahi, lamun sira wawratana, tinatur pinangku, cinawikan ibu nira, dipun dusi esuk sore nganti resik, lamun luwe dinulang.	-sapa sing ....? + ... -Kepriye anggone .... Ibu? + -Lamun putrane .... kadospundi Ibu? + - + *pitutur luhure: ....
c. Durma Bener luput ala becik lawan begja, cilaka mapan saking, ing badan priyangga, dudu saking wong liya, pramila denngati-ati, sakeh durgama, singgahana den eling.	-................ +................ -................ +................ -................ +................ *Pitutur Luhure : ....

Pasinaon 3

Pakaryan Mandhiri :

Gladhen mandhiri mujudake sarana kanggo mbuktekake asil pasinaonmu bebarengan kelompok. Pasinaon 3 Gladhen Mandhiri bakal njelasake watak jujur, disiplin lan tanggungjawabmu marang dhiri pribadimu, marang pasinaon, lan marang sakiwa tengenmu.

Para siswa wis mangerteni jinis, tata paugeran, kawruh basa, titilaras lan pitutur luhur sajrone tembang. Para siswa kudu bisa ngripta tembang macapat kanthi mandhiri.

Garapan 1 : Ngripta Tembang Adhedhasar Teks Gancaran

Basa kang digunakake ing tembang, geguritan, parikan iku nduweni titikan ringkes, padhet, kebak isi. Tembang macapat tansah kaiket ing paugeran guru gatra, guru wilangan, guru lagu. Mula kudu milih tembung sing bisa nuhoni guru wilangan lan guru lagu, uga bisa nglairake gagasan pitutur luhur kang pengin dinyatakake dening pangriptane.

Basa tembang bisa diowahi dadi basa gancaran. Mengkono uga suwalike, basa gancaran bisa diowahi dadi tembang macapat.

1) Kaya tuladhane, gawea tembang macapat adhedhasar gancaran ing ngisor iki!
2) Rancangen sandhi asma ing jroning tembang macapatmu!

No	Gancaran	Tembang Macapat
a.	Bener ngendikane Eyang Ranggawarsita. Ing jaman edan uwong wis padha ora nganggo aturan. Tatakrama, budi pekerti embuh diseleh ing ngendi, apa lali banjur keli ing kali apa malah dibuwang ngono bae? Anehe watak ala malah dikatonake, tanpa ditutup-tutupi. Para siswa kabeh ayo padha eling, bali marang dhawuh pituture leluhur. Becik Ketitik Ala Ketara.	Pangkur (8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i) **LE**res Njeng Ranggawarsita, Jaman edan pakarti kentir ka**LI**, **A**pa malah buwang sebrung, Judheg i**SI**ne ilang, **WA**tak ala dur angkara tanpa tutup, emut bali **PA**ra siswa, tutur ala **LA**wan becik.
b.	Isine tembang macapat iki bisaa manis kaya sarkara tur migunani. Kanggone para mudha kang dadi agul-agule bangsa, bentenge praja tembang iki muga bisa migunani. Ing jaman kang	Dhandhanggula

No	Gancaran	Tembang Macapat
	sarwa maju. Globalisasi ora ana sing bisa diwatesi. Mula sangune batin kudu cukup. Umpamakna karung goni abot antep kebak isi tur unggul ing pribadi. Aja mung ela-elu tanpa ngerti sing satemene. Aja mung aji mumpung, urip sepisan aja kaya kebo longa-longo. Mrana-mrene ora nduweni tujuwan pribadi.	
c.	Tambuh-tambuh piwelingku marang para siswa sedaya. Sing tansah makantar tekade ngupadi elmu. Temenan kudu lair batin. Sangune ora liya cukup bekti marang wong tuwa, mbangun turut marang Bapak Ibu Guru. Asih tresna marang sapepadha. Sing ora oleh kari tansah muji syukur lan ndedonga ing ngarsane Gusti Kang maha kuwaos.	Gambuh (7u, 10u, 12i, 8u, 8o)

Garapan 2 : Muwuhi Kaendahane Tembang

Kanggo muwuhi kaendahan lan nuhoni paugeran, ing tembang macapat digunakake kawruh basa kaya dene tembung kawi, tembung garba, tembung saroja, bali swara, lan purwakanthi.

a. Tembung-tembung ing ngisor iki golekana dasanama ing basa kawine!

-tembang	-praja	-ora
-yen	-batin	-aja
-kebo	-sedaya	-temenan
-bapak	-ibu	-golek

b. Tembung-tembung ing ngisor iki dadekna tembung saroja!

-dhawuh	-keli	-watak
-kaya	-mudha	-negara
-kebak	-temen	-urip
-pribadi	-tujuwan	-sangu
-guru	-syukur	-temen

c. Tembung-tembung ing ngisor iki dadekna tembung garba!

-tan + liyan	-tumeka + ing	-ngupadi + elmu

-sedaya + arum -tresna + asih -umpamane + iki

d. Goleka 2 (loro) tuladha sengkalan lan terangna tegese!
e. Tembang reriptamu ing dhuwur mau wuwuhana kaendahane. Carane yaiku kanthi nggunakake tembung garba, tembung saroja, tembung kawi, purwakanthi, lan sandhi asma ing dhuwur!

Garapan 3 : Nembang Macapat

a. Kabeh asil karya ing geGarapan kompok lan mandhiri iku kumpulna, dadekna portofolio tembang macapat.
b. Bebarengan karo ketua kelompokmu, unggahen asil karya tembang lan gancarane ing internet, bisa lumantar web sekolah utawa uga blog-mu!
c. Sabanjure pilihen salah siji tembang karyamu. Tembangna manut titilarase, banjur critakna apa isine!

Gladhen Wulangan 6

A. Pilihen wangsulan sing paling bener!

1. Rumpakane basa kanthi paugeran tartamtu kang pangucape nggunakake kagunan swara diarani ....
   a. geguritan
   b. parikan
   c. tembang
   d. gancaran
2. *//Hawya pegat ngudia ronging budyayu/margane suka basuki/dimen luwar kang kinayun/kalis ing panggawe sisip/ingkang taberi prihatos//*
   Pethikan tembang ing dhuwur ngemu pitutur luhur kaya ing ngisor iki....
   a. Yen bisa kasembadan kekarepane, mesthi slamet saka tumindak ala.
   b. Ora kena lumuh ing gawe, kudu sregep tumandang gawe lan bebantu.
   c. Sing tlaten lan dalane wong nesu iku saka slamet prihatin.
   d. Aja mandheg anggonmu ngudi dalan keslametan, kautaman.
   e. Ayo golek dalan slamet kanthi cara urip jujur lan prasaja.
3. Pethikan tembang ing dhuwur (no.2) arane tembang ....
   a. Macapat
   b. Megatruh
   c. Gambuh
   d. Sinom
   e. Dhandhanggula
4. *//sekar Gambuh ping catur/kang cinatur polah kang kalantur/tanpa tutur katula-tula katali/kadaluwarsa kapatuh/katutuh pan dadi awon//*
   Pranyatan kang bener mungguh Tembang Gambuh ing dhuwur yaiku....
   a. ing sapada dumadi saka 6 gatra lan 58 wanda
   b. nggunakake tembung-tembung kawi *ping, dadi, awon, polah.*
   c. ana sengkalan kang unine *kadaluwarsa kapatuh*
   d. nggunakake purwakanthi sastra *k, l, t, r*
   e. guru wilangan lan guru lagune : *8u, 12u, 12i, 8u, 8o*
5. *//... kalakone karsaning hyang wus pinasthi/yen ngidak sangkalanipun/sirna ilang estining wong//*
   Sengkalan ing pethikan tembang ing dhuwur tegese taun....
   a. 1900
   b. 2000
   c. 1970
   d. 1790
   e. 1700

6. *//jinejer neng wedhatama/mrih tan kemba kembenganing pambudi/mangka nadyan tuwa pikun/yen tan mikani rasa/yekti sepi asepa lir sepah samun/samangsane pakumpulan/gonyak-ganyuk nglelingsemi //*
   Pethikan ing dhuwur jenenge tembang ….
   a. Pangkur
   b. Asmaradana
   c. Sinom
   d. Gambuh
   e. Dhandhanggula
7. Saka pethikan tembang ing dhuwur (no.6) gegambarane uwong kang ora nduweni rasa pangrasa iku bakal ….
   a. cepet tuwa lan kadunungan watak pikun
   b. sepi lan sepa kaya sepah kosong tur ngisin-isini
   c. dijereng-jereng ing wedhatama, diisin-isin
   d. ora mandheg saka ngudi kautaman
   e. ngisin-isini sebab ora bakal wani ing kumpulan
8. Serat Wulangreh iku yasane pujangga agung ….
   a. KGPH Mangkunegara IV
   b. Sri Susuhunan Pakubuwana IV
   c. Yasadipura I
   d. Yasadipura II
   e. R.Ng. Ranggawarsita
9. Serat Wedhatama iku yasan pujangga agung ….
   a. KGPH Mangkunegara IV
   b. Sri Susuhunan Pakubuwana IV
   c. Yasadipura I
   d. Yasadipura II
   e. R.Ng. Ranggawarsita
10. Tata Paugeran 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i arane tembang….
   a. Mijil
   b. Kinanthi
   c. Sinom
   d. Megatruh
   e. Asmaradana
11. Ing ngisor iki tuladhane tembung saroja, yaiku ….
   a. papa sudra
   b. suryaputra
   c. ingadegken
   d. jalwestri
   e. sepa sepi lir sepah samun

12. *//dhaharira mangke pait getir/ibu nira rumeksa ing sira/nora ketang turu samben/nora ketang turu samben/tan ketang komah uyuh/gupak tinja dpun lampahi/lamun sira wawratana/tinatur pinangku/cinawikan ibu nira/dipun dusi esuk sore nganti resik/lamun luwe dinulang//*

Pranyatan kang bener saka tembang Dhandhanggula ing dhuwur yaiku ….

a. Bapak tansah sabar rina wengi ngancani Ibu ngopeni putrane.
b. Yen bayi nangis enggal diganteni popoke lan didulang dening Ibu.
c. Bayi iku yen maem karo tinatur lan pinangku supaya cepet gedhe.
d. Bapak nganti komah uyuh lan gupak tinja supaya si bayi ora nangis.
e. Ibu dhahare tarak, sare ora jenak, kabeh mau kanggo putrane.

Kanggo nomer 13-15, jangkepana tembang Dhandhanggula ing ngisor iki manut paugeran lan tata runtut surasane!

Memanise ing urip ………………(13),
Bisa gawe tentreme bebrayan,
Tumungkul lair batine,
Aja ladak gumunggung,
sabar nrima ………… ati (14),
sumeh manis esemnya,
saben dintenipun,
Ora gampang …………..(15),
Ati tentrem rinasa rina lan wengi ,
Becik padha estokna.

13. a. ayem
b. ayem tentreme
c. tentreme
d. kesengseme
e. memanise

14. a. tulusing
b. tumus sajrone
c. tumekan ing
d. kudu tulusing
e. aneng

15. a. duwe lara gela
b. lara ati
c. mutungan
d. murang-muring
e. gawe cuwa

B. Wangsulana kang patitis!

Dhandhanggula
Parandene mangke sira iki,

yen den wulang dhateng ibu rama,
sok balawanan ucape,
sumahir bali mungkur,
iya iku cegahen kaki,
tan becik temahira,
donya keratipun,
tan wurung kasurang-kasurang,
tembe mati sinatru dening Hyang widhi,
siniksa ing Malekat.

1. Kepriye mungguh guru gatra, guru wilangan lan guru lagune tembang ing dhuwur? Terangna!
2. Kanggo ngerteni isine tembang Dhandhanggula ing dhuwur, gawenen gancarane!
3. Tembang Asmaradana ini ngisor iki terangna apa pitutur luhure!
   Aja turu sore kaki,
   Ana dewa nganglang jagad,
   Nyangking bokor kencanane,
   Isine donga tetulak,
   Sandhang kalawan pangan,
   Yaiku bageyanipun,
   Wong melek sabar narima.

Kanggo nomer 4 lan 5 gatekna pethikan serat Wulang Sunu ing ngisor iki!

Nora eca dahar lawan guling,
ibu nira rumeksa ing sira,
dhahar sekul uyah bae,
tan ketang wejah luntur,
nyakot bathok dipunlampahi,
saben ri mring bengawan,
pilis singgul kalampahan,
ibu nira rumeksa duk sira alit,
mulane den rumangsa.

4. Terangna apa sing dikarepake karo : *dhahar sekul uyah bae, tan ketang wejah luntur, nyakot bathok dipun lampahi- ?* Terangna panemumu!
5. Piwulang apa sing bisa kajupuk saka tembang Dhandhanggula ing dhuwur?

WULANGAN 7
NGUDI PIWULANG LUHUR

Kompetensi dasar dan indikator:

3.5 Mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis teks berAksara Jawa sesuai kaidah

3.5.1 Menjelaskan tatacara penulisan *Aksara Murda*
3.5.2 Menjelaskan tatacara penulisan *Aksara Swara*
3.5.3 Menjelaskan tatacara penulisan *Aksara Rekan*

Kompetensi Dasar :


4.5 Menyusun paragraf menggunakan Aksara Jawa sesuai kaidah

4.5.1 Menulis kalimat yang mengandung *Aksara Murda*
4.5.2 Menulis kalimat yang mengandung *Aksara Swara*
4.5.3 Menulis kalimat yang mengandung *Aksara Rekan*
4.5.4 Menulis paragraf yang padu.

Sajrone pasinaon kapitu iki para siswa bakal nyinaoni bab panulise ukara lan paragraf mawa Akasara Jawa sing ngandhut Murda, swara lan rekan kanthi tema Ngupadi Piwulang Luhur. Piwulang Luhur bisa diwedharake wujud wacan werna-werna, upamane teks layang, tembang, guritan, dongeng, lan sapiturute.

Mbabar Wawasan

Bab Piwulang Luhur Sajrone Teks Aksara Jawa



Kita wis nyinaoni sakehing pranatan lan sakehe perangan panyengkuyung bab pangrakiting Aksara Jawa kanggo medhar sakabehe pamikir, rasa pangrasa. Mula saka kuwi, bisa diandharake yen bakal gampang anggon kita nulis apa wae kang awujud wacan. Kajaba nuduhake anane tata tulis uga sinartan andharan bab jagading kawruh sing gegayutan kalawan ngrembakaning kabudayan. Ing jagading pasrawungan, mesthi ana bab-bab kang kita rasakake lan perlu kita andharake marang sapepadha. Ngandharake sawenehing gagasan lan rasa pangrasa bisa wae awujud basa lesan apa dene basa tulis. Kepriye carane ngesokake gagasan lan rasa pangrasa awujud wacan mawa

Aksara Jawa? Bakal kita temokake ing andharan sabanjure. Ing bab iki kajaba ana andharan bab tatarakite nulis Aksara Jawa sing magepokan kalawan panulise aksara Murda, aksara swara lan aksara rekan, uga ana garapan kang bisa digarap kanthi kelompok apa dene garapan kang kudu digarap mandhiri. Sadurunge nyinaoni kanthi omber, semaken pepethan ing dhuwur!

1) Apa para siswa tau nulis cathetan pribadi nganggo Aksara Jawa?
2) Yen durung tau apa ana rasa pengin bisa nulis cathetan pribadi nganggo Aksara Jawa?
3) Yen durung bisa apa kang pengin koktindakake, supaya bisa nulis cathetan pribadi nganggo Aksara Jawa?
4) Apa para siswa bisa methik isine pepethan nganggo tulisan Aksara Jawa ing dhuwur?

Pasinaon 1

Modhel Pinilih : Nyinau Pangrakite Aksara Jawa

Kaya dene ing pamulangan bab tata panulise Aksara Jawa ing ngarep, sajerone bab iki uga bakal disuguhake teks minangka sarana kanggo nyinaoni tata panulise Aksara Jawa. Amarga panulise Aksara Jawa pancen kaiket ing pranatan utawa wewaton. Ing bab iki pranatan kasebut magepokan karo kepriye tata carane nulis ukara mawa aksara Murda, aksara swara, lan aksara rekan. Mesthi wae nulis ukara, ora ninggalake aksara legena, sandhangan apa dene pasangan sarta pratandha liyane.

Garapan 1 : Ngonceki Surasane Piwulang

Kanggo ndhudhah piwulang luhur kang tinemu ing wacan, coba wangsulana pitakon-pitakon iki!

1) Apa kang koweruhi bab piwulang luhur?
2) Apa tuladhane piwulang luhur kang koweruhi?
3) Mungguh panemumu apa mupangate piwulang luhur?
4) ꧋ꦱꦼꦥꦶꦲꦶꦁꦥꦩꦿꦶꦃꦫꦩꦺꦲꦶꦁꦒꦮꦺ꧉ gatra kasebut kapethik saka pepethan cathetanku dina iki, ing dhuwur.

Cathetan Wigati:
Pitutur Luhur kang bisa kapethik saka wacan, bisa kanthi melok bisa kanthi sinirat.
Tuladhane pitutur luhur kang bisa kapethik saka wacan ndhuwur ing dhuwur yaiku:
1.Ngemban jejibahan kanthi sampurna.
2.Bisa mujudake aspirasine rakyat.
3.Sepi ing pamrih rame ing gawe.

Tuladha liyane kang ora ana ing wacan yaiku:

1. Ing ngarsa sung tuladha.
2. Ing madya mangung karsa.
3. Tutwuri handayani.
4. Mulat sarira angras wani.
5. Mikul dhuwur mendhem jero.
6. Rawe-rawe rantas malang-malang putung.
7. Ati suci palenggahane Illahi.
8. Nyawijining ati lan pakarti.
9. Wania ing gampang wedi pakewuh sabarang ora kalakon.
10. Suradira jayaningrat lebur dening pangastuti

Garapan 2 : Njingglengi Teks Mawa Aksara Jawa

Teks Aksara Jawa ing ngisor iki setitekna!



[illegible]

ꦏꦤ꧀ꦛꦸꦥꦶꦂꦠꦤ꧀ꦱꦸꦒꦶꦃꦱꦸꦒꦶꦃꦤ꧀ꦢꦸꦏꦸꦤ꧀ꦢꦸꦏꦸꦲꦼꦤ꧀ꦠꦺꦴꦏꦺꦭꦩꦶꦭꦩꦶꦏꦂꦤꦤꦶꦏꦤꦶꦥꦤꦥꦏꦤ꧀ꦲꦶꦏꦶ
ꦥꦿꦸ꧈ ꦩꦼꦤꦁꦏꦁꦠꦤ꧀ꦏꦸꦤꦸꦤꦾꦶ꧉
꧋ꦤꦭꦶꦏꦮꦶꦱꦸꦢꦁꦱꦤ꧀ꦥꦶꦭꦸꦲꦸꦭꦸꦥꦾꦤꦸꦥ꧀ꦩꦼꦏꦤ꧀ꦩꦼꦭꦶꦥꦶꦏꦶꦏ꧈ ꦮꦶꦏꦶꦥꦸꦱ꧀ꦠꦏ
ꦩꦭꦶꦏꦸꦃ꧇ꦱꦸꦥ꧀ꦩꦥ꧀ꦥꦸꦂ꧉
꧋ꦥꦸꦤ꧀ꦤꦸꦤꦸꦤꦏꦤ꧀ꦠꦏꦮꦾꦩꦶꦱꦸ꧈ ꦮꦶꦏꦶꦥꦸꦱ꧀ꦠꦏ꧇ꦠꦶꦏꦶꦏꦶꦏꦶꦏ꧀ꦱꦶ꧈ ꦩꦤ꧀ꦠꦏꦮꦾꦤ꧀ꦤꦱꦏ
ꦤꦸꦥꦤꦥꦩꦶꦱꦸꦤꦱꦏ꧈ ꦮꦶꦏꦶꦥꦸꦱ꧀ꦠꦏ꧇ꦠꦁꦠꦩꦤ꧀ꦤꦥꦸꦏꦏꦶꦏꦶꦱꦏꦾꦩꦤ꧀ꦠꦏꦸꦤ꧀
ꦏꦼꦢꦼꦤꦏ꧈ ꦮꦶꦏꦶꦥꦸꦱ꧀ꦠꦏ꧇ꦥꦶꦮꦶꦤꦸꦠꦶꦠꦩꦸꦠꦤ꧀ꦤꦸꦤꦸꦤꦏꦏꦸꦥꦶꦭꦸꦥꦾꦸꦩꦶꦱꦏꦶꦏꦸꦩ
ꦲꦠꦏꦩꦸ꧈ꦤꦥꦤꦥꦏꦶꦠ ꦠꦶꦏꦾ꧈
꧋ꦥꦏꦶꦠꦠꦤ꧀ꦠ꧈ꦩꦥꦸꦭꦸꦥꦸꦤꦏ꧒ꦮꦶꦃꦲꦸꦥꦸꦃꦠꦏꦾꦼꦥꦺꦤ꧀ꦢꦏ꧈ꦩꦸꦏꦤ꧀ꦥꦺꦤ꧀ꦩ꧈ꦏꦏꦥ
ꦱꦼꦏꦩꦶꦠꦸꦤꦥꦶꦢꦸꦩꦩꦶꦏꦼꦢꦸꦩꦸꦢꦸꦏꦏꦢꦸꦩ꧈ꦢꦼꦥꦤꦏ꧇ꦏꦏꦸꦮꦏꦶꦥꦸꦏꦤꦥ
ꦏ꧈ꦩꦏꦤꦶꦩꦶ꧈ꦢꦼꦥꦤꦏꦏꦮꦏꦤꦸꦠ꧈ꦤꦢꦤꦏꦏꦥꦸꦭꦸꦥꦾꦼꦥꦺꦤ꧀ꦢꦏꦩꦶꦏꦸꦤ
ꦤꦥ ꦠꦏꦸ꧈ ꦏꦱꦶꦠꦸꦥꦸꦥꦸ ꦤꦏꦤꦤꦥ꧉
꧋ꦤꦤꦥꦶꦮꦶꦭꦾꦶ ꦏꦸꦢꦸꦥꦸꦢꦸꦱꦏꦤꦤꦥꦶꦏꦸꦢꦾꦶ꧈ꦏꦸꦩꦶꦩꦤꦸꦢ꧒ꦤꦠ꧒ꦢꦠꦁꦥꦶꦥꦸ

[illegible]

[illegible]

Sarampunge njingglengi wacan ing dhuwur, banjur wangsulana pitakon ing ngisor iki !

1) Apa para siswa wis tau maca crita wayang kang ditulis mawa Akasara Jawa?
2) Apa para siswa wis tau nulis crita gancaran nganggo Aksara Jawa?
3) Wacan ing dhuwur nyaritakake apa?
4) Wacan ing dhuwur nyaritakake sapa wae?
5) Manut panemumu perangane crita endi sing isih cocog karo kahanan jaman saiki lan endi kang wis ora cocog?
6) Yen para siswa durung bisa nulis crita nganggo Aksara Jawa, apa kang kudu kotindakake?

Cathetan Wigati:

Tembung bagus, bisa katulis [illegible], yen tinemu ing ukara ganep mangkene:

[illegible]

Bocah bagus dhasar pinter, pantes disenengi wong akeh.

Beda maneh karo tembung Bagus iki, [illegible], yen tinemu ing ukara ganep mangkene, [illegible]

ꦤꦺꦴꦥꦺꦩ꧀ꦧꦼꦂ꧇꧑꧙꧘꧗꧇꧉

Beda maneh karo tembung Bagus iki, ꦨꦒꦸꦱ꧀ , yen tinemu ing ukara ganep

mangkene, ꧋ꦨꦒꦸꦱ꧀ꦯꦱꦺꦴꦁꦏ ꦭꦲꦶꦂ ꦲꦶꦁ ꦏꦼꦢꦶꦫꦶ ꦠꦁꦒꦭ꧀꧇꧑꧓꧇

ꦤꦺꦴꦥꦺꦩ꧀ꦧꦼꦂ꧇꧑꧙꧘꧗꧇꧉

Bagus Sasongka lair ing Kediri tanggal 13 November 1987.

Tembung pana bisa katulis ꦥꦤ꧈ yen tinemu ing ukara genep mangkene,

Bagus Sasongka lair ing Kediri tanggal 13 November 1987.

Tembung pana bisa katulis ꦥꦤ꧈ yen tinemu ing ukara genep mangkene,

꧋ꦚꦸꦮꦸꦤ꧀ꦥꦔꦥꦸꦤ꧀ꦠꦼꦤ꧀ꦩꦼꦤꦮꦶꦄꦠꦸꦂꦏꦸꦭꦩ꧀ꦧꦺꦴꦠꦼꦤ꧀ꦤ꧀ꦢꦢꦺꦴꦱꦏꦺꦤ꧀

ꦥꦚ꧀ꦗꦼꦤꦼꦔꦤ꧀ꦤꦸꦗꦸꦃꦥꦤ꧉

Nyuwun pangapunten menawi atur kula mboten ndadosaken panjenengan nujuhpana.

Beda karo tembung Pana, ꦦꦤ꧈ yen tinemu ing ukara ganep mangkene,

꧋ꦦꦤꦎꦫꦱꦼꦏꦺꦴꦭꦃꦲꦩꦂꦒꦲꦶꦧꦸꦤꦺꦒꦼꦫꦃ꧉

Pana ora sekolah amarga ibune gerah.

Angka 6 tumrap Aksara Jawa katulis ꧇꧖꧇ yen ing ukara ganep mangkene,

꧋ꦯꦿꦶꦊꦱ꧀ꦠꦫꦶ ꦥꦸꦠꦿꦤꦺꦦꦏ꧀ꦄꦤ꧀ꦮꦂꦱꦶꦁꦤꦺꦴꦩꦼꦂ꧇꧖꧇꧉

Sri Lestari putrane Pak Anwar sing nomer 6.

Beda karo tembung Eli karo Eni, panulise mangkene: ꦌꦭꦶ ꦏꦫꦺꦴꦌꦤꦶ

Yen tinemu ing ukara ganep mangkene:

꧋ꦌꦭꦶ ꦏꦫꦺꦴ ꦌꦤꦶ ꦲꦗꦂꦤꦼꦩ꧀ꦧꦁꦕꦩ꧀ꦥꦸꦂꦱꦫꦶꦲꦶꦁꦱꦁꦒꦂ꧉

Eli karo Eni ajar nembang campursari ing sanggar.
Lan liya-liyane.

Garapan 3 : Pangetrape Aksara Murda, Swara, lan Rekan Sajrone Teks Aksara Jawa

Setitekna wacan ing ngisor iki kanthi premati!

[illegible]

[illegible]

[illegible]

Sawuse njingglengi teks mau, rampungna garapan katelu kanthi mangsuli pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Tuduhna tembung kang katulis mawa Aksara Murda!
2. Tuduhna tembung kang katulis mawa Aksara Swara!
3. Tuduhna tembung kang katulis mawa Aksara Rekan!
4. Terangna gunane Aksara Murda, Swara lan Rekan!

Cathetan Wigati:

Aksara Murda

Murda tegese sirah. Aksara Murda = aksara sirah utawa aksara gedhe (*huruf kapital*). Aksara Jawa (hanacaraka) kuwi ora duwe aksara gedhe. Kabeh aksarane padha. Supaya ana banjur dianakake kanthi njupuk *aksara mahaprana* , aksara kang kudu diucapake kanthi 'abab akeh' (mawa *aspiran*). Aksara iki anane ing Basa Sansekerta kang aksarane disebut aksara Pallawa, embah buyute Aksara Jawa. Sawise diadaptasi dadi Aksara Jawa , aksara iki ora dadi aksara mahaprana maneh, nanging dadi *aksara alphaprana* , diucapake kanthi abab kang lumrah bae. Dadi aksara iki ora dianggep aksara anyar, nambahi Aksara Jawa sing cacah 20 kuwi, nanging mung dianggep minangka aksara Murda (Ind. *huruf kapital*).

Aksara Legena	Aksara Murda	Pasangane
ꦤ	ꦟ	....
ꦏ	ꦑ	....
ꦠ	ꦡ	...
ꦱ	ꦯ	....꧀ꦯ
ꦥ	ꦦ	..... ꧀ꦦ

ꦒ	ꦓ	...
ꦧ	ꦨ	......

Cathetan : (kajaba pa, kabeh pasangan manggon ngisor)

Wiwitane aksara Murda mung kanggo pakurmatan wae, tegese mung kanggo nulis asmane wong-wong luhur, jejuluke lan padunungane. Nanging saiki kabeh jeneng becike ditulis nganggo aksara Murda . Sajeneng aksara Murdane **siji wae** sing manggone ngarep dhewe, yen ora ana ya mburine. Mangkono sateruse.

Aksara Murda ora kena dadi sesigeging wanda. Sing kudune katulis nganggo aksara Murda dadi sigeg , aksara mburine wae sing ditulis nganggo aksara Murda, yen mburine wis ora ana , ya ora usah nganggo aksara Murda.

Tuladha :

No.	Latin	Jawa Murda
1.	Neni	ꦟꦺꦤꦶ
2.	Kumala	ꦑꦸꦩꦭ
3.	Tarmuji	ꦡꦂꦩꦸꦗꦶ
4.	Sutrisna	ꦯꦸꦠꦿꦶꦱ꧀ꦤ
5.	Panut	ꦦꦤꦸꦠ꧀
7.	Marjuki	ꦩꦂꦗꦸꦑꦶ
8.	Gunawan	ꦓꦸꦤꦮꦤ꧀

9.	Bimantara	ꦨꦶꦩꦤ꧀ꦠꦫ
10.	Danarhadi	ꦢꦤꦂꦲꦢꦶ

AKSARA SWARA

a. Aksara swara cacahe ana lima, yaiku :

1. ꦄ jenenge ꦄꦏꦫ unine a
2. ꦆ jenenge ꦆꦏꦫ unine i
3. ꦈ jenenge ꦈꦏꦫ unine u
4. ꦌ jenenge ꦌꦏꦫ unine e
5. ꦎ jenenge ꦎꦏꦫ unine o

b. Gunane aksara swara dienggo nulis tembung-tembung manca kang dicethakake.

Tuladha : 1. ꦄꦩꦺꦫꦶꦏ = Amerika

2. ꦆꦧꦿꦲꦶꦩ꧀ = Ibrahim

3. ꦈꦱ꧀ꦠꦢ꧀ = ustad

c. Aksara swara ora kena dadi pasangan. Manawa dumunung ing samburine wanda sigeg, sesigeging wanda iku kudu dipangku.

Tuladha : 1. ꦮꦸꦭꦤ꧀ꦄꦥꦿꦶꦭ꧀ = wulan April

2. ꦲꦫꦼꦥ꧀ꦈꦩꦿꦺꦴꦃ = arep umroh

d. Aksara swara ora kena ditrapi sandhangan swara, mula ora bener yen ana wong nulis :

ꦄꦶꦩꦩ꧀ benere kudu ꦲꦶꦩꦩ꧀ Imam

ꦈꦸꦩꦂ benere kudu ꦲꦸꦩꦂ Umar

ꦺꦄꦱ꧀ benere kudu ꦌꦱ꧀ es

e. Saweneh ana kang ngira manawa gunane aksara swara iku kanggo tata prunggu utawa pakurmatan. Pangira mangkono iku ora bener, sebab yen wong nulis

ꦌꦱ꧀ lan ꦄꦥꦿꦶꦭ꧀, ora ateges wong iku ngurmati marang es lan marang

Sasi April. Ditulis nganggo aksara swara amarga tetembungan mau dudu asli saka Jawa.

f. Tetembungan manca kang *ora dicethakake*, luwih-luwih tembung manca sing wis rumasuk basa Jawa nganti arang kang sumurup yen iku tembung manca, lumrahe katulis tanpa aksara swara. Tuladhane kaya tembung Sansekerta "*aksara*", lumrahe

mung katulis ꦲꦏ꧀ꦱꦫ nanging manawa katulis ꦄꦏ꧀ꦱꦫ ya ora luput.

Garapan :

Tembung-tembung ing ngisor iki tulisen nganggo aksara swara !

1. gawe eksperimen = ...
2. lunga menyang Arab = ...
3. seneng organisasi = ...
4. bandara Internasional = ...
5. umroh menyang Mekah = ...
6. ndeleng Ekstrafaganza = ...
7. diwenehi ornamen = ...
8. Bu Umayah = ...
9. Pak Imam Santosa = ...
10. menyang Argentina = ...

AKSARA REKAN

Aksara rekan yaiku aksara kang sengaja direka utawa digawe njangkepi cacahe aksara kang bisa katulis nganggo Aksara Jawa. Gunane aksara rekan kanggo nulis tembung manca kang dicethakake, luwih-luwih tembung kang asal saka basa Arab.

Cacahe aksara rekan ana lima dene wujude kaya ing ngisor iki :

ꦏ꦳	ꦢ꦳	ꦥ꦳	ꦗ꦳	ꦒ꦳
Kh	Dz	F	Z	Gh

Tata panulise aksara :

1. Manawa aksara rekan karaketake sandhangan pepet cecake telu dumunung ing sajrone pepet.
2. Dene yen karaketake sandhangan wulu, layar lan cecak, cecake telu dumunung ing sisih kiwane, sandhangan wulu, layar lan cecak. Tuladha :

   fitri : ꦥ꦳ꦶꦠꦿꦶ

   dwifungsi : ꦢ꧀ꦮꦶꦥ꦳ꦸꦁꦱꦶ

   firman : ꦥ꦳ꦶꦂꦩꦤ꧀

3. Aksara Rekan ora kena dadi pasangan kejaba aksara rekan ꦥ꦳ kang wujude pasangan

   ...꧀ꦥ꦳ . Mula yen aksara rekan dumunung ing saburine wanda sigeg , sesigeg wanda iku

   kudu dipangku. Tuladha :

   zakat fitrah : ꦗ꦳ꦏꦠ꧀ꦥ꦳ꦶꦠꦿꦃ

   alam ghaib : ꦲꦭꦩ꧀ꦒ꦳ꦲꦶꦧ꧀

C. Ukara-ukara ing ngisor iki tulisen nganggo Aksara Jawa, aja lali aksara rekane !

1. Zaskia ziarah menyang wali sanga.
2. Khomaini lagi dzikir kanthi khusuk.
3. Ahmad Fatih saben sore adzan ing masjid .
4. Faliyanti lagi andum zakat fitrah.

5. Khusaeri seneng barang ghoib.
6. Pak Zarkoni arep budhal umroh .
7. Khomarudin golek banyu zam-zam.
8. Fir'aun iku raja kang zolim.
9. Zumaroh iku bocah kang seneng sodakoh.
10. Pak Ghufron dadi imam ing masjidku.

Pasinaon 2

Makarya Bebarengan : Maca lan Nulis Teks Aksara Jawa

Wacan kang katulis mawa Aksara Jawa ing ngisor iki wacanen kang setiti. Sabanjure rembugen karo kancamu sakelompok, menawa ana bab wigati kang bisa kapethik saka wacan kasebut!

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

Jaya Baya, no 51 Agts 2007

Sarampunge njingglengi wacan ing dhuwur, wangsulana pitakon-pitakon lan garapen kabeh pakon ing ngisor iki karo kancamu sakelompok.

Garapan 1 : Ngerteni lan Mbabar Teks Aksara Jawa

1. Apa irah-irahane teks wacan ing dhuwur?
2. Tulisen ukara pokoke saben paragraf!
3. Gawea paragraf anyar adhedhasar ide pokok kang wus kotulis!

Garapan 2 : Ngrakit Ukara Nganggo Aksara Jawa

Ing perangan iki para siswa diajak ajar ngrakit ukara nganggo Aksara Jawa, aja lali sing ngandhut aksara Murda, Swara lan Rekan!

1. Ukara nganggo aksara Murda cacah telu.
2. Ukara nganggo aksara Swara cacah telu.
3. Ukara nganggo aksara Rekan cacah telu.

Garapan 3 : Ngrakit Paragraf kang Nyawiji

Sarampunge ngrampungake garapan loro ing pasinaon iki, sabanjure ngrakita paragraf nganggo ukara-ukara kang wus korampungake, tindakna karo kancamu sabangku!

Pasinaon 3

Pakaryan Mandhiri : Mangun Teks Ringkes Nganggo Aksara Jawa

Garapan 1 : Ngrakit Ukara Nganggo Aksara Latin

Gawea ukara nganggo Aksara Latin cacah lima kang isine magepokan karo piwulang luhur!

Garapan 2 : Ngrakit Ukara Nganggo Aksara Jawa.

1) Gawea ukara sing ngandhut aksara Murda cacah 5!
2) Gawea ukara sing ngandhut aksara Swara cacah 5!
3) Gawea ukara sing ngandhut aksara Rekan cacah 5!

Garapan 3 : Ngrakit Paragraf Nganggo Aksara Jawa

Semaken cuplikan teks ing ngisor iki!

Komplikasi diabetes bisa nggremet menyang ngendi-endi, meh kabeh organ awak sing vital bisa diserang, kayata ginjel, liver, limpa lan liyane. Mbaka sethithik organ awak sing penting mau bakal dirusak. Penyakit iki ora mbebayani, tegese ora gelis mati, nanging ora ngrasakake urip kepenak. Mangan kudu ngati-ati, diet, ora sembarang panganan kena dipangan. Kuwi kang njalari urip ora nikmat kaya wong sing sehat. Mula sapa wae sing maune uripe sarwa pas-pasan, mangan saanane, yen saiki duwe bayar cukup lan bisa njajan ing restoran, aja ngumbar napsu mangan. Apamaneh yen dibarengi wegah olahraga, ora akeh aktifitase.

"Mangana nganggo pikiran, aja nganggo ati," mengkono pesene Dr Hendrawan supaya ora kena diabetes. Tegese, yen arep mangan kudu dipikir dhisik, mangan kanggo urip apa urip kanggo mangan. Sebab yen nuruti ati sing "balas dendam", aja getun yen kena diabetes, penyakit sing lagi ngetren jaman saiki.

Jaya Baya, no 51-8- 2007

1) Gawea paragraf nganggo Aksara Jawa kang ngandhut aksara Murda, swara lan rekan kang nyawiji (basa Indonesia: *padu*) !
2) Tempelna garapanmu ana ing mading sekolah utawa unggahen ing internet!

GLADHEN
WULANGAN 7

Semaken kanthi titi lan permati cuplikan teks ing ngisor iki. Garapen gladhen sawetara ing ngisor iki, kanthi milih sala siji saka wangsulan kang paling bener!

[illegible]



[illegible]

[illegible]

1. Wacan ing dhuwur irah-irahane yaiku....
   a. Gathotkaca Lair
   b. Laire Gathotkaca
   c. Gathotkaca brangta
   d. Gathotkaca Gugur

2. Kacariyos lakune Pandhawa wis teka ing....
   a. Kraton Hastina.
   b. Kraton Wiratha
   c. Alas Purwa
   d. Alas Gerotan
3. Pandhawa tumeka ing alas dhangkane ditya. Kang ora kalebu tegese tembung ditya yaiku....
   a. raja
   b. raseksa
   c. yaksa
   d. diyu
4. Ditya kang ketemu Pandhawa yaiku...
   a. Hidhimbi (Arimbi)
   b. Kala Diyu
   c. Hidhimba (Arimba)
   d. Brontosena
5. Hidhimbi (Arimbi) blaka marang Gathotkaca bab niate kakange kang arep merjaya Pandhawa ....
   a. amarga kasmaran
   b. amarga wedi
   c. amarga mesakne
   d. amarga ora seneng
6. Hidhimba utawa Arimba sumelang atine, amarga adhine suwe ora bali. Tegese tembung walang atine yaiku...
   a. seneng
   b. mesakne
   c. kuwatir
   d. wedi
7. Gathotkaca gya prang tandhing lumawan Hidhimba (Arimba). Kang nyebabake dumadine perang ....
   a. amarga mbelani Hidhimbi (Arimbi)
   b. amarga mbelani sedulure
   c. amarga mbelani ibune
   d. mbelani ibu lan sedulure
8. [illegible]

   Tegese ukara kasebut yaiku....
   a. Wong kudu wedi getih.
   b. Wong kang wedi perang
   c. Ora perlu wedi karo getih.

d. Wong kang wedi kangelan.

9. [illegible]

Tegese ukara ing dhuwur yaiku....

a. Supaya kabeh ngati-ati.
b. Supaya kabeh sembrana
c. Supaya kabeh prayitna lan ngati-ati
d. sing ngati-ati slamet, sing sembrana cilaka

10. [illegible] Tembung kang kagaris ngisor ing ukara kasebut tegese yaiku....

a. kalah
b. lunga
c. mati
d. menang

11. Arimbi malehake pangrasane marang Dewi Kunthi ....
a. supaya dingapura
b. supaya dirabekake
c. supaya disenengi
d. supaya dibelani

12. Bima gelem dikramakake karo Hidhimbi (Arimbi) ....
a. amarga tresna
b. amarga wedi karo Hidhimba
c. bekti marang ibune
d. amarga wedi karo ibune

13. [illegible]

Tegese tembung kang kagaris ngisor ing ukara kasebut yaiku....

a. katutan putra
b. kagungan putra
c. ora duwe putra
d. kepengin putra

14. Hidhimbi (Arimbi) lan Werkudara peputra siji asmane yaiku....
a. Gathotkaca
b. Brantasena
c. Bhimasena
d. Antasena

15. Putrane Werkudara lan Hidhimbi lair langsung wujud ....
a. wujud yaksa
b. bocah bungkus

c. bocah bagus
d. wujud satriya

UJI KOMPETENSI

SEMESTER GENAP

I. Pilihen wangsulan sing paling bener!

1. Bedane basa kang dianggo ing teks sastra lan teks non sastra yaiku....
   a. Teks sastra akeh nggunakake tembung entar lan simbol-simbol dene teks non sastra nggunakake tembung kang tegese lugas lan faktual (apa anane).
   b. Teks sastra akeh nggunakake tembung denotasi lan simbol-simbol dene teks non sastra nggunakake tembung kang tegese lugas lan faktual (apa anane).
   c. Teks sastra akeh nggunakake tembung kang multi tafsir dene teks non sastra nggunakake tembung kang ditegesi sapa wae padha.
   d. Teks sastra akeh nggunakake basa resmi lan simbol-simbol dene teks non sastra nggunakake basa ora resmi
   e. Teks sastra rakitane tembunge lumrah wae dene teks non sastra rakitane tembunge nuwuahake wirama (musikalitas)
2. Titikane teks non sastra yaiku....
   a. Wujud reriptan nganggo basa kang endah lan gampang dimangerteni.
   b. Wujud reriptan nganggo basa kang agung, lungit lan isine jero
   c. Wujude reriptan nganggo basa endah, ngemu wirama, wirasa panyurasane gumantung sing maca.
   d. Wujud reriptan kang isine kasunyatane lan kaendahane urip ing ndonya,nuwuhake pamikat.
   e. Wujud reriptan nganggo basa kang ngemu teges wantah lan isi bab kasunyatan.

3. Ukara ing ngisor iki kang tetembungane ngemu teges ora salugune yaiku ....
   a. He, lungguhmu aja jigang kaya ngono kuwi ora sopan, tur ora pantes disawang.
   b. Sapa sing rumangsa salah, wis samestine kudu gelem ngakoni salahe, becike banjur njaluk pangapura.
   c. Nalika tekan papan kang dituju, bocah wadon mau gage-gage mudhun, terus mlebu omah cet biru.
   d. Pancen pantes yen dadi patuladhan, dhasar ayu rupane, sumunar cahyane, gandhes luwes solah bawane.
   e. Cahyane lampu sokle cumlorot madhangi dalan sing diliwati, lan papan sakiwa tengene, nganti katon watu gedhe-gedhe kang njegreg kaya tugu.
4. “Swandagni, sira anakku mbarep sing tak gadhang-gadhang bisa ngreksa kawibawaning wong tuwa. Tampanana kerisku iki, mangkata menyang kutha raja Maespati. Golekana ibumu. Yen wis ketemu, keris iki kudu kokumbah nganggo getihe ibumu Dewi Renuka.” Kang nuduhake manawa pethikan iku kalebu teks sastra yaiku....
   a. Swandagni, sira anakku mbarep sing tak gadhang-gadhang.
   b. Dak gadhang-gadhang bisa ngreksa kawibawaning wong tuwa.

c. Tampanana kerisku iki, mangkata menyang kutha raja Maespati.
d. Keris iki kudu kokumbah nganggo getihe ibumu.
e. mangkata menyang kutha raja Maespati; golekana ibumu

5. Dewi Sedhah Merah kaya-kaya pupus atine kanggo mecaki dina-dina ing lembaraning uripe. Senajan wis ora kurang-kurang anggone adipati Siung Laut nggedhekake atine putrine, nanging sekaring kedhaton kadipaten Blambangan kuwi kaya-kaya saya kelem jroning panalangsa.

   Tetembungan kang ngemu surasa ora salugune ing pethikan teks kasebut yaiku....

   a. Dewi Sedhah Merah kaya-kaya, pupus atine, kadipaten Blambangan
   b. pupus atine, lembaraning uripe, nggedhekake atine
   c. wis ora kurang-kurang, sekaring kedhaton, kelem jroning panalangsa
   d. pupus atine, adipati Siung Laut, kadipaten Blambangan,
   e. wis ora kurang-kurang, sekaring kedhaton, jroning panalangsa

6. Paragraf kang nggunakake tetembungan basa rinengga yaiku....
   a. UKS-e kudu lengkap isine sokur ana dokter pengawase sing kalamangsa nunggoni ing UKS. Kader kesehatan uga kudu ana supaya ana calon-calon penerus tenaga medis.
   b. Ing area sekolah kudu akeh wit-witan kang cukup gedhe sokur yen uga ngasilake uwoh. Wit-witan ditandur ana ing plataran ngarep, antarane gedhung karo gedhung, mburi sekolah, pinggir lapangan.
   c. Mbiyen ora ana sing nglirik, nanging saiki dadi rebutan. Kepopulerane saya tambah merga pranyata tanduran kang ber-'racun' iki manfaate akeh banget. Wiwit minangka bahan baku biodisel, tanduran pelindung, obat tradisional, pakan ternak, insektisida lan sumber pupuk.
   d. Sawise pikirane kagelar kagulung, Dewi Sedhah Merah wis manteb nedya nduwa kersame ramane yen nganti dheweke arep kadhaupake klawan patih Jathasura. Mula sekaring kedhaton ing kadipaten Blambangan kuwi tansah mbududaya golek cara supaya bisa uwal saka papan kono.
   e. Saiki sawise ndonya rumangsa kekurangan bahan organ minyak , merga cadangan minyake saya entek, manungsa bali nggunakake lenga jarak minangka bahan baker disel. Yen dibandhingake karo BBM lenga jarak luwih nguntungake merga sumbere ora bakal entek, angger gelem nandur.

Mendhung angendanu ngemuli Pertapan Jatisarana. Kembang-kembang padha alum temah gogrog, ganda arum wus ilang kesapu dening angin. Kumbang kekiter bingung bilulungan ngupadi dununging sarining memanis. Udan riwis-riwis kesisan maruta kengis saya nambahi kekes temah pepes jroning penggalih Begawan Wiragni.

7. Paragraf ing dhuwur nggambarake swasana ....
   a. Negara kang sedhih amarga mentas perang.
   b. Kulawarga kang sedhih amarga wayah wengi sepi.
   c. Batine Begawan Wiragni kang sedhih.
   d. Begawan Wiragni kang wus tuwa.
   e. Wayah wengi, sepi, udan grimis.

Satemene mbah buyut kita wis nate manfaatake lenga jarak kanggo lampu senthir. Saka ngendi mbah buyut kita sinau? Mesthine saka penjajah sing nekakake jarak menyang Indonesia lan mrentahake wong pribumi nandur . Wektu kuwi pancen lenga jarak digunakake minangka bahan 162organ lan pelumas. Sawise penjajah oncat , pribumi wis bebas nanging njur lali yen jarak kuwi kena dijupuk lengane kanggo maneka keperluan. Tanduran jarak saya suda , dadi tanduran liar utawa mung kanggo pager hidup.

8. Nalika jaman penjajahan Walanda, pendhudhuk pribumi diprentah nandur jarak ....
   a. amarga mbah buyut wis ngerti yen jarak akeh mupangate.
   b. amarga wit jarak akeh mupangate.
   c. amarga pendhudhuk pribumi ora bisa ngolah jarak.
   d. woh jarak bisa kanggo lenga senthir lan pelumas
   e. nandur wit jarak kena kanggo pager urip.

"Kaka prabu jejimating gesang kula, jejering narendra kedah tumindak adil mboten emban cindhe-emban siladan. Nadyan kulit daging piyambak menawi kaanggep lepat inggih kedah kapatrapan pidana".

9. Tegese tetembungan "emban cindhe emban siladan" ing paragraf ndhuwur, yaiku....
   a. Raja kudu tansah mbelani bebener.
   b. Narendra aja tansah tumindak adil.
   c. Narendra kudu tansah tumindak adil.
   d. Kudu menehi ukuman marang kang luput.
   e. Yen arep paring pidana dideleng dhisik sing luput sapa.

Adi kuwi tegese luwih. Dene wiyata kuwi tegese sekolah. Dadi adiwiyata kuwi sekolah sing luwih dibandhing sekolah liyane. Apane sing luwih saka sekolah liyane? Jawabane: kawigatene marang lingkungan. Yen sekolah-sekolah umume kawigatene disok marang PBM (Proses Belajar Mengajar) lan kelengkapan sarana prasarana , supaya sukses ing ujian nasional, sekolah adiwiyata kawigatene ditambahi kanggo nyaman lan lestarine lingkungan.

10. Paragraf ing dhuwur ide pokoke yaiku....
    a. Tegese adhi wiyata
    b. Wiyata kuwi sekolah
    c. Kaluwihane sekolah
    d. Kawigatene lingkungan sekolah
    e. Lestarine lingkungan sekolah

11. Mupangate nyinaoni tembang macapat ....
    a. Supaya bisa dadi waranggana.
    b. Bisa njupuk amanat lan pitutur luhure.
    c. Supaya mangerteni cengkok-ccengkoke tembang.
    d. Supaya bisa nyiapake yen ana lomba tetembangan.
    e. Amarga kita wong Jawa kudu bisa nembang Jawa.

12. Kanggo nyumurupi jinising tembang macapat, kang kudu kita waspadakake yaiku....

a. Guru gatra lan guru wilangane
b. Guru gatra lan guru lagune
c. Guru wilangan lan guru lagune
d. Purwa kanthi, guru lagu, guru gatra lan guru wilangane
e. Sasmitane, guru gatra, guru wilangan lan guru lagune

13. Sasmitane tembang Sinom yaiku, migunakake tetembungan....
    a. Nom, mudha, taruna, logondhang
    b. Sinom, respati, kingkin, taruna
    c. Taruna, kanoman, miyos, srinata
    d. Mudha, srinata, mungkur, manis
    e. Manis, raraspati, mudha, sinom
14. Kanggo nggambarake rasa pangrasa kang sdhih kita bisa ngripta tembang macapat jinis....
    a. Pangkur, Durma, Maskumambang
    b. Kinanthi, Maskumambang, Pangkur
    c. Asmaradana, Megatruh, Maskumambang
    d. Asmaradana, Durma, Megatruh
    e. Dhandhanggula, Mijil, Kinanthi
15. Nalika ngrakit tembang macapat, kajaba manut paugerane uga dibutuhake basa rinengga. Kang kalebu purwakanthi, yaiku....
    a. Ing ngarsa sung tuladha, ing madya mangun karsa
    b. Kolik priya priyagung anjani putra
    c. Wader kali sesondheran yen lepat nyuwun ngapura
    d. Mripate kaya damar kanginan
    e. Aja sok nglemah bengkah
16. Nalika ngrakit tembang macapat, kajaba manut paugerane uga dibutuhake basa rinengga. Ing ngisor iki kang ora kalebu wangsalan, yaiku....
    a. Ing ngarsa sung tuladha, ing madya mangun karsa
    b. Kolik priya priyagung anjani putra
    c. Wader kali sesondheran yen lepat nyuwun ngapura
    d. Witing pari dimen mari nggonku lara ati
    e. Klapa mudha leganana nggonku nandhang brangta

//Hawya pegat ngudia ronging budyayu/margane suka basuki/dimen luwar kang kinayun/kalis ing panggawe sisip/ingkang taberi prihatos//

17. Pitutur luhur kang bisa kadudut saka pethikan tembang ing dhuwur yaiku ….
    a. Yen bisa kasembadan kekarepane, mesthi slamet saka tumindak ala.
    b. Ora kena lumuh ing gawe, kudu sregep tumandang gawe lan bebantu.
    c. Sing tlaten lan dalane wong nesu iku saka slamet prihatin.
    d. Aja mandheg anggonmu ngudi dalan keslametan, kautaman.
    e. Ayo golek dalan slamet kanthi cara urip jujur lan prasaja.

//sekar Gambuh ping catur/kang cinatur polah kang kalantur/tanpa tutur katula-tula katali/kadaluwarsa kapatuh/katutuh pan dadi awon//

18. Pranyatan kang bener mungguh Tembang Gambuh ing dhuwur yaiku....
    a. ing sapada dumadi saka 6 gatra lan 58 wanda
    b. nggunakake tembung-tembung kawi *ping, dadi, awon, polah.*
    c. ana sengkalan kang unine *kadaluwarsa kapatuh*
    d. nggunakake purwakanthi sastra *k, l, t, r*
    e. guru wilangan lan guru lagune : *8u, 12u, 12i, 8u, 8o*

//jinejer neng wedhatama/mrih tan kemba kembenganing pambudi/mangka nadyan tuwa pikun/yen tan mikani rasa/yekti sepi asepa lir sepah samun/samangsane pakumpulan/gonyak-ganyuk nglelingsemi //

19. Adhedhasar wewatone pethikan ing dhuwur jenenge tembang ....
    a. Pangkur
    b. Asmaradana
    c. Sinom
    d. Gambuh
    e. Dhandhanggula

20. Ing ngisor iki kang kalebu tuladhane tembung saroja, yaiku ... .
    a. papa sudra,mukti wibawa, pringga baya
    b. suryaputra, baya pakewuh, ngabangake kuping
    c. ingadegken, mait madu, mblarak sempal
    d. jalwestri, dewa dewi, gunung waja
    e. sepa sepi lir sepah samun, gagah pidegsa

21. Ariani lunga menyang Eropa. Ukara kasebut yen ditulis Aksara Jawa kang bener yaiku....

    a. 

    b. 

    c. 

    d. 

    e. 

22. Usmani karo Obet ajar nembang. Ukara kasebut yen ditulis Aksara Jawa yaiku....

a. [illegible]

b. [illegible]

c. [illegible]

d. [illegible]

e. [illegible]

23. Darmono dzikir nganti khusuk. Ukara kasebut yen ditulis Jawa yaiku....

a. [illegible]

b. [illegible]

c. [illegible]

d. [illegible]

e. [illegible]

24. Insinyur Prawira mbayar karyawane 12.345.750 repes. Ukara kasebut yen ditulis Aksara Jawa yaiku....

a. [illegible]

b. [illegible]

c. [illegible]

d. [illegible]

e. [illegible]

25. ꧋ꦩꦂꦥ꦳ꦸꦮꦃ ꦩꦠꦸꦂ꧇ ꦧꦸ꧈ ꦏꦸꦭꦧꦝꦺꦤ꧀ꦝꦺꦫꦺꦏ꧀ꦗ꦳ꦶꦪꦫꦃ꧉ Ukara kasebut manawa katulis Latin yaiku....

a. Marfuah matur: Bu, kula badhe ndherek ziyarah.
b. Marpuah matur: Bu, kula badhe ndherek ziyarah.
c. Maruah matur: Bu, kula badhe ndherek ziarah.
d. Marfuah matur: Bu, kula badhe ndherek zarah.
e. Mardiyah matur: Bu, kula badhe ndherek ziyaroh.

26. ꧋ꦩꦼꦩꦪꦸꦲꦪꦸꦤꦶꦁ ꦧꦮꦤ꧉ Tegese sesanti kasebut yaiku....

a. Tansah gawe tentreme jagad.
b. Tansah gawe rubedane jagad
c. Tansah njaga kasuburane bumi
d. Aja gawe rusake bumi
e. Aja gawe perang ing bumi

27. [illegible]

Tegese ukara kasebut yaiku....

a. Wong kudu wedi getih.
b. Wong kang wedi perang.
c. Ora perlu wedi karo getih.
d. Wong kang wedi kangelan.
e. Ora teges wedi perang.

28. [illegible]

Tegese ukara ing dhuwur yaiku....

a. Supaya kabeh ngati-ati.

b. Supaya kabeh sembrana
c. Supaya kabeh prayitna lan ngati-ati
d. sing ngati-ati slamet, sing sembrana cilaka
e. slumat slumun slamet

29. [illegible] Tembung kang kagaris ngisor ing ukara kasebut tegese, yaiku....

a. kalah
b. mati
c. ilang
d. menang

30. [illegible]

Tegese tembung kang kagaris ngisor ing ukara kasebut yaiku....

a. katutan putra
b. ora duwe putra
c. kagungan putra
d. kepengin putra

II. Pitakonan ing ngisor iki wangsulana kanthi patitis!

1. Terangna titikane teks non sastra!
2. Golekana tembung panyandrane!
   a. Rambute :..
   b. Pangandikane :..
   c. Lembehane :..

3. Gatekna tembang ing ngisor iki!

Dhandhanggula
Parandene mangke sira iki,
yen den wulang dhateng ibu rama,
sok balawanan ucape,
sumahir bali mungkur,
iya iku cegahen kaki,
tan becik temahira,
donya keratipun,
tan wurung kasurang-kasurang,
tembe mati sinatru dening Hyang widhi,
siniksa ing Malekat.

Tembang Dhandhanggula ing dhuwur owahana dadi gancaran, banjur terangna isine!

4. Tembang Asmaradana ing ngisor iki terangna apa pitutur luhure!

    Aja turu sore kaki,
    Ana dewa nganglang jagad,
    Nyangking bokor kencanane,
    Isine donga tetulak,
    Sandhang kalawan pangan,
    Yaiku bageyanipun,
    Wong melek sabar narima.

5. Ukara ing ngisor kang katulis kanthi Aksara Latin, owahana dadi tulisan kanthi Aksara Jawa!

    Sawise kapedhotan tresna saiki Dewi Sedhah Merah arang-arang melu marak ing pendhapa agung kadipaten Blambangaan yen pinuju dina pisowanan.

Daftar Pustaka

Padmosoekotjo, S, 1992. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

Abikusna, 1996. *Widya Basa*. Surabaya: Ekpres

Anonim. 1948. *Karti Basa*. Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, Jakarta

Atmodjo, S. Prawira, 1996. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.

Basuki, Widodo. 2004. *Medhitasi Alang-Alang Kumpulan Geguritan*. Sidoarjo: Sanggar Zuhra Gupita

Jatirahayu, Warih dan Margono Notopertomo. *Pakartitama:Wayang Sebagai Sumber Pendidikan Budi Pekerti.* Klaten: CV Sahabat.

Kementrian Pendidikan Nasional. 2011. *Pedoman Umum Ejaan bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Bahasa

Mangunsuwito, S.A. 2002.*Kamus Bahasa Jawa, Jawa-Indonesia.* Bandung: CV. YramaWidya.

Mardi Warsito, S. 1978. *Kamus Jawa Kuna (Kawi) – Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.

Mardimin, Yohanes. 1987. *Sekitar Tembang Macapat*. Sala: Satya Watjana.

Ngafenan, Mohammad. 1995. *Paribasan, Bebasan, lan Saloka.* Solo: CV Aneka.

Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S. 1960. *Ngengrengan Kasusastra Djawa.* Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

__________. 1960. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa.* Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia:J.B. Wolter

Prawirodihardjo, S. 1980. Burat Sari. Surabaya: CV Citra Jaya.

PT. Pancaran Semangat Jaya. 1997. *Kalawarti Minngon Basa Jawa Panjebar Semangat*. Surabaya: PT. Percetakan Panyebar Semangat.

Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Budaya Jawa:Rekonstruksi Normatif Idealistis.* Malang: Aditya Media Publishing.

Sasangka Sry Tjatur Wisnu. 2011. *Bunyi-bunyi Distingtif Bahasa Jawa.*Yogyakarta:Elmatera Publishing.

__________. 2011 *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta :Yayasan Paramadina.

Sawali. 2005. *Bahasa dan Sastra Indonesia untuk SMP/MTs Kelas VIII*. Yogyakarta: PT Citra Parama Aji.

Suhono, Anton. 1953. *Reringkesaning Parasastra Jawa*. Jogjakarta: Suejadi.

Sulchan. 1991. *Serial Protokoler Contoh Praktis Pembawa Acara dan Pidato.* Surabaya: Mekar.

Suwardi. 1983. *Warisan Geguritan Macapa*t. Jakarta: PN. Balai Pustaka.